Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

K. PALÍMBETOV, P. ALLASHOV,

# ÁDEBIYAT

6-KLASS USHÍN

SABAQLÍQ-XRESTOMATIYA

*Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tastıyıqlaǵan*

*Qayta islengen hám tolıqtırılǵan úshinshi basılım*

NÓKIS
«BILIM»
2017

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UOK: 821.512.121
(075)
KBK 74.261.4
A-36

**K. Palımbetov P. Allashov. Ádebiyat.** 6-klass ushın (sabaqlıq-xrestomatiya). Nókis, «Bilim», 2017-j. 240 bet.

**UOK: 821.512.121**
**(075)**
**KBK 74.261.4**
**A-36**

? — Sorawlar

! — Tapsırmalar

P i k i r  b i l d i r i w s h i l e r:

**S.Kadirimbetova** — Nókis rayonı, 22-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń I kategoriyalı muǵallimi
**Z.Ismaylova** — Respublikalıq oqıw-metodika orayınıń qánigesi.

**«Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı».**

ISBN 978-9943-327-97-9

© **K. Palımbetov hám t.b.**
© **«Bilim» baspası, 2017**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE








*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE







*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KIRISIW

Kórkem óner áyyemgi zamanlardan beri bar. Qosıǵı, naması bolmaǵan xalıq joq. Hárbir xalıq óziniń úy ishin, ásbap-úskenelerin naǵıs hám boyawlar menen bezeydi, kiyimlerine keste saladı. Házirgi waqıtta biz ótkendegi ata-babalarımızdıń dóretken hárqıylı ónerlerin muzeylerimizde saqlap kelmektemiz.

Áyyemgi zamanlarda adamlar qosıqlar menen oyınlarǵa káramatlı nárse dep isenetuǵın bolǵan. Túrli qosıqlardıń, aytıslardıń járdemi menen adamlar mol zúráát alıwǵa, ań awlawǵa shıqqanda jaqsı oljalı bolıwǵa, kúnniń ashıq-jarıq bolıwın báhárdiń tezirek shıǵıwın tilep soǵan jetispekshi bolǵan. Dáslepki waqıtlarda kiyimge, ásbap-úskenelerge keste, naǵıs salıwdaǵı maqseti de sol bolǵan. Biziń áyyemgi ata-babalarımız quyashtı «quday» dep bilgen hám quyashtıń súwretin salsa, onıń kúshin iyelep, sonıń menen ózleri quwanıshlı, baxıtlı turmısqa jetisemiz dep oylap, soǵan isenedi eken.

Kórkem ónerdiń basqa túrleri sıyaqlı sóz óneri de adamnıń tábiyattı ózine baǵındırıw tileginen kelip shıǵadı. Sóz óneriniń baslanǵısh túri xalıq awızeki dóretpesi bolǵan. Xat jazıw payda bolǵannan soń, xalıq awızeki dóretpesi menen qatar jazba ádebiyat ta payda boladı.

Kórkem shıǵarmalar bizdi turmıs penen, adamlar menen tanıstıradı. Tek tanıstırıp ǵana qoymay, bizdi sol adamlardıń oy-sezimleri tuwralı oylanıwǵa, quwanıshına quwanıp, qayǵısın ortaqlasıwǵa, olardıń háreketleriniń jaqsı yamasa turpayı ekenligin seze biliw qásiyetlerin payda etedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kórkem shıǵarmalar bizdi ótmishtegi turmıs penen de tanıstıradı. Sol waqıttaǵı ayırım úrp-ádetler házirgi turmıs penen salıstırıladı.

Ádebiyat — arab sózi. Ol eki túrli mániste qollanıladı. Keń mániste alǵanda, basılıp shıqqan kitaplardıń bári ádebiyat bolıp esaplanadı. Biz bulardı texnikalıq ádebiyat, siyasiy ádebiyat, medicinalıq ádebiyat, biologiyalıq ádebiyat dep bóle beremiz. Al, tar mánide qollanılǵanda oǵan tek kórkem ádebiyat ǵana kiredi (roman, povest, gúrriń, poema, ballada hám t.b.).

## XALÍQ AWÍZEKI DÓRETPELERI

### Xalıq awızeki dóretpeleri haqqında túsinik

Jazba ádebiyat xat jazıwı bar xalıqlarda ǵana bolıwı múmkin. Biraq, adamlar birdeyine óz turmısın kórkem sóz benen súwretlewge, ózleriniń pikirlerin hám sezimlerin bildiriwge umtılıp kelgen. Sonlıqtan, xat jazıw júzege shıqpastan kóp waqıtlar burın-aq, hárbir xalıq awızeki túrde ertekler, naqıl-maqallar, jumbaqlar, jańıltpashlar, qosıqlar, dástanlar dóretip kelgen. Bunday awızeki shıǵarmalar áyyemgi zamanlardan beri qaraqalpaq xalqında da bolǵan. Pikirdiń mazmunına qarap sózlerdi durıs qollana alıwı kerek. Xat jazıw júzege shıqqannan keyin de xalıqtıń awızeki dóretpeleri ómir súriwin dawam etken. Sebebi, burın jazba ádebiyatqa xalıqtıń kópshiliginiń qolı jetpeytuǵın edi.

Xalıq shayırları dóretken awızeki dóretiwshilik kórkem shıǵarmalar ulıwma xalıqqa tez taralatuǵın hám geyde júz jıllar, hátte mıń jıllar dawamında awızdan-awızǵa, birewden-birewge ótip otıratuǵın bolǵan. Qosıqtı yamasa ertekti aytqan hárbir adam onıń geypara jerlerin ózgertip, taslap ketip yamasa óz oyınan qosıp aytatuǵın bolǵan. Sonlıqtan, mazmunı jaǵınan birdey bolǵan ertekti hárkim hár túrli



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

etip aytqan. Usınday mazmunı jağınan birdey bolǵan ertektiń yamasa qosıqtıń hárqıylı túrleri variant dep ataladı. Awızeki dóretpe, dáslep ayırım adamlar tárepinen dóretilgen bolsa da, xalıq dóretpesi bolıp tabıladı.

Bul shıǵarmalarda xalıqtıń awır turmısı, oy-pikirleri, arzıw-ármanları, jaqsı turmıs ushın xalıqtıń gúresi, onıń kúshi hám túbinde óziniń jeńip shıǵatuǵınlıǵına onıń isenimi kórsetilgen. Awır jaǵdaylarda adamlar jaqsı turmısqa jetisiwdi árman etken. Olardıń usı ármanları da xalıq dóretpesinde kórinedi. Poezdlar menen avtomobiller bolmaǵan erte zamanlarda adamlar jer júzinde tez júriwdi árman etken, alıs jolǵa tez jetetuǵın júyrik tulparlar, qanatlı atlar obrazın oylap shıǵarǵan. Samolyotlar payda bolmastan neshshe júz jıllar burın hawada ushıp júriwdi árman etken hám gilemge, sipsege, suymurıq qusqa minip ushıw tuwralı ertekler dóretken. Miynetkesh adamlar óz dushpanları bolǵan eziwshilerdi jeńiw haqqında qıyal etken, onı erteklerde, dástanlarda, qosıqlarda, naqıl sózlerinde súwretlegen. Máselen, erteklerde miynetkesh xalıqtan shıqqan qaharmanlar ózleriniń kúshli, aqıllı tapqırlıǵınıń arqasında eziwshilerdi jeńip shıqqanı haqqında aytıladı.

Xalıq baxıt haqqında tek árman etip qoymastan, óziniń tuwılıp ósken jeri ushın, onıń dushpanlarına qarsı shıǵıp, óziniń jaqsı turmısqa jetiwi ushın gúresken. Onı xalıq awızeki dóretpesi úlgilerinde kóriwge boladı. Xalıq watanın qorǵaǵan qaharmanlarınıń obrazları arqalı baxıt ushın gúresken, óziniń dana basshıların jırlaǵan.

Basqa tuwısqan xalıqlar sıyaqlı qaraqalpaq xalqı da bay xalıq awızeki dóretpesine iye. Xalıq dóretpeleri — naqıl-maqal, jumbaq, jańıltpash, turmıs-salt jırları, qosıqlar, ańız sózler, ertekler, qısqa tımsal áńgimeler, kúldirgi sózler hám dástanlar bolıp tabıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Salt-dástúr jırları haqqında túsinik

Salt-dástúr jırları neshe mıńlaǵan ásirler boyına úrp-ádetke, turmıstaǵı quwanısh-qayǵıǵa xızmet etken, sol ruwxtı boyına sińdirgen xalıq mádeniyatı bolıp esaplanadı.

Xalıq óziniń saltına hám dástúrlerine baylanıslı bárha qosıq dóretip otırǵan. Onı hárqanday dáwirde de jır etip aytqan, óz dástúrleri boyınsha minez-qulqın, úrp-ádetin saqlaǵan.

Salt-dástúr jırları qosıqlardan ibarat. Bunda iri waqıyalar sóz etilmeydi. Ol arnawlı anaw yaki mınaw salt-dástúrdiń shártin orınlaw ushın aytıladı. Onıń qaysı túri bolmasın óz ırǵaǵı, naması menen xosh hawazda aytıladı. Sonlıqtan onı xalıq jır etip atqaratuǵın bolǵanlıqtan «qosıq» yamasa basqasha dep atalmastan «salt-dástúr jırları» dep ataladı.

Salt-dástúr jırları barlıq xalıqlarda da bar. Ol hárbir jeke adamnıń jasaw jaǵdayında, turmısında, tutas xalıqtıń qarım-qatnasında xızmet etedi. Sonlıqtan salt-dástúr jırları xalıqtıń tariyxına, etnografiyasına baylanıslı bolıp kelip, óziniń kelip shıǵıw tariyxına iye boladı. Xalıq óziniń toyın jaqsı, qızıqlı etip ótkeriw ushın toy dástúrine ılayıqlı toy qosıqların payda etken, al, adam basına túsken qayǵı-músiybetke baylanıslı muń-sher qosıqların, balanı háyyiwlep jubatıw ushın besik jırların dóretken.

**Toy**—xalıqtıń eń úlken quwanıshınıń biri. Toylardıń túri kóp. Mısalı, qız uzatıw toyı, bala úylendiriw toyı, súnnet toy, jay toy t.b. Usılardıń ishinde eń úlkeni hám qızıqlısı ulın úylendiriw toyı. Onda múmkinshiliginshe xalıqtıń barlıq úrp-ádet dástúrleri qollanıladı. Xalqımızdıń toy baslaw, kelinshekke násiyat aytım bet asharları aytıladı. Toydıń baslanıwında baqsılar tárepinen dáslep toy baslaw qosıǵı aytıladı. Onıń úlgisi «Alpamıs» dástanında da berilgen. Házirgi


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

dáwirdegi toylarda «Qutlı bolsın toylarıńız» xalıq qosıǵı aytıladı.

Sonday-aq, kóplegen túrkiy tilles xalıqlardıń awızeki ádebiyatında háwjar qosıǵı bar. Háwjar xalıq arasında birde «Yar-yar», birde «Háwjar» dep te aytıla beredi.

Tiykarınan, «Háwjar» qız uzatılar aldında aytılıp, qızdıń ishki debdiwi lirikalıq qosıq qatarlarında júdá ashıq sáwlelenedi. Turmısqa shıǵıp baratırǵan qızdıń ózi tuwılıp ósken úyine, eline bolǵan saǵınıshı, kewil-keypi jırlanadı. Háwjar menen birgelikte yar-yar qosıqları da aytılatuǵın bolǵan. Uzatılayın dep atırǵan qızdı jubatıw maqsetinde yar-yar qosıqları qız jeńgeleri tárepinen atqarılatuǵın bolǵan.

Sıńsıw qız uzatılıp keter aldında qız tárepten aytılǵan. Mısalı, háwjar qosıǵı uzatılatuǵın qızdıń dosları, qurdasları menen aytılsa, sıńsıw uzatılatuǵın qızdıń jeke ózi tárepinen atqarıladı. Burın xalıq dástúrinde qızdı uzatıp alıw, uzatıp beriw, ayttırıp alıw qusaǵan el dástúri qatań saqlanǵan. Qálegen qız uzatılıp ketip baratırǵanda muńayıp, sıńsıp qosıq aytıwı dástúrge aylanǵan.

Sonday-aq, xalıq erte zamanlarda geypara awırǵan adamlardı ótkir, sıyqırlı sózler aytıw arqalı da kesellikten emlewge boladı dep esaplap, «Bádik», «Gúlapsan» qusaǵan jırlardı payda etken. «Bádik», «Gúlapsan» qosıqlarınıń arnawlı atqarıwshıları bolǵan. Onı «bádikshi», «gúlapsanshı» dep ataǵan. «Bádik» kóbinese er balalar awırǵanda, al «Gúlapsan» qız balalar awırǵanda aytılǵan. Bádik hám gúlapsan aytıwshılar burınnan yadlap alınǵan tayın qatarlardı aytadı. Áyyemnen qaytalanıp kiyatırǵan turaqlı qatarlar awızdan-awızǵa kóship saqlanǵan. Sebebi, bul jırlar arqalı sózdiń kúshi menen awırıwdı jeńillestirip, awırǵan adamnıń kewlin alǵan.

Usınday aytımlardıń biri yaramazan aytıw dástúri. Yaramazan musılmanshılıqtıń bir shárti bolǵan otız



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kún orazanıń basında, aqırında balalar tárepinen aytılǵan. Olar bir topar bolıp, geyde atlı júrip toparlasıp aytqan. Oraza ayı — qayır-saqawat ayı bolǵanlıqtan yaramazannıń payda bolıwı da adamlardıń saqıylıǵın, miyrim-shápáátin sınaw menen baylanıslı payda bolǵan bolsa kerek. Yaramazannıń tiykarǵı mazmunı jaqsı tilekler menen tolı. Solardıń ishinde adamlardıń qurǵın jasawı, perzentli bolıwı, oylaǵan tilekleriniń orınlanıwı negizgi baǵdarın quraydı.

Salt-dástúr jırları qaysı dáwirde dórese de sol zaman ruwxın jırlaydı, jámiyetlik ómirdiń anaw yamasa mınaw tárepin bayanlaydı. Ol dáwirge qaray, onıń talaplarına sáykes ósip-rawajlanıp baradı.

Hárbir salt-dástúr jırları túrli dáwirlerdi basınan keshirip, ózine tán mazmun hám kórkemlilik qásiyetin toplap, áwladtan áwladqa ótip kelgen. Bul jırlar xalıq awızeki dóretpesiniń ishinde úlken orın iyeleytuǵın belgili janr. Xalqımız onı ásirler boyına atadan balaǵa miyras etip qaldırıp, toyın hám basqa da jıyınların sonıń menen atqarǵan. Ol awızdan awızǵa kóship, óz boyına salıstırıw, teńew, metafora usaǵan kóp ǵana kórkemlew qralların jámlegen.

Sonlıqtan ol kóbinese aytıwǵa qolay, tili jeńil, tez yadta qalatuǵın, tásirsheń qatarlar bolıp keledi. Sonıń menen qatar salt-dástúr qosıqlarınıń qaysı túrin alıp qarasań da tereń mazmunǵa iye. Onıń hárbir qatarı tárbiyalıq áhmiyetke iye. Ol qaysı dáwirde bolsa da xalıq turmısın belgili dárejede sáwlelendiredi. Bul jırlar qaraqalpaq xalqınıń ózi menen birge jasap, onıń úrp-ádetin, sanasın, miynetin, turmıs jaǵdayın, geografiyalıq ortalıǵın, milliy mádeniyatın, ómir tariyxınıń belgilerin kórsetetuǵın janr bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq salt-dástúr jırların óziniń ishki mazmunına qarap, tómendegidey túrlerge bólip qarawǵa boladı:

1. Toy jırları: toy baslaw; aytım (kelinshekke násiyat aytım;), bet ashar;


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2. Muń-sher jırları: joqlaw; sıńsıw; háwjar;
3. Besik jırı.
4. Aytımlar: bádik; gúlapsan; yaramazan;

## Bádik

Haw, bádik, kósher bolsań dúzlerge kósh,
Qasın qaǵıp, qabaǵın súzgenge kósh,
Bunnan jaylaw tappasań men aytayın,
Bul dúnyadan gúderin úzgenge kósh.

Haw, bádik, kósher bolsań boyanǵa kósh,
Topıraq jalap toymaǵan shayanǵa kósh,
Onnan jaylaw tappasań men aytayın,
Kishkeneniń júyrigi qoyanǵa kósh.

Aytayın, al ayt deseń bádik obar,
Em bolar dárttiń basın táwip tabar.
Haw, bádik, kósher bolsań biylerge kósh,
Xannan alǵan shekpenin saǵan jabar.

* * *

Bádik ala,
Bádikti keshiregór, allatala,
Bádikti keshirmeseń allatala,
Keynińnen jiberemen otlı shala.

Ne boldı bul bádikke qızıl jawıp,
Biri qısqa, biri uzın qosılǵan bar.
Bas jaǵınan bádikti aytqanımda,
Ayaq ushına ketpey me attay shawıp.

? 1. Bádik xalıq awızeki dóretpeleriniń qaysı túrine kiredi?

1. Bádikti yadlaw arqalı onıń atqarılıw sheberligin túsindiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Gúlapsan

Gúl gúlapsan, gúlapsan, gúl emes pe?
Poshsha torǵay sheńgelge túnemes pe?
Bes-altı awız gúlapsan ayta qoysań,
Jımıyıp ayaq ushtan jónemes pe?

Gúlapsan da, gúlapsan, gúlapsanday,
Gúlapsan qaydan kelgen ulasqanday,
Kelgende kósherine iyt gúlapsan,
Kórisip ákesi menen jılasqanday,
Kórisip sheshesi menen jılasqanday.

## Yaramazan

Yaramazan ayta keldik esigińe,
Qoshqarday qos ul bersin besigińe,
Taǵısın taǵı bersin nesiybeńe,
Muhammed úmmetine yaramazan.

Mınaw úydiń ergenegi shapshaq ǵana,
Úyinde bir jeńgem bar appaq ǵana,
Maǵan oramal túyipti saqlap ǵana
Muhammed úmmetine yaramazan.

Mına awılda bir aǵash bar bası kúygen,
Usı úyde bir jeńgem bar quday súygen,
Yaramazan aytıp kelgen biz, ballarǵa,
Elpildep haq kókiregi jáne iygen.

Mınaw úydiń erbeńler ergenegi,
Úyinde altın besik terbeledi,
Yaramazan aytqanlarǵa ne beredi?
Muhammed úmmetine yaramazan.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Joqlaw

Qaraman degen qattı aǵash,
Qayrılmas-aw, dep edim,
Ákeden tuwǵan altı perzent,
Ayrılmas-aw, dep edim.

Hawada ǵazlar parlasa,
Jerde qarlar suw bolar,
Bawırım, dep jılasam,
Kózimniń jası kól bolar.

Qara bir tawdıń júyesi,
Jayılar baydıń túyesi,
Salıwlı tósek salqın úy,
Kim bolar bunıń iyesi.

Úy aylana shiy tuttım,
Keler me dep kóz tiktim,
Kelmesin onıń bilgen soń,
Zapıran qusıp, qan juttım.

## Háwjar

Qoy súyedi balasın,
Qozım-aw, dep háwjar.
Hesh nárseni kórmegen,
Bozım-aw, dep háwjar.

Uzatqanda qız jılar,
Óksip-óksip háwjar.
Qáne meniń qızdaǵı
Nazım-aw, dep háwjar.

Patsha basım men ózim,
Ilgir edim háwjar,
Jalǵız aǵam barında,
Bilgir edim háwjar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qarshıǵanıń qanatı,
Talarmeken háwjar.
Íǵbal waqtım ol úyde,
Janarmeken háwjar.

Barǵan jerim shadlıqqa,
Tolarmeken háwjar.
Jat jurtlar óz elimdey
Bolarmeken háwjar.

## Sıńsıw

Qaladan alǵan shar aynam
Sındırmay qalay saqlayın,
Aynalayın — jan anam,
Aq sútińdi qalay aqlayın.

Hawada torǵay ushıp júr,
Palapanı erip júr,
Aynalayın bawırlarım,
Saǵındırmay kelip tur.

Aq kóylek kiydim búrmeshe,
Oynawshı edim ólgenshe.
Xosh aman bol, jeńgejan,
Endi aylanıp kórgenshe.

Shını sháynek keselep,
Shay demler edim eselep,
Qızım bar, qızım dewshi ediń
Xosh aman bol, shesheler.

Shalqayıp ósken shańlaǵım,
Buralıp ósken bosaǵam,
Tuwısqan-tuwǵan, qurbılar,
Xosh bolıńlar kórgenshe,
Eli-jurtım, aǵalar.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Toy baslaw

Qutlı bolsın toylarıńız,
Toylarıńız, toylarıńız,
Baǵ ishinde jarasadı,
Gúl jamılǵan boylarıńız.

Biz otırmız toyxanada,
Baxtıńız bolsın zıyada,
Hawazlar jańlap dúnyada,
Qutlı bolsın toylarıńız.

Qumanıńda shay qaynasın,
Qazanıńda may qaynasın,
Tórinde bóbek oynasın,
Qutlı bolsın toylarıńız.

* * *

Toy degen quwanıshtıń bası bolar,
Toy dese quwrap qalǵan bas jumalar,
Bul toydı qosıq penen baslayın men,
Sıylıqtı tóge beriń, jan aǵalar.

Toyıńız qutlı bolsın deymen taǵı,
Úkemniń jaynay bersin baxıt baǵı,
Jigitler, qızdırıńlar merekeni,
Saz shertip, qosıq aytar keldi waǵı.

Toy dáwlet, dárya kibi tasa bersin,
Dáwletiń jıldan-jılǵa asa bersin,
Toyıńdı shalqıp ótker, Esen aǵa,
Saqıy dep atıń shıqsın, eliń bilsin!

## Bet ashar

Kelin keldi kórińiz,
Kórimligin berińiz,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ala-ǵula demeńiz,
Atın aytıp qoymańız,
Kelin, kelin, kelińiz,
Qutlı bolsın elińiz,
Elińizge ber, bir sálem.

Jurt asıp kelgen kelinjan,
Awırlıqtı moynıńa al,
Aldıńda turǵan elattıń,
Úlken-kishi xalqı bar,
Buǵan beriń, bir sálem.
Húrmet etseń xalıqtı,
Muradıńa jeterseń.

Turpatıńa qarasam,
Pákize ǵana boyıńız,
Boyıńızǵa ılayıq,
Aqıl menen oyıńız,
Uwayım menen qayǵını,
Kewlińizden joyıńız,
Qolına-qolın uslaǵan,
Qálegenińe qosılıp,
Qutlı bolsın, kelinshek,
Quwanıshlı toyıńız.

Eki jaqsı bas qossa,
Birin-biri qıymaydı,
Eki jaman bas qossa,
Bir elatqa sıymaydı,
Ádepli bolıń, kelinshek,
Úlken bolsın túyiniń,
Qızıq bolsın jıyınıń.
Há, kelinshek, kelinshek,
Túske deyin uyqılap,
Bola górme erinshek,
Shaqırmaǵan úylerge,
Baragórme, kelinshek.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Irgege qarap kóp sóylep,
Sıńqıldama kelinshek,
Úy artına tez shıǵıp,
Tıń tıńlama, kelinshek.

Belinde bar potası,
Sózinde joq qátesi.
Anaw turǵan atańız,
Atańızǵa ber bir sálem,
Anaw turǵan eneńiz,
Qara jerde kemeńiz,
Qattı-qayırım sóz aytsa,
Seniki jónsiz demeńiz,
Eneńizge ber bir sálem.

Tórde otırǵan atańız,
Sın beredi tóredey,
Qasında otır eneńiz,
Shayqalmaydı kemedey,
Húrmetine bulardıń,
Iyilip sálem berińiz.

Anaw turǵan qáynińiz,
Tayın attan báygińiz,
Qáynińizge ber bir sálem.
Sút ústinen súzgen qaymaq,
Dónip turǵan gúldey jaynap,
Tilla qońıraw ǵumsha baylap,
Hayran qalǵan awıl-aymaq,
Biykeshińe ber bir sálem.

Atsa mıltıq tiygizgen,
Quralay áńnıń kózine,
Qulaq sal, kelin, sózime,
Sebep penen keldik toyıńa,
Qatardan men de qalmayın,
Sálem et iyilip ózime.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Besik jırı

Háyyiw-háyyiw, qaraǵım-aw,
Ayday bolǵan shıraǵım-aw,
Jurt súymese súymesin-aw,
Ózimniń súygen aydayım-aw.

Háyyiw-háyyiw, haydası-ay,
Qashan tiyer paydası-ay,
Oqıp adam bolǵan soń-ay,
Sonda tiyer paydası-ay.

Háyyiw-háyyiw, aq bópem-ay,
Aq besikte jat, bópem-ay,
Apań toyǵa ketkende,
Jılay kórme, sen, bópem-ay.

Aynalayın appaǵım-ay,
Qızlar kiygen qalpaǵım-ay,
Qatarıńnan kem bolmay-ay,
Ashılǵay balam, bul baxtıń-ay.

Aynalayın degende,
Aylar kóship baradı,
Qaraǵım meniń degende,
Kúndey kúlip baradı.

Meniń balam tayınshaq,
Jal quyrıǵı bir qushaq,
Terbenbestiń boyında,
Shawıp júrgen qulınshaq

Háyya, háyya appaǵım,
Gúl ishinde japıraǵım,
Qozım meniń gúl bolǵay,
Jıynaǵanım toy bolǵay,
Toyım toyǵa ulasqay,
Dáwlet kelip ornasqay.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Qosıqlardıń mazmunı nege qaratılǵan?
2. Salt-dástúr jırların ne ushın xalqımız paydalanǵan?
3. Yaramazan qay waqıtları aytılǵan?
4. Bet ashar qaysı jıyında aytıladı?
5. Besik jırınıń mazmunı neni sóz etedi?

1. Bul qosıqlardıń basqa salt-dástúr jırlarınan ayırmashılıǵın sóylep beriń.

## QARAQALPAQ XALÍQ QOSÍQLARÍ

Qaraqalpaq folklorlıq shıǵarmanıń ishinde qosıq janrı jetekshi orındı iyeleydi. Adam óziniń quwanıshlı kúninde de, qayǵılı kúninde de qosıqsız ómir keshirmegen.

Qaraqalpaqlar qosıqqa bay xalıqlardıń biri. «Qaraqalpaqlar», — sahradaǵı birinshi shayırlar hám qosıqshılar dep Sh.Wálixanov biykarǵa aytpaǵan.

Xalıq qosıqlarınıń teması hár qıylı. Bunda batırlıq, mártlik, adamgershilik muhabbat hám tábiyat temaları pútkilley aralasıp ketken. Geybir qosıqlarda taw hám jer atamaları menen baylanıslı lirikalıq sezimler baslı orındı iyeleydi.

Qaraqalpaq xalıq qosıqları teması hám ideyası jaǵınan ǵana emes, al kórkemligi jaǵınan da tereń bayanlanǵan xalıq poeziyasınıń qaytalanbaytuǵın miyrasları bolıp esaplanadı.

### Aǵları

Báhárdiń paslında jaz jaylawında,
Oqır búlbúlleri ǵázzel aǵları
Erigi, alması, ánjir, anarı,
Pisip tur kántiniń qurma baǵları.

Diyqanshılıq áyler eli-erbabı,
Jigitleri bardur Rústem — erbabı,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Gózzalları kiyer zerli — zerbabı,
Xojası, seyiti gózzal ağları.

Sháhárine nar kárwan shegiler,
Jerlerine túrli egin egiler,
Bağlarınan túrli jemis tógiler,
Ala qarlı Hásen xannıń dağları.

Mutabar sháhriniń orda — kantleri,
Ashıq bolǵan sheker júzmıń dártleri,
Sarı kishmishleri bardur qantları,
Hámranıń kewlinde Sárbi dağları.

## Qızlar úyge kir

Qaratal jağısı biydiń kemesi,
Ǵosh jigittiń qızdan bolar dámesi,
Aldında jol baslar sárdar jeńgesi,
Qızdır merekeńdi, qızlar úyge kir.

Kir degende kirmey turmań uyalıp,
Túrmeniń sırtınan aydınlı shalıp,
Dilwar jeńgeńizdi aldıǵa salıp,
Qızdır merekeni qızlar úyge kir.

Qızlardıń ishinde senseń qızıl gúl,
Qızıl kórse qızıp keter shiyrin til,
Bir gáp ayttım endigisin óziń bil,
Qızdır merekeni qızlar úyge kir.

## Qaraqalpaq

Táriypiń baslanıp massaget, saktan,
Qay jerde bolsań da sen jandıń haqtan,
Tariyxıńdı oqıp kórdim hár jaqtan,
Hár ásirde sarsań bolǵan qaraqalpaq.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bir atıń noǵaylı, bir atıń qıpshaq,
Barlıǵında barsań tariyxtı uqsaq.
Jawgershilik bárha baxtıńdı tusap,
Miyrasların oyran bolǵan qaraqalpaq.

Basıp óttiń tiken, shatlı jollardan,
Dushpanıń ayırdı qatın-ballardan,
Qorlıq kórdiń neshshe patsha, xanlardan,
Saǵan bir kelmedi dáwran qaraqalpaq.

?

1. «Aǵları», qosıǵında xalıqtıń milliy ózgesheligi, baǵı-jemisleri qalayınsha óz sáwleleniwin tapqan?
2. «Qızlar úyge kir» qosıǵı qanday dástúrge baylanıslı aytılǵan?.
3. «Qaraqalpaq» qosıǵındaǵı xalıqtıń ótmishtegi tariyxı qalay súwretlep berilgen?

## XALÍQ RÁWIYATLARÍ

Qaraqalpaq xalqı awızeki ádebiyatqa oǵada bay xalıqlardıń biri. Solardıń ishinde proza menen bayanlanatuǵın kórkem dóretpeler ayrıqsha orın iyeleydi. Olar xalıq prozası dep ataladı. Xalıq prozasın óziniń aytılıwı, mazmunı, syujetine qaray ilimde ańız, ápsana, mif, legenda, bolmıs, ráwiyat hám taǵı basqa atlar menen ataydı.

Ráwiyatlar tariyxıy orınlarǵa, tariyxta jasaǵan adamlarǵa, tariyxıy bolǵan waqıyalarǵa baylanıslı kóterińkilik penen aytılatuǵın hám mazmunında qıyalıy súwretlewleri bar awızeki áńgimeler. Usı belgileri menen ráwiyatlar xalıq prozasınıń basqa túrlerinen ayrılıp turadı.

Xalıq arasında Qońırat, Xojeli, Shımbay, Tórtkúl, Ketenler, Gúldirsin hám taǵı basqa qalalardıń payda bolıwı haqqında da birneshe ráwiyatlar bar. Dárya, kóllerdiń atına baylanıslı da birneshe ráwiyatlar dóregen. Mısalı, Ámiwdárya, Qızketken, Súwenli kanalı, Altınkól, Qanlıkól t. b. Ayırım gúmbezlerdiń atına


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

baylanıslı da ráwiyatlar bar. Mısalı, Nazlımxansulıw, Tórebek xanım hám basqalar.

Xalıq arasında usı kúnge shekem ótkendegi ataqlı adamlar haqqında ráwiyatlar saqlanıp keledi. Mısalı, Iskender Zulqarnayn, Shıńǵısxan, Ámir Temur, Nawayı, Hákim Ulıqpan t.b. tuwralı da dóretilgen ráwiyatlar bar.

Kóp ǵana ráwiyatlar ataqlı biyler, batırlar, jıraw, baqsı, shayırlar tuwralı da dóretilgen. Mısalı, Maman biy, Aydos biy, Erejep biy, Ernazar biy, Tóre biy, Turım biy, Amanbay batır, Ótesh batır, Soppaslı Sıpıra jıraw, Nurabılla jıraw, Berdaq shayır hám taǵı basqalar haqqında. Usı atamadaǵı ráwiyatlardıń hámmesinde de haqıyqat tariyxta bolǵan, jasaǵan tariyxiy tulǵalardıń atlarına baylanıslı kórkem etip dóretilgen áńgimelerdi bayqaymız.

Solay etip, xalıq arasında dóregen ráwiyatlardıń birewleri bir xalıqtıń arasında keń taraǵan bolsa, al birewleri pútkil dúnya xalıqları arasında da tarawı múmkin.

Ráwiyatlar qanshelli dárejede qıyal hám kóterińkilik penen dóretiliwine qaramastan ózleriniń tariyxıylıǵı menen ayırılıp turadı. Mısalı, qaraqalpaq xalqınıń tariyxında jasap ótken Maman biy, Turım biy, Erejep biy sıyaqlı taǵı basqa da ataqlı biyleri haqqında, olardıń ómir jolındaǵı ayırım tariyxıy haqıyqatlıqlar kórkemlik penen bayanlanıp, qızıqlı ráwiyatlar dóregen. Bul ráwiyatlarda da olar tereń aqıl-oy, tapqırlıq, dilwar, sózge sheshenlik, batırlıq, sóz jarısında albırap saspaytuǵın sabırlılıq sıyaqlı qásiyetlerdi óz boyına jámlegen adamlar bolǵanlıǵı haqıyqatlıq penen sóz etiledi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# Maman biy

Maman biy óz zamanınıń júdá aqıllı adamı bolǵan. Onnan danalıq sózlerdi esitip turıwdı adamlar árman etedi eken.

Medirese saldırıp atırǵan bir baydıń awılına kiyatırǵan Maman biy baydıń úyine barmay, qaytıp ketkende, bay onıń izinen barıp, ne ushın kelmey ketkenliginiń sebebin soraydı. Sonda Maman biy qasındaǵı eki joldasınıń ıqtıyarına qaratpay onı alıp ketkenligin aytqanda, bay bunıń mánisine túsinbeydi. Siziń qasıńızda eki joldasıńız kórinbeydi ǵoy,— dep isenbeslik bildiredi.

Sonda Maman biy qasındaǵı «ǵarrılıq» penen «jarlılıq» degen eki joldasın aytıp túsindirgende, ne derin bilmey, sózden jeńilgen bay úyine qaytıp ketedi. Bunda Maman biy: «Sóz tapqanǵa sharam joq», — degendey, joq jerden dálilli sóz tawıp, isinip, ókpelep kiyatırǵan baydan biymálel qutılǵan.

Qaraqalpaqlar Jańadáryadan Xorezmge kóship kelerinde ruqsat alıw ushın, Xiywanıń xanı Mádreyimge birneshe adamların jiberedi. Bul adamlar xanǵa barıp: «Bizlerdi óz puqaralarıńız etip alıń»,— dep soraydı. Sonda xan: «Men sizler menen sóylespeymen. Maǵan sizlerdiń basshıńız kerek. Sizlerdi kóshkende baslap júretuǵın, aqıl beretuǵın, basshılıq etetuǵın adam bar. Maǵan sol adam kelsin», — dep kelgen adamlardı qaytarıp jiberdi.

Xanǵa kelgen adamlar bul awhaldı eliniń basshısı, aqıl bereri Maman biyge aytadı. Ol waqıtları Maman biy qartayǵan edi. Solay bolsa da, Maman biy atlanıp xanǵa ketipti.

Maman biy xannıń aldına barǵan waqıtta xan oǵan: «Sizge meniń úsh sorawım bar»,— depti. Maman biy: «Aytıńız», — depti.

— Sózdiń anası ne? Suwdıń anası ne? Joldıń anası ne? — depti xan.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— Sózdiń anası — qulaq. Suwdıń anası — bulaq. Joldıń anası — tuyaq. Siziń sorawlarıńızdıń juwabı usı boladı, — dep durıs sheshipti.

Xannıń sorawın sheship bolǵannan keyin: «xanımız, siziń xanlıǵıńızǵa shaǵımım bar», — depti.

Xan:

— Ne ushın, sebebin aytıń? — dep sorаptı.

Sonda Maman biy:

— Sebebi kózińiz benen kórmey, qulaǵıńız benen esitpey-aq jazıqsız janlardı darǵa asa beresiz. Qulaq penen kózdiń arası tórt eli-aq ǵoy, taqsır, — depti.

Maman biydiń júdá aqıllı ekenligin túsingen xan arjaǵın ayttırmay-aq:

— Men túsindim. Siziń xalqıńız meniń puqaralarım boladı. Siz sol xalıqtıń basshısı bolasız, — dep Maman biydi sarpaylap qaytarıptı.

## Erejep biy

Erejep biy 1880-jıllarda 70 jaslardaǵı adam bolǵan. Ol qaraqalpaqlardıń qıpshaq ruwınan bolıp, kútá ótkir, jedelli, sınshıl, gápti tuwrı aytatuǵın bolǵanlıqtan oǵan «tentek» dep laqap bergen. Házir Shımbay qalasınıń kúnshıǵısında elege deyin Erejep biydiń qalasınıń ornı bar. Onıń shardáresi* Shımbay qalasınıń arqasında Jalpaq jap degen mákanda bolǵan. Erejeptiń shardáresiniń jalpaq japtaǵı ornı elege deyin bar, ol 1920-jıllarǵa shekem pútin bolǵan. Keyingi jılları ol mákandı birneshe mártebe suw alıp shardáreden tek ǵana dúmpek qaldı.

Erejep tentek Ómirbek laqqı menen zamanlas hám dos bolǵan.

* Shardáresi — tórt tárepinen de esik qurılǵan bólme.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Erejep biy uzın boylı adam bolıp, uzın kirpikleri kózin jawıp turadı eken. Adamlar erjetip kiyatırǵan balaların, bayraqqa shabatuǵın atların Erejep tentekke alıp kelip sınatadı eken. Erejep qolı menen kirpigin joqarı kóterip turıp:

— Seniń mına balań adam boladı, yaki adam bolmaydı, — dep baha beredi eken.

Toy-tamashalarda bayraqqa atlar ketkende Erejep tentektiń «mına at ozıp keledi, dep baha bergen atı bayraqtan ozıp keledi eken» — deydi.

Xiywanıń xanı bir kúni qaraqalpaqtıń biyleri bolǵan Qabıl beglerbegini, Oraz atalıqtı, Ádil atalıqtı hám Erejep tentekti aldına shaqırıp alıp, olardan:

— Qaraqalpaqta qaysıńız zorsızlar? — dep soraydı.

Sonda Erejep tentek hámmesinen burın turıp:

— Xanımız, men aytayın, — deydi.

Xan:

— Qáne, aytıń, — dep ruqsat etedi.

Sonda Erejep tentek:

«Xan qasında Qabıl zor,
Ógizlikke Oraz zor,
Sheshenlikke Ádil zor,
Maylı sheńgelden* ótken soń,
Bárinen de dákeń zor»,

— dep xannıń sorawına juwap beredi. Erejep tentektiń bılay dep aytıwınıń sebebi, Qabıl begler begi xannıń oń qaptalında, Oraz atalıq shep qaptalında, al Ádil atalıq bolsa xannıń qaq mańlay aldında otırıp alıp, Erejep tentektiń sózin óre bastırmaydı eken. Ishinen kúyinip júrgen Erejep sóz kelgende sózden

*Maylı sheńgel — qaraqalpaq xalqı Xiywa xanlıǵı menen shegaralasqan jer.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qaytpay, usı sózdi aytqanda, qansha sheshen bolsa da tawıp aytılǵan bir awız sózge qaytarıp juwap ayta almay, barlıǵı da jeńilip qaladı. Bundaǵı xannıń maqseti, birinshiden, olardıń aqıllı dilwarlıǵın, sózge sheshenligin sınap bilmekshi bolsa, ekinshiden, elinde qaysısınıń abıroyınıń kúshli ekenligin ańlamaqshı bolǵan.

## Turım biy

Turım biy qaraqalpaqlarda atı shıqqan biy bolǵan. Ol Xiywa xanınıń aqılgóyi bolıp, xan qasında otırǵan adamlardıń biri eken. Xannıń pármanı menen ol biylerdiń ústinen qaraytuǵın biylerdiń biyi bolıp tayınlanǵan.

Qaraqalpaqlar arasındaǵı daw-jánjel máselelerin Xiywa xanına barıp sheshiwde Turım biy jaqsı tanılǵan adam boladı. Ol qanday da bir daw máselesin uzaqqa sozıp otırmaǵan. Onı dárriw sheship, xalıqtıń alǵısın alıp otırǵan.

Qońırat ruwı menen qıtay ruwlarınıń arasında úlken tartıs bolıp, olardıń biyleri dawlasıp Xiywa xanına barǵanında xan qońırat ruwınıń altı biyin qamaqqa aladı. Bunı esitken Turım biy Xiywa xanına bılay degen eken:

«Súriw-súriw bekindi,
Bógelek quwıp mayırar.
Súyreńlegen qızıl til,
Súyegińnen ayırar»,

— degen taqsır xanımız, siz jalǵan sózge erip jazıqsız qońırattıń biylerin qamaqqa alıpsız. Haqıyqatında da, bul dawda qıtay ruwınıń biyleri gúnalı. Maǵan qońırat ruwınıń biylerin bosatıp beriń, — dep talap etedi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Xan qońırat ruwınıń altı biyin qamaqtan bosatıp, qıtay ruwınıń altı biyin darǵa aspaqshı boladı.

Qıtay ruwınıń biyi Fazıl xanǵa kelip, sonsha ótinish etse de tıńlamaydı. Bul xabardı esitken Turım biy tez xanǵa kelip, qıtaylardıń altı biyin óltirmewin soraydı. Sonda xan:

— Men altı biyińizdi bosatıp tilegińizdi orınlaǵan edim. Siz ne ushın taǵı qıtay biyleriniń arasına tústińiz? — dep soraydı.

Bul sorawǵa Turım biy:

— Oń qolım, sol qolım, bári de óz qolım qońırat ruwı menen qıtay ruwı da óz qaraqalpaǵım. Qońırat biylerine azatlıq bergen ekensiz, qıtay biylerine de sonı isleń. Eger onı islemeseńiz, onda eki ruwdıń biyleriniń barlıǵın da bir áwliyege kómiń, — dep juwap qaytaradı.

Tawıp aytılǵan bul sózge xan ne derin bilmey eki ruwdıń on eki biyin ólimnen azat etipti.

Bir kúni Turım biy Xiywa xanınıń darın kesip, xannıń pashshapları* menen xanǵa dawlasıp barǵanında xan:

— Qáne, ne ushın sen dardı kestiń? — dep soraydı.

Sonda Turım biy:

«Mádeli xannıń tusında,<br>
Turım biydiń tusında,<br>
Shiyelgen sóz sheshilgen eken,<br>
Asılǵan dar kesilgen eken», — dep ekewimizdiń artımızda sóz hám at qalsın dep kestim, taqsır, — deydi.

Xan Turım biydiń bul sheshenlik sózi ushın da onıń islegen gúnasın keshiredi.

---

* pashshapları — xannıń qasında xızmet etiwshi áskerler



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Xan aldında bul biyler ne sebep taysalmay sóylegen?
2. Maman biy Mádreyim xannıń bergen úsh sorawına qalay juwap berdi?
3. Erejep xanǵa «Bárinen de dákeń zor» degende neni názerde tutqan edi?
4. Turım biy qaraqalpaqtıń biylerin xannan qalay aman alıp qaladı?

1. Xalıq ápsanalarına aynalǵan qaraqalpaqtıń úsh biyiniń unamlı táreplerin aytıp beriń.
2. «Bilgen tawıp sóyler, bilmegen qawıp sóyler» naqılınıń mánisin túsindiriń.
3. Ózlerińiz Aydos biy tuwralı aytılǵan ápsanalardı oqıp alıń.

## DÁSTANLAR HAQQÍNDA TÚSINIK

Qaraqalpaq hám basqa xalıqlardıń awızeki dóretpeleriniń ishinde dástanlar úlken orın tutadı. Dástanlar xalıqtıń talabın, ármanın, umtılıwların óz ishine alıp, pútini menen bir eldiń, xalıqtıń jırın jırlawǵa qaratılǵan. Dástanlarda kóbinese xalıq óziniń watandı súyiwshiligin, ádillik hám batırlıǵın jırlaydı. Watandı dushpanlardan qorǵawda qaharmanlıq kórsetken batırlar jırlanadı.

Dástanlarda xalıqlardıń óz watanın súyiwshiligi haqlıq hám ádilliktiń jeńiwi úlken isenim menen súwretlenedi. Bul dástanlar xalıqtı dushpanlarına qarsı gúresiwge hám watandı qorǵawǵa shaqıradı.

Dástanlar bizge kóp zamanlardan beri áwladtan áwladqa, awızdan awızǵa ótip kelgen hám usı kúnge shekem saqlanıp qalǵan. Ertek hám qosıq sıyaqlı dástanlar da xalıq poeziyası bolıp esaplanadı.

Dástanlar tiykarınan qosıq túrinde hám azı-kem prozalıq bayanlaw tiykarında dóretiletuǵın shıǵarmalar. Ádette, olardı baqsı, jırawlar jırlaydı. Qaraqalpaqstannıń barlıq jerlerinde, ásirese, Shımbay, Xojeli rayonlarında talantlı baqsı, jırawlar kóp bolǵan. Olardan Qurbanbay, Xojambergen, Nurabulla, Qıyas hám taǵı basqalar.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Dástan aytıwshı baqsı, jırawlar dástandı duwtar yamasa qobız benen túrli namaǵa salıp atqarǵan.

Ádette, baqsılar dástanlardı diyqanshılıq isleri pitkennen keyin keshqurınları aytqan. Olardı xalıq kútá húrmetlegen.

Qaraqalpaq xalqınıń awızsha atqarılatuǵın dástanları kólemi jaǵınan 5 mıń qatardan 20 mıń qatarǵa shekem jetedi. Dástanlar bay waqıya, keń mazmunǵa iye bolıw menen qatar janrlıq jaqtan da hár qıylı boladı.

Dástanlardı izertlewshi alımlar qaraqalpaq dástanların qaharmanlıq, liro-epikalıq, sociallıq-turmıslıq hám tariyxıy dástanlar dep 4 ke bóledi. Bular formalıq jaqtan bir-birine uqsas bolǵan menen waqıya qurılısı hám syujetlik mazmunı boyınsha bir-birinen ayırılıp turadı.

Qaharmanlıq dástanlarda tınısh otırǵan elge, sırtqı dushpanlardıń topılısı, olarǵa qarsı xalıq batırınıń gúresi sóz etiledi. Mısalı, «Alpamıs», «Qırq qız», «Qoblan» hám basqa dástanlar. Al liro-epikalıq dástanlarda shańaraq qurıw, turmıslıq másele sóz boladı. Buǵan «Ǵárip-ashıq», «Sayatxan-Hamre», «Yusup-Zliyxa» dástanları kiredi.

Sociallıq-turmıslıq dástanlarda turmıstıń ishki qarama-qarsılıqları sóz etiledi. Buǵan «Sháryar» dástanı kiredi. Tariyxıy dástanlarda tariyxta bolǵan adamlar sóz etiledi. Dástannıń bul túrine «Edige», «Er Shora» t.b. kiredi.

## «ALPAMÍS» DÁSTANÍ

Qaraqalpaq xalqı dástanlarǵa oǵada bay xalıqlardıń biri. Solardıń ishinde «Alpamıs» dástanı ayrıqsha orın iyeleydi. Bul dástan barlıq jırawlardıń repertuarında bolǵan. Jáne kópshilik qazaq, ózbek, bashqurt, tatar, altay sıyaqlı xalıqlardıń arasında da keńnen taraǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Dástan óziniń tereń xalıqlıǵı menen ayrılıp turadı. Sonlıqtan da xalıq bul dástandı súyip tıńlaǵan, onı ideyası, kórkemlik ózgesheligi, syujetlik qurılısı, unamlı obrazlardıń xalıq birligi ushın islegen gúresleri xalıqtıń júreginen keńnen orın alǵan. Dástannıń ideyası bólinip ketken ruw, qáwimlerdi biriktiriw, pútin bir tutas el, xalıq bolıp jámlesip jasaw ideyasın alǵa súredi. Bunnan tısqarı dástanda sırt el basqınshılarınan ǵárezsiz jasaw, basqınshılıqtı qaralaw, adamgershilikti doslıqtı qádirlew sıyaqlı pazıyletler joqarı bahalanadı.

«Alpamıs» dástanında da barlıq eposlardaǵı sıyaqlı xalıq idealındaǵı unamlı obrazlar menen birge, olarǵa qarama-qarsı basqınshı, jawız unamsız kúshler arasındaǵı gúres sóz etiledi.

Dástannıń bas qaharmanı — Alpamıs. Ol kútá jas waqtınan-aq batırlıǵı menen kózge túsedi. Jalǵız ózi jat elde júrgen Gúlparshındı alıp qaytıw ushın qıyınshılıqlardan, jat eldegi dushpanlardan qorqpastan qalmaq jurtına atlanadı. Onıń ushın ózine múnásip tulpar Bayshubardı tańlay biledi hám kóp jılqınıń ishinen quyrıǵınan uslap toqtatadı, onı ózine baǵındırıp, minip aladı.

Altı kúnshilik jolda kiyatırǵan Alpamıstıń Bayshubar atınıń tuyaǵınıń sestinen jata almaǵan Qarajannıń hawlıǵıwı, atınıń qorqıp, seskeniwi, Alpamıstıń batırlıǵınan derek beredi.

Dárbent jolda jatırǵan Qarajan menen Alpamıstıń ushırasıp gúreske túsiwi, qalmaq eliniń ataqlı batırı Qarajan menen gúresip, onı jeńiwi asqan palwanlıqtıń, batırlıqtıń belgisi esaplanadı. Sebebi Qarajan da qalmaqlardıń eń kúshli, batırı, Tayshıxan patshanıń barlıq láshkerlerine jalǵız ózi teń keletuǵın batır. Bul ushırasıwda Alpamıs mártliktiń úlgisin kórsetedi. Ol hesh qorqpastan, birinshi gezekti Qarajanǵa beredi. Onnan Alpamıs basım kelip gúreste jeńedi.

Dástanda Alpamıs obrazındaǵı batırlıqqa qosımsha



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

adamgershilik, miyrimlilik qásiyetler de bar. Ol dárbent jolda Qarajannıń ústinen jeńiske eriskennen soń, keshirim berip, mártlik etedi. Jeńilgen Qarajan menen dos boladı. Bul doslıq eki el arasındaǵı doslıqtıń kórinisi boladı. Óziniń Bayshubar atın Gúlparshınǵa belgi, dálil sıpatında kórsetiwge soraǵan Qarajanǵa hesh ekilenbesten tulpar atın isenip tapsırıp jiberedi. Bul bir tárepten doslıqqa sadıqlıqtı, isenimdi bildirse, ekinshi tárepten batırdıń isengishligin, ańqawlıǵın bildiredi.

Alpamıs kóp qıyınshılıqlar menen qalmaq eline kóship ketken qalıńlıǵı Gúlparshındı jat eldegi dushpanlarınan qorqpastan, altı ayshılıq joldan jalǵız ózi alıp qaytadı hám gózlegen maqsetine erisedi. Alpamıs bunnan soń qalmaq jurtına ekinshi ret atlanıs jasap, jalǵız ózi Tayshıxannıń esap-sansız kóp láshkerine qarsı urıs júrgizip, ózin zindannan qutqarıwǵa sebepshi bolǵan shopan Áshimdi qalmaq eline patsha etip qoyadı. Bul Alpamıstıń óz wádesiniń ústinen shıǵıwı edi. Soń qalmaq eline kóship ketken xalqın óz eline qaytarıp alıp qaytadı. Bunnan batırdıń óz ruwın, óz xalqın birlestiriwge umtılıwı ayqın kórinedi.

Solay etip, dástanda Alpamıs obrazı batır, palwan, mergen, sheber sazende, dostına miyrimli, haq kewil, hadal niyetli etip súwretlenedi. Onıń obrazındaǵı bul sıpatlar xalıqtıń kútken ármanına muwapıq jasalǵan. Óz elin jawdan qorǵaytuǵın batır, er júrekli bala bolsa eken degen xalıqtıń ármanınıń sáwlesi.

Dástandaǵı unamlı obrazlardıń biri Gúlparshın obrazı. Gúlparshın dástanda hámmesinen burın batırǵa ılayıqlı ómirlik joldas, asqan aqıllı hám zeyinli etip kórsetiledi. Ol óziniń tuwǵan jerin shın júrekten súyedi. Gúlparshınnıń ákesi Baysarı qudası Baybóri menen ókpelesip, óz eli Baysındı taslap qalmaq eline kóship baratırǵanda, Gúlparshın anası menen birge ákesiniń tuwılǵan jerin taslap, basqa jurtqa ketiwine



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qarsılıq bildiredi. Ol tuwılıp ósken jeri Baysın elinen ayrılǵanına qattı qayǵıradı, óz eline bolǵan súyiwshilik, xoshlasıw sózlerin aytadı.

Onıń ózine tán artıqmash bir minezi — aldaǵını sezgirlik, zeyinlilik hám tapqırlıq penen biliwi. Ol óziniń aqıllılıǵı menen eń qıyın jaǵdaylardan qutılıw jolın tabadı.

Gúlparshın sonıń menen birge, óz sózinde turatuǵın, bergen wádesinen taymaytuǵın, turaqlı etip kórsetiledi. Ol óziniń dushpanlarına bergen wádesin de aqlap shıǵadı. Mısalı, Alpamıs Tayshıxannıń eline kelip Gúlparshındı óziniń eline alıp qaytpaqshı bolǵanda, Gúlparshın Alpamısqa Tayshıxan hám Qarajannıń jibergen adamlarınıń aldında wáde etkenligin hám usı wádesin orınlamaǵansha qaytpaytuǵının bildiredi. Gúlparshın batırdıń tek súygen yarı ǵana emes, sonıń menen birge ol qıyınshılıq jaǵdayda batırǵa óziniń aqılı menen kómek beretuǵın aqılgóy dostı da boladı.

«Alpamıs» dástanında usınday unamlı obrazlar menen qatar unamsız obrazlar da orın alǵan. Olar qalmaq patshası Tayshıxan, Ultan qul, Mástan kempir taǵı basqalar. Olar dástanda kúshli jek kóriwshilik penen súwretlenedi. Dástanda Tayshıxan patsha ádilsizlik, zulımlıqtıń belgisi sıpatında háreket etse, onıń qorrandozı, Mástan kempiri, jaǵımpaz wázirleri zulımlıqtı iske asırıwshı qurallar sıpatında jumsaladı.

## Alpamıs

*(Dástannan úzindi)*

Qalmaqtıń aldı bálent taw edi, hárbir tawı aspan menen barabar, qalmaqqa ótetuǵın basqa jol joq edi. Tawdıń soqlıǵıspası, bir góne kezeń jol bar, oǵan «Taban jol» dep at beretuǵın edi.

— Márt bolıp dabıl qaǵayın,
Qara atqa tumar taǵayın,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Altı ay on kún tolǵansha,
Aqsham bolıp shıńdawıl.
Kúndiz bolıp qarawıl,
Altı ay on kún tolǵansha,
Qara attı tawda baǵayın, —

degen Qarajanda birden qıyal payda boldı. Tayshıxannıń qalasınan shıǵıp, eki kún jol júrip, Taban jolǵa baradı. Selewge attı baylaydı, bir azǵantay qara tastı shekesine qoyıp, kók shekpendi ıyıǵına jamılıp, Qarajanday qaysar palwan uyqıǵa ózin shaylaydı.

Bir kún jattı Qarajan,
Eki kún jattı Qarajan.
Bes kún ótti aradan,
Hesh jerden keler xabar joq.
Jeti kúnler tolǵanda,
Yarım aqsham bolǵanda,
Uyqısı jatsa kelmeydi.
Qáddi boyı qaltırap,
Say-súyegi sırqırap,
Seskenip turdı Qarajan.

Qarajannıń ashıwı kelip lábin tislep, qolın mushlap, mańlayın tırıstırıp turıp, óz-ózinen ashıwlanadı. «Maǵan ne waqıya boldı, — dep bálent tawdıń basına shıǵayın, kóz jiberip qarayın, qulaq salıp tıńlayın, qashqan bar ma, quwǵan bar ma, quwıp jetip shanıshqan bar ma, ya kiyatırǵan dushpan bar ma?»

Bálent tawdıń basına,
Sekirip shıqtı Qarajan.
Kóz jiberip qaradı,
Qulaq salıp tıńladı,
Ya qashqan joq,
Ya quwǵan joq.
Quwıp jetip shanıshqan joq,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kórinip jatqan dushpan joq,
Bir maydan turdı erbeyip.
Bilmeydi joldıń alısın,
Keldi quldıń namısı,
Qulaq salıp tıńlasa,
Uzaqtan kelip turıptı,
Qarajannıń qulaǵına,
Tawda jortıp kiyatırǵan bir tulpardıń,
Tasqa tiygen doynaǵınıń,
Dúrs-dúrs etken dawısı.

Bul ne eken kiyatırǵan dep, dos pa eken, dushpan ba eken, er me eken, sher me eken, bul ǵoy sháhárge keler dedi, keletuǵın zat joq, tań ata keler deydi. Keletuǵın zat joq, sáskede keler, pesinde keler, búgin keler, erteń keler. Aradan altı kún ótti. Qarajannıń da tawdıń basında silesi qattı.

Alla ońlap, pir qollap altı kúnlik joldan shubardıń jortıp kiyatırǵan sestin Qarajannıń qulaǵına jetkerip turǵan eken.

Altı kún anıq tolǵanda,
Sáhár waqtı bolǵanda,
Sol kiyatırǵan dúrsildi,
Qarajannıń qıyalına.
Jaqınlap kelgen uqsaydı.
Qara atqa erdi salayın,
Ayıldı bekkem shalayın,
At beline mineyin.

Dos ta bolsa, dushpan da bolsa taban joldan kirgizbeyin, janın alayın degen bir menmenlik payda boladı. Qara atqa minip shúw deydi. Qara at sirá júrmeydi, keyin qarap sheginip, tórt ayaqlap tepsinip, alıp qashpaǵa qayım bola berdi. Hárwaqıtta xoshemet ursam, júretuǵın edi, atqa xoshemet urıp kóreyin dep, Qarajan attıń ústinde turıp, atqa qarap, bes-altı awız


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



sóz sóylep turǵan usaydı. Áne sol waqıtta Qarajan atı menen tiresip atqa qarap sóyleydi:

— Ne kórdiń, qara at, ne kórdiń?
Keynińe qarap shegindiń,
Tórt ayaqlap tebindiń,
Ne kórdiń, qara at, ne kórdiń?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Maqpaldan saylap dorba ildim,
Kishmishten saylap jem berdim,
Jemińdi qashan kem berdim?
Ne kórdiń, qara at, ne kórdiń?

Alıp edim al menen,
Alpıs eki tuwar mal menen,
Júyrikler degen dań menen,
Ne kórdiń, qara at, ne kórdiń?

Qáteptey awzıńdı ashpaysań,
Dáryaday gúwlep taspaysań,
Aldıńa ayaq baspaysań,
Ne kórdiń, qara at, ne kórdiń?

Mudam jortqanıń órmedi,
Qulaqtan alǵanıń termedi,
Kelgenler bizden zormedi,
Ne kórdiń, qara at, ne kórdiń?

Mingeniń bálent tawmedi,
Kiyatırǵan bizge jawmedi,
Kelgenler bizden ǵawmedi,
Ne kórdiń, qara at, ne kórdiń?

Begler qurǵan shatır ma,
Aldıńda jolbarıs jatır ma,
Kelgenler bizden batır ma,
Ne kórdiń, qara at, ne kórdiń?

Óter me dáwran biyqarar,
Eglenseń keter ıqtıyar,
Shúw desem, nege júrmeyseń?
Jamanlatqır janıwar!

Sol waqıtta atı menen tiresip tursa Qarajan, tań atıp óyer-búyerdegi adam kórinetuǵın waqıt bolǵan eken. Kóz jiberip qarasa, tawdan túsip bir bala kiyatır, astında on urǵanda bir jortpaytuǵın bir yabı.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ayaqları topıshaq,
Quyrıq-jalı bir qushaq,
Ústinde bir bala kiyatır.
Zálel etken bazarshıday salbırap,
Atları bar ırǵayday,
Moyınları quwrayday.
Qarajannıń kózine,
Kórinedi-aw, sol bala,
Qus urǵan qara torǵayday.

— Há bátshem-ay! Diywananıń hasasınday baladan qorqıp turǵanıń ba? — dep atqa bas demey, kóz demey, qamshı urdı. At sonda da júrmedi, Qarajandı kózge ilmedi, keyin qarap serpilip, qashpaǵa qayım bola berdi. Sol waqıtta qorqqanlıǵın bildirmey badabad urıp, jol bolsın sorap turǵan usaydı:

— Hawa jawsın, aydın kóller hól bolsın,
Jıldan-jılǵa kem dáwletiń mol bolsın,
Qaysı elden, qay sháhárge atlandıń,
Qıllı kók yabılı bala jol bolsın?

Keyin qarap atıńdı bur, qayta ber,
Kóp eglenbe, bende basıń tarta ber,
Janıń sawǵa, basıń sawǵa ózińe,
Kóp eglenbe, ladan zańǵar, qayta ber.

Sol waqıtta Alpamıstıń qattı qáhári kelip:

—Men mingenmen Bayshubardıń beline,
Dushpan qorqsın, jortqan attıń demine,
Joldı bosat, bajbanbısań, qul zańǵar,
Saparım bar Tayshıxannıń eline.

Qarshıǵamdı saldım aydın kólime,
Qıyal menen mindim shubar beline,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bar, júre ber, bajbanbısań eneǵar,
Qorqar uǵlan atasınıń belinde.

Qarqaram bar bir basımda shoqtan shoq,
Men jılayman, jaratqanǵa qayırım kóp.
Bosat joldı bajbanbısań eneǵar,
Qorqaq bala enesinen tuwǵan joq.

Ózińdi márt, meni námárt deyseń be?
Alartıp kózińdi meni jeyseń be?
Joldı bosat bajbanbısań eneǵar,
Kelgen bala sennen qorqar deyseń be?

Qarajan:

— Lashın salıp gezgen aydın kólinen,
Hárkim aytar kelgen gáptiń jóninen,
Segbir menen atlanıpsań jas uǵlan,
Sen shıǵıp eń qay patshanıń elinen?

Sol waqıtta Qarajanǵa qarap álinde sazı joq, tilinde sózi, malınıń deregin sorap turǵan usaydı. Áne, sonda batır ne dep tolǵap turıptı:

— Baysın eldiń bas-basına biyi bar,
Ayta bersem kóp sózimniń júyi bar.
Jeti jıl bolǵandı bir bay kóshkeli,
Bir belgisi aq bógenek úyi bar,

Qartayıptı tek shıqpaǵan janı bar,
Ol sorlınıń ne kewlinde halı bar.
Jeti jıllar boldı bir bay ketkeli,
Bir belgisi tórt túlikli malı bar.

Baydıń qollarında tilla sazı bar,
Aq úyinde at kótermes nazı bar.
Kórseń-bilseń xabarın ber, qul zańǵar,
Bir belgisi Barshın atlı qızı bar.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qaratawdıń qabaǵında qar bar ma,
Jigitlikte namıs penen ar bar ma.
Men kelemen Baysın-Qońırat elinen,
Siziń elde Barshın atlı yar bar ma?

Áne, sol waqıtta Qarajan qolına pıshaq tiygendey bolıp: «Mına batshaǵardıń aytıp turǵanı at dep, túye dep tursam, biziń Barshındı ayta ma? — dep Alpamısqa bad urıp turǵan usaydı:

— Qazan urıp, solǵan baǵdıń gúline,
Qayıl bolıp keldiń be qutlı ólimge.
Janıń sawǵa qayt keynińe, qurımsaq!
Barshınjandı ala kórme tilińe.

Qara atıma tastan aqır oyǵanman,
Namıs penen arǵa ózim tolǵanman.
Basıń amanında qaytqıl keynińe,
Barshınjandı ózim alıp qoyǵanman.

Qara atımdı minip shıqtım dúzlerge,
Sendey ladan kórinbeydi kózlerge.
Janıń sawǵa qayta bergil keynińe,
Ólmey Barshın berilmeydi sizlerge.

Sol waqıtta Alpamıs ne dep bad urıp turıptı:

—At súringen bálent tawda qıyadash,
Ashıw menen tógeyin be kózden jas.
Ózi ólmey erdiń malı sińe me?
Há! Joldı bosat, atańa nálet qızıl bas!

Sawash kóterip júrgen narımdı,
Haq jetkergey jılaǵanda zarımdı,
Ózi ólmey erdiń malı sińe me?
Alsań, óltirip al, Barshın sulıwdı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Aq nayzaǵa jumırı pitken bilegim,
Seni kórip háwij urıp tur júregim.
Alsań, óltirip al Barshın sulıwdı.
Sendey quldı yaratqannan tilegim.

— Atıspaq kerek pe, alıspaq kerek pe, bunsha nege bad urasań, eneǵar! Alsań óltirip al, Barshın yarımdı. Berseń, eglenbey ber, sawash jaydıń deregin, — deydi.

— Pay, eneǵar! Men bad urıp qaytadı dep tursam, bul maǵan atıspaq kerek pe, shabıspaq kerek pe, dep tur ǵoy, buǵan atıspaq kerek desem, seniń topıraǵıńa keldim dep, maǵan miyman boldım dep, áweli buǵan máwlet jeter, uzaqta turıp oq atsa, qolı pátli bolsa, ózi mergen bolsa, jan jerime tiyse, ármanlı ólip ketermen-aw! «Shappattay balanı jerge sińirmey nesi bar» — degen Qarajannıń kewline bir menmenshilik keldi:

— Atlarǵa taqqan tumarım,
Kóp qalmastı ármanım,
Min atıńnıń beline,
Bizden bolsa qumarıń.
Qarajan mindi qara atqa,
Alpamıs mindi shubarǵa,
Eki birdey palwanlar,
Kirdi endi ǵayratqa.
Ekewi tawdıń qarında,
Bir-birine at qoydı,
Qarsılasıp qaradı,
Jaǵaǵa qollar saladı.
At ústinen alıstı,
Jaǵaǵa qol salıstı,
Birewi arman tartadı,
Birewi berman tartadı.
Eki batırdıń kúshine,
Shıday almay atları,
Tawdıń qara tasına,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Dizerley berip jıǵıldı.
Attan jerge túsedi,
Sawıttıń bawın sheshedi,
Batır jannan keshedi.
Atların bekkem baylaydı,
Eki birdey palwanlar,
Gúreske ózin saylaydı.
Qarajan shıqtı shep jaqtan,
Alpamıs shıqtı oń jaqtan,
Bir-birine juwırdı,
Eki palwan pánje urdı,
Bir kún udayı ayqastı,
Jıǵısa almadı batırlar,
Ekilenshi kúninde,
Ayǵır kibi shaynastı.
Jıǵısa almay batırlar,
Eki kún jatıp ayqastı.
Qarajanday qaysarǵa,
Hiyle qıldı Alpamıs,
Batır ishinen iledi,
Batır jambas uradı,
Dárpenbedi Qarajan.
Úshlenshi kún tolǵanda,
Alpamıstay balanı,
Tarta berdi ózine,
Qan toldı márttiń kózine,
Bir máhálde zor salıp,
Alpamıstay balanı,
Mingizdi qalmaq tizine.
Joqarı silkip almaǵa,
Quldıń halı bolmadı.
Alpamıstay balanıń,
Ayaǵı jerge tiymedi.
Sol waqta tústi jalǵızlıq,
Er jigittiń basına,
Inim dep keler aǵa joq,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Aǵa dep keler ini joq,
Alpamıstıń qasına.
Yaratqanǵa jalbarınıp,
Pirim, dep qol jayıp,
Jılay berdi Alpamıs,
Qarajannıń qolında,
Ashılǵan baǵdıń lalası,
Qabıl boldı táwbesi,
Alla, dep jılap júrgende,
Qorqa kórme, balam dep,
Házir boldı qasına,
Qońırat eldi qollaǵan,
Jayılǵan ǵarrı babası,
Jılap júrgen balanıń.
Jawrınına pánje urdı,
Awzına túkirdi.

Sol waqıtta:

Quldıń qolı jazdırıldı,
Kúydi Qarajan miyneti,
Ayaǵı jerge tiyedi.
Beslenshi kún tolǵanda,
Qarajanday qaysardı,
Ash belinen qushaqlap,
Ayaǵın jerge tiydirmey,
Alpamıstay palwan,
Kóterip ketip baradı.
Qattı qısıp qaysardı,
Hár jaǵınan Alpamıs,
Jup qabırǵasın sındırdı,
Quldıń kewlin tındırdı.
Jetilenshi kúninde,
Áyne pesin waǵında,
Bir jıranıń boyına,
Dárbent joldıń awzında,
Qurbanlıq qılǵan serkedey,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kóterip urdı qaysardı.
Gewdesine minedi,
Qanjarın tasqa qayraydı,
Búlbildey batır sayraydı,
Endi shaldım degende,
Shalar jerge kelgende,
Qarqıldap kúldi Qarajan.
— Nege kúldiń qul? — deydi.

Áne, sol waqıtta qaysar jalındı:

— Bul basımda gúldey bolǵan tárizim bar,
Bir qudadan bes waq namaz qarızım bar,
Óltirmegil dos bolayıq, Alpamıs,
Mendey qaysar palwanıńnıń arzı bar.
Kózlerime tar kórindi bul jáhán,
Mendey qulǵa tuwǵan eken zimistan,
Óltirmegil dos bolayıq inshalla,
Qorqqanımnan olla boldım musılman.

Áne, sol jerde batır Alpamıs:

— Sen ólgennen jer tolmas, bir qul menen bizge dushpan bolmas, qattı qarıwlı er jigit eken, — dep batır ústinen tústi. Ekewi qudanı ortaǵa saldı, aq siynesin ashtı, qushaqlasıp dos boldı. Sol kúni jatıp, ekewi Daǵıstanda miyman boldı.

Erteń namaz waqıtta: — Endi rasımdı aytayın, jora, — deydi. — Seniń yarıń biziń jurtqa kelip edi, jeti jasında. Aq bulaqtıń boyında, jeti jıl mákan etip, on tórtke shıǵıp qız boldı. Mańlayı qara Tayshıxan hám ashıq boldı, men hám ashıq boldım. Ekewimiz on segiz jawshı jiberip ayttırdıq, qız aqıllı eken, bizler aqmaq ekenbiz. Seni keler degen bir támesi bar eken, qızıl tilin jalaǵan, barǵan eki elshini qurı sóz benen aldaǵan eken deydi.

Aldaǵanı sol bolǵan:
«Altı ay atın baqsın, dep



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Janın otqa jaqsın, dep,
Altı ay on kún tolǵan soń
Wádeli kún bolǵan soń,
Ullı toydı bersin, dep.
Áskerlerin jıydırıp,
Sárkabın bálent úydirip,
Patshalı dárbent joldıń awızına,
Toqsan úydi tiktirsin,
Sansız qalmaq jıydırsın,
Ullı toydı baslasın,
Qırq kúnshilik jollardan,
At shaptırsın maydanǵa.
Atı ozǵan jigitke,
Kimińdi qul demeymen,
Kimińdi tul demeymen,
Kimińdi xan demeymen,
Kimińdi qara demeymen,
Kimińdi bala demeymen,
Qırq kúnshilik jollardan,
Atı ozǵan jigitke,
Biymálel ózim tiyeyin», — dedi.

— Barshın bizlerge wáde qılǵan, bir nashardan aldanıp at baǵıp jatqanımızǵa hám qırq kún boldı, — deydi. — Juwap berseń keteyin. Barshın qızǵa jeteyin, seniń kelgenińdi bildirip, yarıńdı quwandırıp, súyinshi alıp qaytayın, — deydi.

— Bar kete ber, Qarajan, — deydi.

Qarajan atlanıp kete berdi, arraǵıraq barıp aylanıp keldi: «Bunnan ketsem, Barshınǵa jetsem, lebizime inanbas, sózime qulaq salmas, belgili dushpanı men edim, men dostımnıń qasına barıp inanǵanday bir nıshan alayın», — deydi. «Basqa wájin tanımas, bir tanısa, atın tanır berse atın alayın», — dep qaytıp Alpamıstıń qasına kelip bes-altı awız warsaqı aytıp turǵan usaydı:


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— Kewilińe kelmesin dostım qıylı qal,
Sizdi, bizdi xalıq áylegen biriwbar,
Arzımdı esit, dostım bolǵan Alpamıs,
Mendey palwannıń aytatuǵın arzı bar.

Sawash kúni qanlar tolar kózime,
Kiysem lipas jetpeydi igri dizime,
Bunnan barsam inanbaydı Barshınjan,
Bir nıshan ber kórsetkendey ózime, — deydi.

Qarajan: — Ílǵal kúni at quyrıǵın ór, deydi,
Batır edim, tamashamdı kór, deydi,
Tanımas Barshın jan basqa zatıńdı
Astıńdaǵı Bayshubardı ber, — deydi.

Alpamıs: — Moyınǵa taǵılǵan tillá tumardı,
Sawash kúni tarqatarman qumardı,
Isenbeymen saǵan, dostım Qarajan
Bere almayman hám joldasım shubardı.

Altın kámar qup jarasar belime,
Jekke-jalǵız keldim qalmaq eline,
Qımbat baha meniń mingen shubarım,
Alıp qashıp keterseń qalmaq eline.

Qarajan: — Xızmetińe men ózimdi saylayın,
Seniń ushın shiyrin jandı qıynayın,
Bere ber, dostım, inanıp maǵan,
Alıp qashsam tas tóbemnen quday urar biz-
lerdi,
Qara atımdı qazıǵıńa baylayın.

Sol waqıtta Qarajannıń qaradı júzine, inandı sózine, zárteń-záberteń mustahkam, dembe-deń ertlep Bayshubardı Qarajanǵa berdi. Qarajan atlanıp Barshın jatqan boz ordaǵa qarap júris qıldı. Qarajan ketip



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

baratır, Alpamıs qalıp baratır. Arraǵıraq barǵanda Alpamıs oylandı:

— Bul zańǵar yabı menen maydanǵa da shıǵar. Qamshı urar, alıp qashıp, shermende qılar. «Attıń sırı iyesine málim» degen, Qarajanǵa bir attıń sırın betine aytıp jibereyin, — degen bir qıyal payda boldı.

Ketip baratqan Qarajannıń keyninen Alpamıs juwırıp baratır, eglen dostım Qarajan, deydi, sol waqta Qarajan eglendi, dostına qarap Alpamıs sóyledi:

— Bizler kelgen musılmannan alımdı,
Sizler júrgen din bilmegen zalımdı.
Eglen jora, attıń sırın aytayın:
«Attıń sırı iyesine málimdi».

Sen túserseń haqtıń tuwrı jolına.
Attı berdim sen qalmaqtıń qolına,
Ara shólge shıǵa qoysań, jora jan,
Qamshı urma shubar yabı jonına.

Hámmelerden ladan bilme bizlerdi,
Yalǵan dep oylama mına sózlerdi,
Yabı bilip qamshı ursań shubarǵa
Alıp qashıp keter, jora, sizlerdi.

Arılǵan basıńnan qayǵı dumandı,
Qamshı ursań saladı aqır zamandı,
Yabı bilip qamshı ursań jonına
Jora, meni kórmekligiń gúmandı.

Qarajan: Qalmaqlarda sensiz dáwran súrmeyin.
Bayshubardan basqa attıń qádirin bilmeyin,
Egley berme, irke berme, Alpamıs.
Quday ursın, payǵambar ursın.
Olla qamshı urmayın, — deydi.

Sol waqıtta Qarajannıń qaradı júzine, inandı sózine, «Bar kete ber, jora», dep juwap berdi. Qarajan


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

attıń basın ońǵarıp, Barshın jatqan boz otawǵa júris qıldı. Bir qumdı asıp tústi, batırdıń qarası shókti. — Pay mańlayı qara qońırattay aqılsız xalıq bolmaydı. Bir qıllı jaman yabını kútá maqtaydı. Meni alıp qashqanda górge alıp bara ma, ayaǵı jerge tiyeyin dep tur, basın irkińkirep, ayaǵın záńgige tirep, bir qumnıń túserliginde Qarajan ásterek shubarǵa bir qamshı urıp jiberdi.

Baxtın alla ashadı,
Shubar hám qaynap yoshadı,
Bir qamshıǵa shıdamay,
Mańlayı qara Qarajandı
Bayshubar alıp qashadı.

Erge ózi jayǵaspay,
Tartsa kúshi jetpedi,
Attıń ústinde Qarajan,
Lıq-lıq atıp shubarǵa,
Qoshemet urıp baradı:

— Moyınıńa taqqan qos tumar,
Ayaǵay meni birubar,
Ollager qamshı urmayın,
Billáger qamshı urmayın,
Turha-turha, janiwar!
Maydanda qurdım saltanat.

Tapsırdı dostım amanat,
Olla urmayın sizlerdi,
Billá urmayın sizlerdi,
Lıq-lıq kózińnen árebi at!
Turha-turha, bedew at! —

dep jáne bir qumnıń túserliginde alısıp, qan qusıp, zordan basın irkip aldı. Attıń basın irkip alıp, Barshın jatqan boz ordaǵa júris qıladı.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— Áy mańlayı qaranıń malı! Eki urǵanda ǵoy jurttan shıǵarıp keteseń meni! — deydi.

## VI bólim

Tayshıxanǵa bir ǵalawıt túsken deydi. Endi Qarajan tawdan kelip, Barshındı alıp keteyin dep atır degenge jeti kún bolǵan eken. Tayshıxan ata-enesin bende qılıp, qoy izine salǵan eken. Jáne Kókamandı bas etip, toǵız elshini jibergen eken: «Barshın insapqa kirdi me eken, bizge tiyetuǵın boldı ma eken, kórip kel, Kókaman jora», depti. Kókaman kelip Barshınnıń qasına ata-enesi joq, úyi awlaq, altın kese, jez sháynek, qız benen bázim etip, kese alısıp, shay iship otırǵan eken. Báhárdiń ayı, úyi shiysheń, esik túriwli, uzaǵıraqtan kiyatırǵan Qarajandı kórdi. Kókaman órre turdı: — Jigitler, mańlayımız qurısın! Hárkim óz jayında tursın. Tayshıxan qız almasa, teris alsın! Qarajan kiyatır!

Kelleńdi kesedi,
Qanıńdı ishedi,
Qashqan qutılar,
Turǵan tutılar,
Qashqanǵa raxmet,
Záńgige húrmet,
Quyısqanǵa bereket,
Búyerde qalǵannıń
Jeti atasına lánet —
Dep maydanǵa shıqtı.

Hawlıǵısıp atın sheshpek yadında joq. Qarajannan qorqqanınan baylawlı turǵan atına minip, qazıqtı aylanıp, qamshı urıp shúw-shúw dep turǵan qusaydı. Hawlıqqanı minip tanabın kesip, hawlıqpaǵanı minbey tanabın kesip, Qarajannıń aldınan zordan qashıp qutıldı.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sol waqıtta Qarajan boz ordanıń oń jaǵına kelip, jabıqtı kóterip, Barshınǵa názer salıp, Alpamıstıń kelgenin, onıń menen dos bolǵanın bildirip, súyinshi sorap turǵan qusaydı. Áne sol waqıtta Qarajan Barshınǵa qarap, neshe jerden tımsal keltirip, bes-altı awız warsaqı aytıp turǵan qusaydı:

— At shapqanman uzaq jerge qıyadash,
Kózlerińnen tógilmegey selli jas,
Súyinshi ber, shıq maydanǵa, qız Barshın,
Qarajanday aǵań keldi, xabarlas.

Ay qarańǵı kórinip tur kózlerge,
Sawıtlar jetpeydi igri dizlerge,
Qońırattan bir jigit kelip tur izlep,
Eglenbey súyinshi beriń bizlerge.

Tarqadı júrekten seniń ármanıń,
Jáne aylandı seniń ótken dáwranıń,
Súyinshi ber, qız Barshın, shıǵıp maydanǵa,
Qońırat elden izlep keldi palwanıń

Peshanada men oqıdım xatını,
Sorasıp bilgenmen hasıl zatını,
Eglenbey súyinshi beriń, Barshınjan,
Inanbasań men aytayın atını.

At shapqanda jete almadım jol alıs,
Báhár bolsa tawǵa shıǵar mayalısh,
Súyinshi ber, eglenbeyin, Barshınjan!
Izlep keldi Qońırattıń begi Alpamıs.

Sol waqıtta Barshın ástelik penen shıǵıp, kóz jiberip qarasa, Qarajannıń astındaǵı Bayshubarǵa kózi tústi. Bayshubar Barshın ketkende enesiniń izinde qısır emgen tay edi. At bolar dep nashardıń sonnan támesi bar edi, Bayshubar jetilip, at bolǵan eken, meniń qalmaqqa ketken ǵalawıtımdı esitip, keynimnen atlanıp shıqqan eken.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qarajan dárbentti awlap atır, dep esitiwim bar edi. «Batır ańqaw, er gódek», — degen sóz bar, kezewli oqqa gez kelgen eken yarım, biyájel ólgen eken, atı qulǵa olja bolǵan eken, baxtıma ketpestey qara tigilgen eken.

Barshınnıń kókiregine bul qıyal payda boldı. Qarajannıń astındaǵı shubardıń moyının qushaqlap, kóziniń jasın monshaqlap, sol waqıtta attan jalǵızdıń dáregin sorap turǵan qusaydı:

— At bolıptı Mıyan kóldiń tayları,
Qoyın satıp, qozı qılar bayları,
Ar jaǵı Túrkstan, ber jaǵı Qoqan,
Háziretimniń qádem urǵan jayları.

On tórtinde gáwhar tuwǵan ay ediń,
Arıslanım keler, dep kewilim jay edi,
Tiliń bolsa sóyle, óybey, Bayshubar,
Men ketkende qısır emgen tay ediń.

Moyınıńda sulıw qara jalıń bar,
Ekewimizdi kórsetpedi birubar,
Kórineseń Qarajannıń astında,
Ústindegi jalǵız qayda, janiwar?

Shashkenemdi árman menen tarayın,
Nashar basım ne kúnlerge jarayın,
Tiliń bolsa, sóyleseńe, Bayshubar!
Jalǵızdıń dáregin kimnen sorayın?

Súrindiń be bálent tawdıń tasına,
Alla ráhim qılmay kózdiń jasına.
Tiliń bolsa, sóyleseńe, Bayshubar!
Taslap keldiń qaysı tawdıń basına.

Ǵarǵa-quzǵın qondı ma eken lashına?
Árman menen aqlar ener shashıma.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— Bul zańǵardıń qızı nege túsinbeydi eken, meniń gápime, — dep Qarajannıń kókireginde bir qıyal payda boladı, jáne bir táhálle gúrriń aytıp kóreyin dep, — Qarajan Barshınǵa ne gúrriń oqıp tur eken:

— Áwel qalmaq, men ózim zulım boldım,
Qartayǵanda men seniń qulıń boldım,
Súyinshi ber eglenbey, haw qız Barshın!
Aqır túbi aylanıp kelin boldıń.

At oynatıp barıp edim dárbentke,
Latmanatqa men bolǵanman shermende,
Bas qoyıp qara tasqa jatıp edim,
Kele berdi sáhár waqıtı jalǵız bir bende.

Kelgen zańǵardı bala bildim,
Etken isin olardıń shala bildim.
Óltireyin seni dep, jatqan jerden ses keldi,
Sol waqıtta órre turdım jayımnan.

Tawday eken ol zańǵardıń júrekleri,
Qos nayzaǵa qumar eken bilekleri,
Bala maǵan juwırdı attan túsip,
Sawash eken qudaydan tilekleri.

Sóylegende túspedim tillerine,
Ash jolbarıstay pánje urdı bellerime,
Ólmey qalǵan payda dep dárbent jolda,
Káliyma aytıp kirgenmen dinlerine.

Bárekellá Barshınjan kelbetińe,
Oramalıń tuta kór jel betińe,
Súyinshi ber eglenbey, kelin balam,
Maldı bergen yar keldi el shetine.

Sol waqıtta Barshınjan: — Aǵa, men ol sózge inanbayman! — dedi. — Meniń ata-enemdi Tayshıxan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qoy keynine salǵanına jeti kún boldı, eki ǵarrımdı ákelip berseń, lebizińe sonda inanaman,—deydi. Sol waqıtta ashıwı kelip, Qarajan Tayshıxannıń qalasına at qoyıp jóney berdi.

Atlar shaptı dalaǵa,
Sıyındı quday talaǵa
Eglenbey kirdi Qarajan,
Áyne sáske waǵında,
Tayshıxan jatqan qalaǵa.

At shaptım begler qıyadash,
Aqpay ma kózden selli jas,
Mendey bir iniń kelgende,
Tayshıxan aǵa xabarlas.

Oylaspaǵa kelgenmen,
Keńespege kelgenmen,
Seniń menen urısıp,
Ásker qırıp qan tógip,
Dárbent jolǵa barǵanman,
Jeti kún jattım jol ańlıp,
Jeti kúnler tolǵanda,
Sáhár waqtı bolǵanda,
Dúbirlegen ses keldi,
Inińniń janı seskendi.

Ne ándiyshe boldı dep,
Juwırıp shıqtım tawlarǵa,
Minsem tawdıń basına,—
Buwdaq-buwdaq shań keldi.

Shań astına qarasam,
Esabı joq, sanı joq,
Lek-lek jatqan qol keldi,
Ayrılmastay el keldi,
Jasıl ala tuw keldi,
Kátte qara top keldi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jekkelik ettim, xan aǵa,
Urıspaǵa men qorqıp,
Attıń basın ońǵarıp,
Qaytıp qashtım keynime.

Aǵayın bildim sizlerdi,
Kómek sorap kelgenmen,
Sen jıynay kór láshkerińdi,
Men jıynayın nókerdi.

Qara toptı súyretip,
Dárbent jolǵa barayıq,
Onnan burın top atıp,
Ǵayıptan kelgen áskerdiń
Bárin birdey qırayıq.

At, jaraǵın olardıń,
Olja qılıp alayıq,
Qalay kórdiń, xan aǵa?

— Ha, Qarajan, Qarajan!
Inanbayman sózińe,
Mende ásker qoydıń ba?
Mende nóker qoydıń ba?

Men-men degen erlerdi,
Batpansıǵan sherlerdi,
Qarıwlı tuwǵan beglerdi,
Óziń qırdıń, Qarajan.

Saǵan erer halım joq,
Abıray hám seniki,
Olja malı hám seniki.

Sol waqıtta qaysar Qarajannıń qattı ashıwı keledi:

«Mańlayı qara Tayshıxan!
Qolıńnan nege kelmese,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qoyǵa nege salasań,
Barshınnıń ata-enesin?»
— At oynatıp men barǵanman dárbentke,
Latmanatqa ózim boldım shermende.
Jatıp edim qara tasqa bas qoyıp,
Sáhár waqıtta kele berdi bir bende.

Bala bildim zańǵardı,
Shala bildim zańǵardı,
Bunday maldı, Tayshıxan,
Iyesiz keler dep pe ediń?
Belgisiz keler dep pe ediń?

Altı kúnlik jollardan,
Attıń jortqan dúbiri,
Uyqılatpadı bizlerdi.
Altı kún anıq tolǵanda,
Sáhárdiń waqtı bolǵanda,
Kele berdi bir bala.

Atları bar ırǵayday,
Moyınları quwrayday,
At ústinde kórindi meniń kózime,
Qus urǵan qara torǵayday.

Bala dedim zańǵardı,
Shala dedim zańǵardı,
Óltireyin seni dep,
Balaǵa qarap juwırdım.

Attan túsip juwırdı,
Tawday eken júregi,
Jumırı eken bilegi,
Kúni-túni qudaydan,
Sawash eken tilegi.

Ash jolbarıstay ıńıranıp,
Jarılǵan muzday gúńirenip,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sol waqıtta ózim oylandım,
Ólmey qalǵan payda dep,
Batıl dinnen dóngenmen,
Bárha dinge engenmen,
Qorqqanımnan balaǵa,
Men dinimdi bergenmen.

Káliymanı úyrenip,
Haram awızdı hadallap,
Musırman bolıp kelgenmen.

Shekken jábir-japasın,
Jarasqan zawqı-sapasın,
Qolıńnan zańǵar kelmese,
Qoyǵa nege salasań?
Barshınnıń ene-atasın.

Tilimnen men berdim tuwrı zıbandı,
Qorqıp men ayttım káliyma iymandı.
Shıǵar Barshınjannıń ata-enesin,
Men kútkenmen saǵan kelgen miymandı,
Dáwranım dóner me bastan biyqarar,
Hár bende onıń jolında giriptar,
Shıǵar Barshın qızdıń ata-enesin!

Haq jetkergen jılaǵanda zarımdı,
Ala almadım men atısıp arımdı,
Órtep tur-aw sol naymıttıń kópegi,
Hár mezgilge jedi toqqız narımdı.
Jáne bir jeti kún jatsa eneǵar,
Jep boladı misetimde barımdı!

Sol waqıtta Tayshıxan: «Jállat!» — dep qıshqırdı, jállatlar juwırıp keldi. — Barshınnıń ata-enesin alıp kelip, Qarajanǵa tapsırıń, — deydi. Olar ata-enesin alıp kelip, Qarajanǵa tapsıradı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qarajan ertip, Aqbulaqtıń boyında Barshın jatqan boz ordaǵa keldi. Barshın ata-enesin kórgen waqıtta Qarajannıń dos bolǵanın bildi.

Altın arshanı ashadı,
Jaǵası altın, jeńi zer,
Qádirli aǵam sen deydi,
Oń iynińnen kiy, deydi.
Qarajanǵa jabadı,
Súyinshi bolsın sol, deydi.
Tarttı palwan iynine,
Qarajanday qaysardıń,
Bul iynine sıymadı,
Jırtpaǵa kózi qıymadı,
Bir jeńin suǵıp,
Jelbegey taslap bir jeńin,
Attıń basın ońǵarıp,
Qayta berdi keynine.

Namazsham waqıtta aylanıp keldi, dárbenttegi dosı jatqan shatırǵa. Barshınnıń bergen inamın kórip waqtı xosh boldı. Sol tún jattı, miyman boldı, erteńine namaz waqıtta Qarajan qara atqa erdi saladı, ayıldı bekkem shaladı, at beline minip:

— Alpamıs jora, arzım bar, arzıma qulaq sal! Juwap berseń, keteyin, Barshın jatqan boz ordaǵa at oynatıp jeteyin, seniń kelgenińdi bildirip, ata-enesin quwandırıp, barıp yarıńdı ákelip, bir aqsham miyman eteyin, — deydi.

— Bar, kete ber, Qarajan jora, — deydi.

Sol waqıtta Qarajan attı ońǵarıp, qızıl qumdı aralap, áyne tústiń waqtında Baysarı jatqan boz ordaǵa bardı. Qırq adım keyinirek attan túsip, qol qawsırıp sálem berdi. «Baysarı aǵa, arzım bar, bul sózime qulaq sal!» — dedi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— Aldıńda júrse tirewiń,
Artıńda júrse súyewiń,
Hám perzentiń, hám balań,
Qızıńdı alǵan kúyewiń,
Alpamıs degen azamat,
Izlep keldi keynińnen.

Qalmaqtan alar arıńdı,
Táńri berdi zarıńdı,
Dúze tursa saltanat,
Haq etpegey biymurat,
Barshın atlı qızıńdı,
Tilep keldim, bay aǵa,
Bir aqshamǵa amanat.

Sol waqıtta Barshındı,
Mingestirip qara atqa,
Qayta berdi Qarajan.
Namazsham waqıtta dárbentke,
Alıp keldi qızdı aylanıp,
Eki birdey shın ashıq,
Dárbent jolda duslasıp,
Qushaqlasıp jılasıp,
Bota kibi bozlasıp.

Alpamıs ata-enesin soraydı. Barshın elatındaǵı teń qurbı-qurdasların soraydı. Barshınnıń qalmaqqa wáde qılǵanına qırq kún bolǵan eken. Qırq kúnnen beri aqsham uyqı joq, kúndiz tınım joq, tún uyqıdan qabaǵı qatıp, reńkinen qan qashıp, Alpamıstıń jolına qarap óler hálge kelgen eken. Alpamıstı kórgen soń, kewilindegi qayǵı-dárti umıt boldı.

Ekewi dárbentte miyman boldı. Barshınnıń kózi uyqıǵa ketti. Alpamısqa jatsa, uyqı bolmadı, yarım aqsham waqtında batır jayınan turdı, shubardıń sıyırıp erin aldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Borboslaw jerge awnattı,
Attıń kózin uwqalap,
Jawırınların sıypalap,
Erin dúziw saladı,
Ayıldı bekkem shaladı,
Attı bekkem bayladı,
Shatırǵa kirdi tolıqsıp.

Barshınnıń zulpın shamal qaǵıp, uyqılap atırǵanına kózi tústi. — Bul zańǵardıń, zeynine tiyip oyatpayın, kewlin awlap, bes-altı warsaqı sóz aytıp kóreyin, — degen bir qıyal payda boldı. Barshınǵa qarap:

— Diydarıńdı kórgenshe joq qararım,
Basımnan taymasın meniń dáwranım,
Oyanıp uyqıdan mińgil shubarǵa,
Baysın elge júr, qaytayıq, dilbarım.

Oyanıp mine kór attıń beline,
Ashıqlıqtan otlar tústi tánime.
«Iytler toyǵan, erler tuwǵan jerine»,
Júr, qaytayıq, tuwıp ósken ellerge.

Bedew minip, qıya shólde jelgenmen,
Ózim jalǵız hár islerge kóngenmen,
Min shubarǵa, júr qaytayıq, Barshın jan,
Ata-enemnen máwlet alıp kelgenmen.

Minseń yarım, bókteriwge jarasar,
Ata-enem kelgey dep jolǵa qarasar,
Kóp keshikseń sebil qalmaq jurtında,
Óldi deyip, baysın eli jılasar.

Sol waqıtta Barshın basın kóterip: — Aqıllı ma eken dep edim, aqmaq eken qońırat, márt pe eken dep edim, námárt eken qońırat, — dep:


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— Sabır áyle, palwan, sabır áyle,
«Sabırlı jeter muratqa,
Biysabır qalar uyatqa».
Sabır áyleseń, raxmet bar,
Biysabır bolsań, nálet bar,
Sabır áyle, palwan, sabır áyle.
Baysın degen jurtıńdı,
Sen de jeti jasıńda,
Men de jeti jasımda,
Bilmeydi dep júr me ediń?
Kálámulla qolıńda,
Jasıl qalpaq basıńda,
Mektepte oqıp júrgende,
Eki ǵarrı urısqan,
Urısa tura kerisken,
Jaǵaǵa qollar salısqan,
Kóshipti qalmaq eline,
Jeti jasta kelgenmen,
On tórtke shıǵıp qız boldım,
Tayshıxan ashıq bolǵandı,
Mınaw turǵan Qarajan,
Dostıń ashıq bolǵandı,
Keynime jawshı salǵandı.

Qızıl tilim jalladım,
Eki birdey jawshını,
Qurı sóz benen aldadım,
Aldaǵanım sol boldı:

Atıńdı altı ay baq, dedim,
Janıńdı otqa jaq, dedim,
Altı ay on kún tolǵanda,
Ullı toydı ber dedim.
Qırq kúnshilik jollardan,
At qashırıp kel, dedim.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mendey muńlı nashardıń,
Bası bayraq bolsın, dep,
Wáde qıldım bayraqqa,
Wáde qıldım qalmaqqa.
Sen de altı ay atıń baq,
Shiyrin janıń otqa jaq,
Súmbile tuwar sımpıyıp,
At semirer quntıyıp,

Bedewdiń jalı jatqanda,
Malıń menen qarsaqlar,
Írsıldap qarda jortqanda
Sen de atıńdı qos bayraqqa,
Xannıń ullı toyında.

Ere almay keynine
Men de minsem atıńa,
Qaytsań Baysın eline,
Qas eterseń dushpandı,
Keynińe túser kóp qalmaq.

Jol ortaǵa barǵanda,
Jekkelik etip palwanım,
Túserseń qalmaq qolına,
Sen de bende bolarsań,
Men de bende bolarman,
Bir-birewdi kóre almay,
Jańa kórgen waqtımda,
Árman menen ólermen.

Qalmaqqa wádem bar,
Hárkim dónse lábizinen,
Húkiminde bolar kápirdiń,
Degen sóz bar, baybetshe.

Atıń ozsa, ozdırıp al,
Atıń qalsa bayraqtan,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Arıń qalsa qalmaqta,
Aq bilektiń kúshi menen,
Aq nayzanıń ushı menen,
Batırlıǵıńdı bildirip al!
Tıńlasań sózimdi aytayın:
Juwap ber maǵan, qaytayın?

Sol waqta sózden qaldı Alpamıs,
Juwap berdi Barshınǵa —
Qayta berdi úyine.

## Sózlik:

**ǵalawıt** — xabar (sóz)
**selew** — shólde ósetuǵın ósimlik
**diydarın** — túrin (túsin)
**sáske** — azanda kúnniń biraz kóterilgen waqtı
**ene súti** — ana súti
**tal-tal** — zorǵa, áste
**pesin** — tústen keyingi waqıt
**shashaw** — siyrek
**sáhár** — tań aldı
**uǵlan** — bala
**hasa** — súyenip júretuǵın tayaq
**ǵayıp** — joq bolıw
**ayıl** — attıń eri awıp ketpew ushın baylanatuǵın qural-saymanlardıń biri
**gúwenin** — qısqa bas jip
**sháhár** — qala

?

1. Bálent tawdıń basına Qarajan ne ushın sekirip shıqtı?
2. Qarajan tawdıń basında keletuǵın adamdı neshe kún kútti?
3. Qarajan óziniń atına qalay xoshemet jasadı?
4. Alpamıs Qarajannıń kózine qanday bolıp kórindi?
5. Alpamıs ózin qalay tanıstıradı?
6. Qarajannıń kewline qanday menmenlik qıyal kirdi?


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

7. Olar ne qıldı? Gúreste kim jeńdi?
8. Ne sebep olar doslastı?
9. «Alpamıs» dástanınıń neshe jıllıq merekesi belgilendi?

## «SHÁRYAR» DÁSTANÍ

Qaraqalpaq xalıq dástanlarınıń ishinde óziniń dúzilisi, syujetlik waqıyası hám mazmunı menen ayrılıp turatuǵın dástanlardıń biri «Sháryar». Dástannıń waqıya dáwiri orta ásir dáwirlerine tuwrı keledi. Bul dástannıń tiykarǵı ózegin quraǵan menen onda júdá erte zamanlar menen baylanısıp ketken periler, qullar, duwa, adamlardıń tas bolıwı, tiriliwi, taǵı basqa tolıp atırǵan tábiyattan tıs waqıyalardıń súwretleniwi orın alǵan. Bular dástannıń uzaq dáwirlik waqıyalardı óz ishine alatuǵının kórsetip turadı. Sonday-aq «Sháryar» dástanında qaraqalpaq xalıq erteklerinde jiyi ushırasıp otıratuǵın qıyalıy hádiyseler: balalardıń hayran qalarlıq tuwılıwı, olardıń kekilleriniń altınnan bolıwı, birewi kún, birewi ay bolıp kóriniwi, balalardıń suw astında ólmewi, mástan kempir, patshanıń zulım hayalları, suwdıń, tastıń, shóldiń sóylewi, haywanlarǵa til pitiwi, jılanlardıń adam kelbetine keliwi, jer astındaǵı patshalıq, adamnıń duwa menen tas bolıp qatıp qalıwı hám qaytadan adamǵa aylanıwı, qalalardıń kóship júriwi taǵı basqalar boladı. «Sháryar» dástanı kóp ǵana ertek hám dástanlardıń dóreliw usıllarınan paydalanılıp, qaraqalpaq jırawları tárepinen birneshe júz jıllar dawamında jetilistirilgen dóretpe.

Dástanda ádillik penen ádilsizliktiń qarama-qarsılıǵı, eń aqırında, ádilliktiń, adamgershiliktiń jeńip shıǵıwı dástannıń ideyalıq mazmunında tiykarǵı orındı ieleydi.

«Sháryar» dástanınıń personajların da basqa dástanlar sıyaqlı eki toparǵa unamlı hám unamsız obrazlar toparına bóliwge boladı. Sonıń menen birge, bul dástanda da unamlı hám unamsız tárepi bar qospalı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

obrazlardı da ushıratıwǵa boladı. Buǵan Darapsha obrazın kórsetiwge boladı. Unamlı obrazlar qatarına Gúlshara, Sháryar, Shashıwar, Aqdáwlet, Toman wázir, shopan obrazların, unamsız obrazlar toparına 9 xanım, Mástan kempir, Qodar qul, mollalar, palshılardı kirgiziwge boladı. Sonday-aq dástanda unamlı túrde Áspijáhangir at obrazı, unamsız túrde Búlbúlgóya qus obrazların kórsetiwge boladı. Gúlshara óziniń qıyın táǵdirine qaramastan óz balalarına qosılıp, baxıtlı bolıw jolında gúresedi. Ol óz tilegine, óz ómirlik joldasına haq, hadallıq penen háreket etetuǵın gúnasız ana. Onıń eń jaqsı tilek oyları naǵız adamgershilik qásiyetleri menen suwǵarılǵan. Perzent ushın janın pidá etetuǵın ádiwli insan. Ol neshe túrli awır azaplardıń bárine de shıdaydı, tentirep kún ótkeredi, jatsa da, tursa da oyınan eki perzentin shıǵarmaydı. Al, Sháryar dástandaǵı tiykarǵı hám bas qaharman. Dástandaǵı barlıq waqıyalar Sháryardıń háreketi menen baylanıslı. Ol tuwılǵanınan baslap kóp qıyınshılıqlar kórip hám onı jeńip jeti ıqlımǵa patsha bolıp, murat-maqsetine jetkenge shekemgi waqıyalar sóz etiledi. Sháryar mektepte oqıp bilim aladı, on tórt jasına kelip, batırlıqtıń shártlerin orınlawǵa kirisedi. Onda qaharmanlıq dástanlarǵa tiyisli barlıq belgiler bar. Dástanda Ánjim obrazı aqıllı, miyirman, tilekles hám ǵamxor qarındas obrazında súwretlenedi. Sháryardıń at miniw tilegine Shashıwar patsha qarsı bolǵanında Shashıwar patshanı sózden toqtatıp, aǵasınıń degenin boldırǵan da, Ánjimniń aqılı menen tapqırlıǵı.

Dástandaǵı unamlı obrazlardıń biri — patshanıń bas wáziri Toman. Ol aqıllılıǵı hám ádilligi menen kózge túsedi. Tomannıń aqıllılıǵı menen ádilligi Gúlsharanı ólimnen arashalap qalıwda anıq kórinedi. Gúlshara bir ul, bir qız tuwadı. Patshanıń 9 hayalı kúnshillik etip jas nárestelerdiń ornına kúshik penen pıshıqtıń balasın ákelip saladı. Bul sumlıqqa inanǵan xannıń qáhári


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

keledi hám Gúlsharanı ólimge buyıradı. Usı waqları Toman: «Háy xanımız, Gúlsharanıń haq qanına qalmayıq, palkerler palın salsa, ulamalar kitabın ashsa, qorrandozlar qorrasın taslasa, eki birdey bala tússe, toǵız xanımdı óltireyik, egerde túspese Gúlsharanıń gúnasın moynına qoyıp óltireyik» — deydi.

Bul jerde Toman haq istiń jeńisine erisedi. Biraq Tomannıń oylaǵanı hám sheshimi durıs bolǵanı menen, ulama da, qorrandozlar da, palkerler de altınǵa satılıp, waqıtsha ádillik ústinen aldawshılıq jeńiske erisedi.

Toman kiyerge kiyimi joq, jemege tamaǵı joq, ash-jalańash, diywana jolında júrgen Gúlsharaǵa bunnan soń da qol ushın sozıp, ǵamxorlıq qıladı.

Dástandaǵı unamsız qaharmanlar bolsa haq kewil, ádilliktiń tárepdarlarına qarsı turadı. Jaqsılıq ármannıń orınlanıwına irkinish jasaydı, olardı awır azapqa giriptar etedi. Bul arqalı dástanda jaqsılıq penen jamanlıqtıń arasındaǵı gúres sáwlelendiriledi. Mısalı, dástandaǵı unamsız obrazdıń biri, Mástan kempir, ol dúnyaǵa qızıp Sháryar menen Ánjimdi suwǵa taslaydı. Sháryardı aldap uzaq saparǵa jiberedi, toǵız hayalǵa aqıl tawıp beredi.

Toǵız xanımnıń obrazları arqalı dástanda zulımlıq, ósekshil, mákkarlıqtıń eń jaman belgileri berilgen. Sonıń menen olardıń kúndeslik, bir-birewin kóre almawshılıq qásiyetleri anıǵıraq ashılıp beriledi. Xanımnıń Gúlsharaǵa, onıń balalarına islegen jamanlıqları bunıń ayqın dálili boladı. Toǵız xanım dástandaǵı waqıyalardıń bastan-ayaq shiyelenisiwinde sheshiwshi háreket etetuǵın qara kúshler bolıp kórinedi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# Sháryar

*(Dástannan úzindi)*

Ol ulınıń sıyaǵı,
Darapshaǵa megzegen,
Ol qızınıń sıyaǵı
Gúlsharaǵa megzegen.
Balalardı kóredi.
Mamaǵa qarap jıladı:
Aynalayın xan mama,
Qarap júrgen jan mama,
Hár waqıtta bul bala
Bizge zıyan keltirer.
Joq etkil! — dep jıladı.
Bir hamiyan qızıldı,
Sol mamaǵa beredi.
Altın kórse perishte,
Joldan shıǵar degendey,
Paraǵa mama qızadı,
Xanǵa aytqan lábizin,
Mástan kempir buzadı.
Gúlshara atlı nasharǵa,
Kempir demdi saladı.
Júwen ketip qolınan.
Pardaq taslap quladı.
Eki birdey rawshandı
Qolınan tartıp aladı,
Aq kesege bir salıp,
Orap qara pillaǵa,
Xanlar salǵan sarhawız,
Suwǵa atıp uradı,
Eki birdey náreste,
Gúmbirlep batıp qaladı.

Sóytip kózin ashpaǵan bir iyt penen pıshıqtıń balasın tawıp, Gúlsharanıń qoynına saladı.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Qayırqom bolıp  sum  mama,
Basın  súyep  turadı.
Sol  máhálde  Gúlshara,
Óz  qáddine  keledi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kózin ashıp qarasa,
Eki birdey sıńsıǵan,
Bálelerdi kóredi.

Xan Darapsha qula maydan shóllerde, kún ótse ay ótkendey, ay ótse jıl ótkendey bolıp júrdi. Mezgili boldı. Gúlsharanıń waqtı pitti. Kim súyinshi sorap keler eken dep ayday jolǵa qarap júre berdi.

Kúnlerden bir kún ǵáplet uyqıda jatıp sáhár waqta bir tús kórip, seskenip jayınan turdı, túsiniń sıyqınan qorqıp hámme adamların jıynap, attıń ústine minip qaytıw ushın jolǵa rawana boldı. Xan jollardı qadaǵan etti. Súyinshi tilep adam shıqpadı. Jol ortaǵa kelgenshe heshkim shıqpadı. Qalaǵa jaqınlap dárwazanıń aldına keldi.

Xannıń tóǵız xanımı xannıń kelgenligin bildi. Juwırıp maydanǵa shıqtı.

Qasların qaǵıp,
Láblerin qımıp,
Ah saylap alǵanın,
Bizlerden jaqsı kórgeniń,
Bir iyt penen pıshıq tuwdı,

dep súyinshi soraydı.

Xanǵa qayǵı boldı. Sırtı kúldi, ishi bildi. Attan túsip barıp taxtına mindi. Oylandı yarım aqsham waqtında:

Ne de bolsa kewlim qalmaǵan hayalım edi! — dep Gúlsharaǵa qarap júris etti. Gúlshara da tillá saraydıń ishinde gáplet uyqıda edi. Iyttiń balası menen pıshıqtıń balası ırıldasıp, mırıldasıp Gúlsharanıń aq kóksine minip ótırǵanların kórdi. Xan bunı kórip ah shekti, kózinen qanlı jas tókti, xannıń qáhárinen qorqıp uyqılı-oyaw jatqan Gúlsharanı kórip oyatıp bir sóz ayttı.

Ashılǵan baǵdıń lalası,
Tur jayıńnan Gúlshara,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Turǵıl iyttiń anası
Tur pıshıqtıń anası
Iyt penen pıshıq tuwıpsań,
Bizdi aldap júripseń.
Tur zanǵardıń balası
Sol waqları bolǵanda
Muńlı bolǵan Gúlshara
Perzentinen ayrılǵan,
Sorqaynaǵan muptala,
Sekirip turdı jayınan:
— Aynalayın xan ata,
Qaraǵım bolǵan jan ata,
Men arzımdı aytayın,
Aytpay sizge qáyteyin,
Qarshıǵa qustıń balası,
Qayında bolar uyası,
Qayın túbin jel qaqsa,
Qayǵıda bolar anası,
Gáhi kólde óldi me,
Gáhi shólde óldi me,
Gáhi kempirden boldı ma,
Gáhi kúndesten boldı ma?
Gáhi otqa saldı ma,
Gáhi suwǵa saldı ma,
Shorınıń tapqan balası,
Jılap qalǵan keyninde,
Mendey baxtı qarası,
Iytelgi qustıń uyası
Shetende bolar balası,
Sheten túbin jar qaqsa
Qayǵırmay ma eken anası,
Gáhi kólde óldi me,
Gáhi shólde óldi me,
Shorınıń tapqan balası,
Japalaq qustıń balası,
Jarda bolar uyası,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jar jaǵalay suw alsa,
Pármana bolar anası
Aspanǵa ushsa anası,
Jerge tússe sayası,
Botaday bozlap jılasa,
Jerge tamar kóz jası,
Gáhi kólde óldi me,
Gáhi shólde óldi me,
Shorınıń tapqan balası,
Jılamay qáyter keyninde,
Mendey baxtıqarası
Jılqıshı qustıń uyası
Jılǵada bolar balası
Jılǵa túbin suw alsa
Qayǵırmay ma eken anası
Gáhi kólde óldi me,
Gáhi shólde óldi me,
Shorınıń tapqan balası,
Jılap qalǵan keyninde,
Mendey baxtıqarası
Adamzattıń miywesi,
Shiyde bolar balası,
Shiy túbine ot tiyse,
Pármana bolar anası,
Aspanǵa ushsa anası,
Jerge tússe sayası,
Botaday bozlap jılasa,
Jerge tamar kóz jası,
Gáhi kólde óldi me,
Gáhi shólde óldi me,
Shorınıń tapqan balası.
Bul gáptiń hasılına,
Túsesiz be atası,
Túspeysiz be atası?
Jataǵoy, qızım jataǵoy,
Dep uyqılattı anası,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Atlar shapqan bul maydanda dalı jol,
Aytıp boldım mine sağan sózimdi.
Gáhi óltir, gáhi óltirme,
Endigisin óziń bil!

Xan sekirip jayınan turdı. Inanarın da, inanbasın da bilmedi. Barıp altın taxtına mindi. Alpıs eki hámeldar, otız eki múhirdar — bárin jıydırıp aldı. Xan keńesin saldı, bayağı Toman wázir:

— Hey, xanımız: Gúlsharanıń haq qanına qalmayıq, palǵa da inanba, palsız da bolma degen, palkerler palın salsa, ulamalar kitabın ashsa, qorrandozlar qorrasın taslasa, eki birdey bala tússe, toǵız xanımdı óltireyik, eger de túspese, Gúlsharanıń gúnasın moynına qoyıp óltireyik,— dedi. Bul gáp xanǵa maqul tústi, palkerler palın saldı, qorrandozlar qorrasın tasladı, ulamalar kitabın ashtı, bir kekili altınnan, bir kekili gúmisten ay menen kúndey, aptap penen birdey hár eki túkleri zerbaraq suw astındaǵı bir ul menen bir qızdı kórdi, bul awhaldı toǵız xanım bildi.

Juwırıp bardı qasına,
Tayaq urdı basına,
Háy ońbaǵan, sen, molla,
Ólmeymen dep júrseń be?
Bul kúnińdi ózińe,
Kóp kórip sen júrseń be?
Yarıń ul, qız taptı dep,
Aytsań óziń bileseń
Etińdi gúrjige tarttıraman
Awzıńa qorǵasın quydıraman
Eger bılay sóylemey.
Ul, qız tapqan joq deseń,
Qırq lágen tillá beremen. —

dep aytqan waqta xannıń jasawılları keldi. Bulardan juwap soradı. Sonda molla turıp duwagóy eken qatınıńız,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

siziń diydarıńızǵa ashıq bolǵan eken, bes-on kún ózin panayıńızda dáwran súriw ushın duwa menen qarnın shamal tıǵıp jel buwaz bolǵan eken, siz ketken soń duwa menen shamaldı shıǵarıp, iyt penen pıshıqtıń balasın ózim taptım, — dep hiyle qılıp otır eken dedi, xan bunı esitip qattı qáhárlenip:

— Jállat! — dep shaqırdı. Jállatlar tayar boldı, Gúlsharanı shalıp óltirmege húkim qıldı. Xannıń toǵız xanımı bul zańǵar shalǵan menen ólmes, óler de keter, bu azap penen ólsin dep jállatlardan qanın sorap aldı.

Lalı marjan sádepti,
Jállattan aldı juwaptı,
Xannıń toǵız xanımı,
Súyip alǵan zalımı,
Xannıń toǵız biybishi,
Shırpıldasıp gewishi,
Qolına qamshı aladı,
Beline arqan shaladı,
Gúwlep úyge baradı,
Biri ashtı esikti,
Gúlsharaday ǵáripti,
Úyden tartıp aladı,
Eńse tonın sıyırdı,
Zamanasın quwırdı,
Eki qolın bayladı,
Shiyrin janın qıynadı,
Qamshı urdı moynına,
Qanlar aqtı qoynına,
Qamshı tiydi basına,
Qanlar tamdı shashına,
Ráhim qılmay xanımlar,
Kózden aqqan jasına,
Aldına salıp aydadı,
Azap berip qıynadı,
Muńlı bolǵan Gúlshara,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Perzentinen ayrılǵan,
Sorlı bolǵan muptala,
Xanımlar dep jılaydı.

Bunıń menen de qoymay kúndesler ura bergennen soń, Gúlshara taǵı bılay deydi:

«Toǵız birdey xanımlar,
Úyi kúygir zalımlar,
Ura bermeń biybishler,
Bul gápime qulaq sal,
Men gápimdi aytayın,
Haqtıń pármanı bolǵan.
Jeti jasıma kelgende,
Shilterler túsime engende,
Biybi patma bizler degen,
Haq muwapıq kórgen,
Bizdi xanǵa bergen,
Shilterler nekemdi qıyǵan,
Bir ul menen bir qızdı,
Bizge miyasar kórgen,
Erenler túsime engen,
Qolıma bir gúl bergen,
Bunıń haslı nashar degen,
Atı Ánjim bolsın, degen?
Emshek sútke qanbay qalǵan,
Diydarına toymay qalǵan,
Qundaǵında ǵayıp bolǵan,
Tawıp beriń qızımdı,
Erenler túsime engen,
Qolıma eki gúl bergen,
Bunıń haslı ul degen,
Emshek sútine qanbay qalǵan,
Qundaǵında ǵayıp bolǵan,
Tawıp ber Sháryar balamdı.
— Mine, seniń Sháryarıń,
Mine, seniń Ánjimiń, dep


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qaramadı júzine,
Inanbadı sózine,
Eki qolın bayladı,
Shiyrin janın qıynadı,
Azap penen ólsin dep,
Quw shóllerge aydadı,
At shaptırdı dalaǵa,
Jar urdırdı qalaǵa.

— Gúlsharaǵa kim bir tislem nan, bir tislem suw berse, darǵazap boladı, — dedi.

Bunı esitkenler hesh nárse bermedi, ana esikke, mına esikke bárine de bardı, heshkim heshnárse bergen joq, aqırında sol qaladan shıǵıp ketti. Anamanda ólermen, mınamanda ólermen dep júrip, bir mezgillerde bir bálent tawdıń ústine shıǵıp tum-tusqa kóz salıp qarasa, kóz ushında bir tawdıń bawrayında ullı háwlini kórdi, jaqın kelip qarasa, jaz esiktiń aldında biraz kánizlerdiń tandırǵa ot jaǵıp, nan jawıp atırǵanların kóredi, adamda úsh arsızlıq bar: birewi kúlki, birewi nápsi, birewi uyqı. Nápsi jeńip tandır basındaǵılarǵa:

Ólgende saya bolar,
Men ǵáripke qayır qılıń,
Baxtıqara diywanaman.
Tawdı gezgen biygánaman,
Eki rawshannan ayrılǵan,
Sorıqaynaǵan biysharaman,
Kim tıńlaydı arzı-halım,
Hayat kórgeymen diydarın,
Qashırǵan qoldan suńqarın,
Eki rawshannan ayrılǵan,
Men bir júrgen biysharaman,
Bir urtlam suwdan berińler,
Ol kánizler qayırılıp,
Qaramadı júzine,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qulaq salmay lábizine,
Kóterip alıp nanların,
Jóney berdi úyine.
Jetkermey haqqa ol dadın
Seller qıldı kóz jasın,
Qara tasqa tawlap-tawlap
Ura berdi ol basın.

Bul háwli Toman wázirdiń háwlisi edi, tillá sarayda tánha ózi edi, jayda otırǵanda qulaǵına ses tiyedi. Jayınan turıp, jaz esikke shıǵıp qarasa, ózi arada júrgen, xanǵa ayttırıp alıp bergen Gúlsharanı kóredi. Ráhimi keledi, óksip jılay beredi:

Ayttırıp barǵan ózim dep,
Nekalatqan ózim dep,
Jamanlıq etsem nasharǵa,
Oyılmay ma kózim dep,
Bes tanamdı aladı,
Jamanlıq etse xanlarıń,
Meni úyge saladı,
Yaratqannıń haqı ushın,
Eki birdey náreste,
Nárésteniń haqı ushın,
Tańda mahsher kúninde,
Iymanın berse boladı,
Juwırıp bardı qasına,
Rahim etti áziz er.
Aq bilekten aladı,
Kózden aqqan jasına.
Dárwazaǵa baradı,
Neshshe qamqa beredi,
As berse de jemedi,
— Aynalayın ul-qızım,
Sháryar menen Ánjimim,
Dep biyshara kóz jasın


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bulay berdi Gúlshara.
Sorqaynaǵan muptala.

Xannıń toǵız xanımınıń bir shorısı bar edi. Onıń atın Shirwan shorı dep at beretuǵın edi. Shirwan apań hár waq máskapshılıq etip suw boyına baratuǵın edi. Bir kúni:

— Suwdıń boyına barayın,
Halaqamdı bálentirek orayın,
Haywanqasım bálentpeken, páspeken
Xoshreymeken yaki biykar gáp pe eken?
Ayna alar pulım bar ma,
Alıp berer bayım bar ma,
Suwdan artıq qayım bar ma,
Ájel jetpey ólim bar ma.
Men sorlıǵa tınım bar ma?

— dep sarhawızdıń boyına barıp, haywan qasın bálentirek orap, suwǵa úńilip qarap turdı. Ay kibi bolǵan jaqtılıǵı suwdıń júzin alǵan bir sáwleni kórdi. Eger bul sáwle meniń sáwlem bolsa, meniń qabaq arqalaǵanım da biykar, mesik tasıǵanım da biykar, áytewir jaqsı, jaqsı jigitler artımnan mıyıq tartıp kúlip qala beretuǵın edi-aw! Olar meniń pákizeligime kúledi eken-aw dep maqtanadı. Qabaǵın buzdı, mesigin jırttı, shorını quday urdı:

— Bárekella, munnan da beterirek etip orap kóreyin — dep qaytadan orap suwǵa tigilip qarasa, bir kekili altınnan, bir kekili gúmisten bir ul, bir qızdı kórdi.

— Bárekella, bayaǵı biyshara Gúlshara ulım, qızım dep jılap edi-aw! — dedi.

Bul balalardı kórgenligimdi xanǵa súyinshi sorap barsam bawırı qatıp qalǵan xan heshnárse bermes, onnan da toǵız xanımǵa barayın, kóp súyinshi alayın dep jetip baradı, kórgenin bir-bir bayan etip tur:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— Men jılayman nalısh etip zar-zar,
Ta ólgenshe men bolarman xızmetker,
Sal qulaǵıń tıńlay bershi xanımlar,
Shirwannıń sizge aytar arzı bar.

Qaq ayrılsa dáryalardıń qıyaǵı,
Tas qaqsa ayrılar bedew tuyaǵı,
Suw túbinde eki rawshan kórgenmen,
Darapshaǵa megzer uldıń sıyaǵı.

Zerbaraqlı edi attıń kekili,
Kimler edi Gúlsharanıń shın eri,
Suw túbinde eki rawshan kórgenmen,
Gúlsharaǵa megzer qızdıń sekili.

Ashılmaǵan bálent tawdıń lalası,
Qabıl bolǵan bul nashardıń tobası,
Suw túbinde eki rawshan kórgenmen,
Mágar bolsa Gúlsharanıń balası.

On gúlim bar bir gúlimnen gúlǵunsha,
Taqatım bolmaydı ballar kelgenshe,
Aytıp boldım arzımdı men sizlerge,
Ha xanımlar súyinshi ber siz bizge.

Xanımlar bayaǵı bala ekenin bildi, qattı ashıwı keldi, shorını jatqarıp urdı, turǵızıp urdı, ura-ura aqılın aldı. Aqıldan biygana qıldı, bul sapar ayınıń bálesi suwǵa túsipti, sen sapar aydıń bálesın kóripseń, onı kóre salıp bunda kelipseń, biz barıp, xanǵa xabar bersek, saǵan xan kelse, bále xanǵa kórinip atır ma, ol áwel jalǵan sóylediń dep, seni óltirse, onnan sońǵı jerde hámmeńiz otırıp shorınıń gápi menen meni ne ushın hálek qıldıńız, dep bizlerdi óltirse kerek, dep taǵı da urdı.

Tayaqtan silesi qattı,
Súyinshige battı,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Olla-billá aytpayman dep,
Isti-kepti,
Anıq shártin ayttı,
Qashıp báder ketti.

Balanıń xabarın esitip xanımlardıń hesh taqatı bolmadı, mamanıń qasına jetip bardı.

— Hey, mamajan, senseń bizge mehriban, bayaǵı júwernemekler ele tiri deydi ǵoy?

Sonda kempir:
Hey balalarım:
Óli me, tiri me,
Qırq shilterdiń biri me,
Attım suwǵa,
Qalǵan ekenmen,
Ayrılmastay dawǵa.

óltirmek qolımnan kelmes dedi. Buǵan xanımlardıń qáhári keldi, ya óltir yamasa alǵanıńdı qaytıp ber,— dedi. Kisege kirgen puldı shıǵarıw ańsat pa? Mama keńesin berdi:

— Hey balalarım, munnan ketseńiz. Qaratawdıń basına jetseńiz, xannıń túye baqqan qırq qulı bar edi, aldarsız, arbarsız, áytewir munı óltirse solar óltiredi,— dedi, áne bul gáp xanımlarǵa maqul bolıp, bunnan da ketti, Qara tawdıń basına jetti, xanımlar kelgen soń qulda turıs bar ma! Hámmesi jıyılıp keldi, kelmegenin shaqırıp aldı, másláhát tóbesine keldi.

— Hey xanımlar, ne xızmet bar? — dedi qullar. Sonda xanımlar Suwda bala bar deydi, bir túrli bále bar deydi, sol balanı óltirgen qulǵa azat xatın alıp beremiz, kóshemizge hákim ettiremiz,— dedi. Xannıń qırq qulınıń ishinde Qodarqul degen qulı bar edi.

Ózi ábishirek,
Áldeńgirek



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ras sózden
Ótirigi kóbirek qul edi.

Eger azat xatımdı alıp berse, kóshesine hákim ettirse, qırq lágen tillá berse, onnan artıq mağan ne kerek,— dedi. Onı óltirmek túwe bárshesin qurtıp kelermen,— dedi.

Láli marjan sádepti,
Xızmette bağrım kábaptı
Áyne sáske waqtında,
Xanımnan aldı juwaptı.
Beline arqan shaladı,
Ishine shuwal saladı,
Qolına qanjar aladı,
Xanlar alǵan sarhawız,
Sarhawızǵa baradı,
Eki birdey balanı
Suwdan shıǵarıp aladı.
Ol shuwalǵa saladı,
Awzın bekkem tańadı,
Iynine qaǵıp bir salıp,
Jolǵa rawan boladı.
Bir kún tamam jol júrdi,
Shıǵalmadı elinen,
Eki kún tamam jol júrdi,
Shıǵalmadı jurtınan,
Úsh kún tamam jol júrdi
Shıǵalmadı qaladan.
Kúni kúnge ulastı,
Az ǵana emes mol astı,
Jeti kún tamam jol astı,
Dárbent jolǵa baradı,
Shuwaldı jolǵa qoyadı,
Sháryardı qolǵa alıp,
Ayaq-qolın tańadı,
Shalmaǵa qayım boladı,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Endi shaldım degende,
Joldan hawaz keledi,
— Atańa nálet bádirek,
Shalma ústime balasın
Zar jılatıp keyninde,
Eki baxtı qarasın.
Shalsań ústime balasın,
Zar jılatsań keyninde
Eki baxtı qarasın,
Turǵan jerden tartpasam,
Qarıwın kibi qılmasam,
Jollar atım qurısın.
Jollar sóyley beredi,
Jan-jaǵına qaradı.
Heshbir janlar kórmedi.
Sonda hayran boladı,
Bala emes bul dedi.
Bizge shıqqan báledi,
Shuwalǵa qaytıp saladı,
Kóterip alıp jóneldi,
Bul ketkennen ketedi,
Ne maydan ılǵal etedi,
Jáne bir jeti kún júrip,
Suw basına jetedi,
Shuwaldı jerge qoyadı,
Ánjimdi qolǵa aladı,
Ayaq-qolın tańadı,
Suwǵa atpaq boladı,
Endi attım degende,
Suwlar sóyley beredi:
Kóllerden hawaz keledi,
Atpa xannıń balasın,
Atsań xannıń balasın
Buzsań xannıń qalasın
Kóp jılatsań keyninde,
Nahaqtan janǵan anasın,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Turǵan jerde jutpasam,
Kóller atım qurısın.
Degen hawaz keledi.
Ján-jaǵına qaraydı,
Heshbir janlar kórmeydi
Sonda hayran boladı,
Al shuwalǵa saladı,
Daǵıstanǵa baradı
Biyik tawǵa minedi,
Áwel uldı aladı,
Qol ayaǵın tańadı,
Shalmaqqa meyil boladı,
Shalayın dep turǵanda,
Tawdan hawaz shıǵadı,
Shalma xannıń balasın,
Buzba xannıń qalasın,
Buzsań xannıń qalasın
Kóp jılatsań anasın,
Turǵan jerde jutpasam,
Tawlar atım qurısın,
Degen hawaz keledi.
Hayran bolıp turadı,
Heshbir jandı kórmeydi,
Jáne hayran boladı,
Kóterip alıp jóneldi.
Jollardı mánzil etedi,
Sol waqları aldınan
Iyninde bar jandesi,
Basında bar sállesi,
Bir diywana babası,
Ústinde bar mállesi,
Aldınan tayar boladı,
«Atańa nálet bádirek,
Isti qılma biydárek,
Bul ketkennen ket dedi,
Ne maydan ılǵal et dedi,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qırq kúnshilik jolı bar,
Jigirma kún shóli bar,
Jeti joldıń dárbenti,
Dárbent jolǵa jet dedi,
Atası edi Darapsha,
Tiriley taslap qayt dedi,
Anası edi Gúlshara,
Eki birdey muptala,
Muptalanıń haqı ushın,
Tiriley taslap qayt dedi.
Ol miynetin kóp kórgen.
Ráhátin kórmegen,
Biysharanıń haqı ushın,
Tiriley taslap qayt dedi.
Gúna emes sawaptı,
Ótirik sóylep qayt» — dedi.

Qul hayran boldı, ján-jaǵına qaradı, heshkimdi kórmedi. Neshe kún jol júrip, dárbent jolǵa baradı. Shuwaldan shıǵarıp uldı oń jaǵına, qızdı sol jaǵına taslap kiyimlerin sheship alıp, tiriley jalańash qaldırıp, aldına qaramay qashıp baratır edi, tawdıń arasınan bir kiyik shıǵa qashtı, ol hám jerden tastı alıp kiyikke qarap shıńǵıtıp jibergen edi, tiydi me, tiymedi me kiyik te tarpa jata qaldı. Juwırıp barıp kiyiktiń ústine minip:

Qolına qanjar aladı,
Qarqıratıp shaladı,
Eki birdey balanıń
Kiyimin qanǵa boyadı,
Ókpe, bawır, júregin aladı,
Quldıń kewli toladı.

Qul qaytıp neshe maydan jol júrip, Darapsha xannıń eline keledi, mine kiyimi, ókpe-júregi dep kiyiktiń ókpe-júregin toǵız xanımǵa beredi. Qul inamın aldı, xanımlar qarańǵı jayǵa barıp, kiyimlerin órtep, ókpe-júregin toppı


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qazanǵa salıp, pisirip jep, kúndeslik haqqında dem shegip otıra berdi.

Áne, eki bala ıssıǵa kúyip jılap jatqanda, bir aydarlı bult kelip dál tóbege saya boldı. Sol máhálde tońıp jıladı. Bir aydarlı bult kelip jel tárepinen pana boldı, olar ash bolıp jılaǵan edi, ǵayıptan bir kiyik payda boldı, eki emsheginen ırısqı beredi. Qırq kúnshilik jerde Shashıwar degen xan bar edi, ózi batır palwan edi, sárkardasınıń atın Qaramanqul der edi, dárbent jolǵa kelip, seksewil jaǵıp kómir etip alıp qaytatuǵın edi. Bular da dárbent jolǵa jaqınlap kelip qondı, tań atqanda qarasa, kún shıǵardan bir kún, batıstan bir kún shıǵıp turǵanın kórdi.

Háy qudayım, kún shıǵıstan shıǵıp turǵan kún anıq burıńǵı kún, al batıstan shıqqan kún bul qanday kún dep hayran qaldı, kún ózin kem-kemnen bálentke aldı, al kún batıstaǵı kún ózin kem-kemnen páske aldı, sol waqıtta alpısı bále dep túyesine asılıp, baslı basına qashtı, kórgen bále qashqan menen qutqarıp atırma, báleniń sırtında bolǵanınsha ishinde bol degen dep, Qaraman túyesinen jerge túsip, altın dásteli baltasın qolına alıp:

Ayaǵın basıp ańlap,
Qulaǵın salıp tıńlap,
Áste ǵana jaqınlap,
Bardı júrip qasına,
Kózler salıp qarasa,
Bir kekili altınnan
Bir kekili gúmisten
Kiyimi joq jalańash,
Náhári joq ózi ash,

Altın kekili kún menen shaǵılısıp bir-birine qarap jılap atırǵan eki balanı kórip, juwırıp barıp úsh aylanıp mańlayınan súydi. Kókten tilegenimdi jerden berdi dep, eki balanı qoynına salıp, túyege minip, Sha-


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shıwar xannıń eline qayttı. Qaramannıń ul, qız tapqanı dárhal xanǵa jetti, xan Qaramannıń aldınan shıǵıp júre berdi. Kóp máhál bolǵanda Shashıwar xan Qaramannıń aldınan shıqtı, qolındaǵı eki birdey balanı kórip, úsh mártebe aylanıp mańlayınan súyip:

Bawırı onıń ezilip,
Kewilleri buzılıp,
Narday beli búgilip,
Kózden jası tógilip,
Úsh mártebe iyilip,
Tórt mártebe búgilip,
Perzent ushın zar jılap,
Qula bası iyilip
Sálem berip turadı,
Eki qolı kóksinde,
Turıp tayaq ústinde,
Qol qawsırıp Shashıwar
Quldan bala soradı.
Sálem berdi Qaraman,
Seskendi bir shiyrin jan,
Qayǵılı posa almaqlıq,
Burınǵıdan qalǵandı
Ǵayıp bala xandiki,
— Bermeymen dep bul ayttı,
Bergen allatalamdı,
Bermese qaytıp aladı,
Zorlıq etseń al deydi.
Eger zorlıq qılmasań,
Xan jayıńa bol deydi.
— Jaqsı adamǵa aytsań gáp
Gáp mánisin ańlaydı,
Jamanlarǵa aytsań gáp,
Aldaydı dep nanbaydı,
Aqmaqlarǵa gáp aytsań,
Gáp parqına barmaydı,
Nákeslerge gáp aytsań,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Gáp parqına barmaydı.
Qattı qashpa qul deydi
— Men bermeymen balanı,
Bergen allataladı,
Bizge bergen zerińiz
Ol ústińe shashılsın.
Men bermeymen balanı,
Xan teńlikke tur dedi,
Sen jayıńa bol dedi,
Usı gápti esitip,
Xan qáhári keledi,
Shashıwar sóyley beredi;
— Há Qaraman, Qaraman,
Atańa nálet biyiyman,
Qattı qashpa qul dedi,
Júyrikke tomar tabılar,
Júyrik bolma sen dedi,
Bir kemlikke kámal bar,
Menmenlikke zawal bar,
Menmenlik etpe sen dedi,
Alasha kózim alartsam,
Qızıl júziń gelleǵar,
Zapırańday sarǵayar,
Berip qoyma qul dedi,
Qul qáddińdi bil dedi.
Ǵayıp bala xandiki.
Bir balanı ber dedi,
Uldı bizge ber dedi,
Qızdı óziń al dedi.
Xanǵa jarı bol dedi.
Abıray barda gelleaǵar
Bir balanı ber dedi,
Xan qáhári keledi,
Ol qáhárdiń kelgenin
Qaraman endi biledi,
— Aynalayın xan ata,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qaraǵım bolǵan jan ata,
Qattı qashsań turdım men,
Ekilik etsem qayttım men,
Sheshen bolsam qayttım men,
Gúna qılsam xan aǵa,
Ol gúnamdı keshir sen.
Ulı túwe xan aǵa
Qızdı hám sen al dedi,
Al balanı al dedi,
Qutlı bolsın xan dedi,
Oynap edim men dedi.

Sóytip Shashıwar xannıń qolına beredi, Shashıwar xannıń quwanıshı qoynına sıymay, bala menen qızdı ákelip Aqdáwlet zayıbınıń qolına berdi, ol hám qolına alıp kóyleginiń ishine salıp tompayıp júkli bola qaldı. Xanlar salǵan ordaǵa baqandı qaqtırıp, júwendi kerdirip, jeti kún tolǵatıp ótirikten eki balanı tuwdı. Bilgen adam tawıp aldı dedi, bilmegenler ullı, qızlı bolǵan dedi. Qırq kún oyın, otız kún toyın berdi, toyǵa kelgen ǵarrı-ǵurrılarǵa balamızdıń atın qoyıń, sóytip mınanı bólip alıńız dep, Aqdáwlet qırq lágen tillá qoydı. Adamlar úsh kúnge sheyin at qoydı, heshqaysısı unamadı, jıynalǵan adamlar at qoyalmay degbirlerinen sastı. Sol waqlarında basında gúla, iyninde jánde izinde qırq adamı bar bir qálender tap boldı, qálenderge balanıń atın qoyıńız dep Aqdáwlet bir sóz ayttı:

— Balanıń atın qoysańız.
Qora tolı qoyım bar,
Bunı alıń, babajan,
Buǵan kewliń tolmasa,
Kókirekte shiyrin jan,
Bunı alıń, babajan,
— Qátelik etpe jan balam,
Kerek emes dúnya mal,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bizge bergen malıńdı,
Padashıǵa bere ber,
Bizge bergen túyeni,
Sarwanıńa bere ber,
Bizge bergen narındı
Kárwanıńa bere ber,
Bizge bergen zerińdi
Zergerińe bere ber,
Bizge bergen taxtıńdı,
Eki birdey perzentiń
Perzentińe bere ber,
Bizge bergen janıńdı
Jan almaq Aqdáwlet
Ol qolımnan kelmeydi,
Azireyil babań kelgende,
Altmıs eki tamırdıń
Betine sheńgel salǵanda,
Ázireylige bere ber.
Dárkar emes hesh zatıń
Qoyayın balam men atın
Qırq kúnshilik jolı bar,
Jigirma kúnlik shóli bar,
Atası edi Darapsha,
Anası edi Gúlshara,
Miynetin kórip biyshara,
Ráhátin kórmegen,
Jılap qalǵan izinde,
Biysharanıń haqı ushın,
Perzentinen ayırılǵan
Muptalanıń haqı ushın,
Balanıń atın qoyayın.
Onnan berman kelgende,
Qaraman quldıń haqı ushın
Onnan berman kelgende,
Ógey ata Shashıwar,
Ógey ana Aqdáwlet,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ekewiniń haqı ushın,
Eki birdey náreste,
Náresteniń haqı ushın,
Balańnıń atın qoyayın,
Al ulıńnıń atı dep:
— Jeti jurttıń sultanı,
Jeti ıqlımnıń ol xanı,
Jurtqa sultan bolsın dep,
Atın Sháryar qoyaman,
Ol qızıńnıń atı dep,
Perilerdiń payqalı,
Kóp periniń máskani,
Perige máskan bolsın dep,
Atın Ánjim qoyaman
Ulıńnıń atın Sháryar.
Qızıńnıń atı Ánjim dep,
Kózden ǵayıp boladı.

Sháryar menen Ánjimniń atın qırq shilter ǵayıp erenler qoyadı.

Balalar birden ekige shıqtı, ekiden úshke, kem-kemnen ósip mektepke bardı. Balalar mektepte oqıy berdi, ekewi de on tórt jasqa kelgende, oqıwın tamam qılıp, kóp bilim, ilim hónerge jetisti. Buǵan jurttıń hámmesi hayran qaldı. Bul kúnleri Shashıwar xan Ánjim qızına baǵ-hárem qurdı, sırtınan toǵız paqsa diywal aynaldırdı, ishinen hawız qazdırdı, boyına daraqlar tikti, astına kelip:

Bosaǵasın borlatqan,
Uwıǵı bar dandannan,
Shańaraǵı gúmisten,
Altın menen polattan,
Mańlayshasın otawdıń,
Gúmis penen shaldırǵan,
Ústi-basın otawdıń,
Hinji menen qaldırǵan,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Túńligi bar zerbaraq,
Kórinedi jarqırap.

Usınday otawdı qızına saylap beredi, Ánjimniń qasına saylap qırq qız qoyadı. Sháryar da kún sanap erjetti. At minbekti talwas etti, sóytip anasına kelip:

Hey anajan, senseń maǵan miyirman,
Men bir xanzada bolsam,
Kún kórmegen azada bolsam,
Miner atım joq,
Salar qusım joq,
Atama aytıp barsań,
Alǵır suńqar qus berse,
Júyrik bedew at berse,
Keskir qılısh, qarıw-jaraq taxt berse,
Qus salsam daǵıstanlıqtı gezsem,

Qalay boladı, — dedi, tuwmasa da tuwǵanday kórip júrgen anasınıń júregi tarsa ayrılıp, quwanǵanınan quwanıshı qoyınǵa sıymay, Shashıwar xannıń aldına barıp, Sharyarǵa soraǵanın beriwdi ayttı.

Xan: Bar ǵáziynemniń iyesi bolsın, ıqtıyarın berdim balama, dedi. Sol waqlarında Ánjim ǵáziynege barıp jaqsı at, keskir qılısh, berik sawıt, ǵubbalı qalqan, kerek zatlarınıń heshqaysısın qaldırmay ákelip Sháryar aǵasına berdi. Aǵası attıń ústine minip, saqıylıq atın kóterdi, onıń qasına qırq jigit jıynaldı. Shashıwardıń aytqanınan beterirek boldı. Tum-tustan kúnlikshi aldırıp, tawdıń kenarınan bir dárya aldıradı. Sonıń menen birge bir baǵ, sharbaq, háwli-hárem saldırdı. Kórgen adamlardı hayran qaldırıp, bunıń atı, hawazası pútkil álemge jetti. Ol Darapsha xannıń eline jetti, bul xabardı esitken toǵız xanımnıń hesh taqatı bolmadı, toǵız xanım bayaǵı mamanı shaqırıp alıp:

— Háy, mama, áwel óltirdim dediń, bir hamiyan qızıl tillamızdı aldıń, onnan da tiri shıqtı, qullarǵa párman


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

berdiń, ol óltirdim dep keldi, bunnan da aman qalsa kerek, Sháryar menen Ánjimniń atı qulaǵımızdı jarıp baratır, ne gápiń bar? — dedi.

— Háy ballarım, qırq kúnshilik jolı bar, nasıbay pulımdı molıraq qılıp berseń óltirip kelermen, barsa kelmes jolına buyırıp kelermen,— dedi kempir.

Bul zańǵardıń nasıbay pulı ne bolar eken dep bir lágen tillá berdi.

Bul meniń murnıma iyiskewge de jetpeydi dep shashıp tasladı. Taǵı bir lágen berdi, eshek otım jańa boldı dep qaǵıp aldı. Buǵan bir bále kórindi ǵoy dep bir lágen berdi, jem pulım jańa boldı dedi. Taǵı bir lágen pul berdi, jańa qulqınım toldı dep kempir shadıqorram bolıp, sharbazarına bardı:

Shar bazarǵa baradı,
Ájep sawda qıladı,
Góne kórpe aladı,
Góne gewish aladı,
Góne qurdı beline,
Bekkem baylap shaladı.
Qolına tayaq aladı.
Sháryardıń baǵı dep,
Jolǵa rawan boladı,
Bir kún tamam jol júrdi,
Shıǵalmadı elinen.
Eki kún tamam jol júrdi,
Shıǵalmadı jurtınan.
Úsh kún tamam jol júrdi,
Shıǵalmadı qaladan.
Tórt kún tamam bolǵanda,
Shıǵıp alıp elinen.
Jolǵa rawan boladı,
Biyik-biyik qırlardan,
Suwlar aqqan jıradan,
Quwatı menen tillanıń,
Sekirip ótip baradı,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qarsaq júrmes qalıńnan
Qayırılmay ótip baradı,
Túlki júrmes túneyden,
Túnde ketip baradı.
Bes qalanı aralap.
Aqdáryanı jaǵalap,
Aqsham jatpay baradı,
Kúnin-túnin bir etip,
Ǵarrı janǵa zor berip,
Uyqıǵa kózin úyretip,
Aqsham jatpay keledi,
Kúndiz tınbay keledi,
Ór qoyanday búgilip,
Mamań jaman juwırdı,
Jer tanabın quwırdı,
Mamańnıń bawırı kúyedi,
Pátli qattı juwırsa,
Sawrısına ókshesi
Tikke-tikke tiyedi.
Hár tóbege minedi,
On tórt jasar qız yańlı,
Mamań shashın taradı,
Qıraǵa kózler saladı,
Kózler taslap qaradı,
Tún esabın aladı,
Kún esabın aladı,
Esaplap kelip qarasa.
Eki segiz on altı
Jáne segiz jáne altı
Otız eki kún boladı,
Otız úsh tamam boladı,
Otız tórt kún boladı,
Otız bes kún boladı,
Narday beli búgilip,
Boldırmadı bul mama,
Uwh! — dep demin aladı,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kózler taslap qarasa,
Sháryar soqqan qalanıń
Jaqın eken arası.
Úsh kúnlik jollardan,
Kórindi onıń qarası,
Qırq kún tamam bolǵanda,
Sháryar soqqan qalaǵa,
Mama tayar boladı,
Jaqınlap kelip qalaǵa
Kózler taslap qaradı,
Qırq gezdey orı bar,
Jáne qırq gez tereńi,
Seksen gezdey qala bar,
On eki jerde dárwaza,
Altı jerde jaz awız,
Tilsim eken dárwaza,
Mamaǵa sapar jaqpadı,
Bul qaladan óterge,
Basqa jerin tappadı,
Kún batarǵı tárepte,
Baǵlarǵa suw jibergen,
Bir tońırtqa kóredi,
Kiyimin sheship aladı,
Mamań qıyal qıladı,
Jap-jalańash boladı,
Jas qılıǵın baslaydı,
Kiyimin sheship qalanıń,
Ol shetine taslaydı,
Arqadan samal turadı,
Mamanı quday uradı,
Tońırtqaǵa mamańız,
Shotlap ózin uradı,
Edilden keldi ellisi,
Jayıqtan keldi jalǵızı,
Onnan keldi on ǵarǵa,
Hákke menen mıń ǵarǵa,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Murnı uzın zoń ǵarǵa,
Ayamay tumsıq uradı,
Mamań way-way saladı,
Endi óldim degende,
Sháryar soqqan qalaǵa,
Mama kerilip shıǵadı.
Qala ishine kiredi,
Baǵ ishinde sarhawız
Sarhawızdı kóredi,
Hayran bolıp turǵanda,
Sháryardıń baǵmanı
Ol mamanı kóredi,
Jup jaǵadan tutadı,
Mańlayǵa mushlap uradı.
Tentirekletip mamanı,
Sháryarǵa alıp baradı.
Uzaqtan serlep qaradı.
Sulıwlıǵın kórgende,
Qız, kelinshek sorasqan,
Ash beline shubasqan,
Aybaltası qolında,
Altın taxtıń ústinde,
Sháryardı kóredi.
Kórgennen soń balanı,
Iyilip sálem beredi,
Munday mama kórmegen,
Jası tolıp bilmegen,
Kórgennen soń mamanı,
Sháryar atlı xanzada,
Sekirip jaydan turadı.
Mamaǵa sóyley beredi.

Báhár bolmay baǵdıń gúlin termegen,
Mama kimseń ash buwraday sermengen.
Pirimbiseń, máwishpiseń, ne zatsań,
Ne sebepten bul baǵımda kórindiń?


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Meni kórip sen qawsırdıń qolıńdı,
Mágar adasıpsań júrgen jolıńdı,
Bizge bayan qılǵıl haslı elińdi
Zárre irkilseń, men kesermen tilińdi.

Úmit penen atlanǵansań elińnen,
Qashqan menen qutılmassań ólimnen,
Abıray barda tezirek sóyle, sen mama,
Keldi xabar júz mıń atlı ólimnen.

Sonda mama Sháryarǵa qarap bir sóz aytadı:

— Men mamańman, mamańman,
Xızmetke kelgen mamańman,
Xızmet halın sorasań,
Dáwletke kelgen mamańman.
Xızmetker bir anańman,
Kópti kórgen mamańman,
Taxtı rawan ústinde,
Toǵız biybish jumsaǵan,
Etken isi pul bolǵan,
Jigirma jasqa kelgende,
Bayı ólip tul bolǵan,
Onı kórgen mamańman.
Jin emespen xan balam,
Shaytan emespen balam,
Aqılgóyiń mamańman,
Keńesgóyiń mamańman.
Eki rawshannan ayrılǵan,
Baxtı qara mamańman,
Aynayı jáhándi,
Onı kórgen mamańman,
Dúnyanıń tórt burıshın,
Tórt aylanǵan mamańman,
Jeti ıqlımnıń qalasın,
Jeti aynalǵan mamańman,
Badepshannıń jerine,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Barıp kelgen mamańman,
Hindstannıń jerine,
Úsh ret barǵan mamańman,
Túrkstannıń jerine,
Tórt ret barǵan mamańman,
Jeti hákimniń aldında,
Taqsım bergen mamańman,
Qırq shilter ǵayıp erennen,
Sarqıt ishken mamańman,
Úsh aylaǵan shóli bar,
Bir aylaǵan jolı bar,
Bársheleri jıynalıp,
Altı aylıq jolı bar,
Altı ayshılıq jollarda,
Áyne eldiń shetinde,
Juldızshanıń qızı bar.
Sonnan kelgen mamańman.
Úsh mıń alpıs tanaptan,
Saldırǵan qızdıń baǵı bar,
Hár baǵınıń mushında,
On tórt jigit baǵman bar,
Azanǵı waqta qusı sayraǵan,
Búlbilgóya qusı bar,
Hár páriniń túbinde,
Júz mıń duwa bánti bar,
Altın kekili ústinde,
Qırq mıń duwa shárti bar,
Basarına eringen,
Bul qudanıń qúdireti,
Rasuldıń súnneti,
Hesh munıńday bolmaydı,
Bir adamnıń perzenti.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Sózlikler

**Qamqa** — hasıl kiyim.
**Zerbaraq** — altın jalatqan, altın isletken.
**Sarhawız** — dógeregine altın jalatqan xannıń hawızı.
**Jállat** — xannıń gúnalılardı jazalaytuǵın, óltiretuǵın adamları.
**Ázireyil** — perishteniń atı, diniy túsinik boyınsha jan alıwshı.
**Qırq shilter ǵayıp erenler** — pirler, káramatlı adamlar.
**Ǵubbalı qalqan** — altınnan islengen.
**Mesik** — suw tasıytuǵın ıdıs.
**Halaqam** — hayallardıń basına oraytuǵın materialdıń tómen qarap, artqa salbıraǵan ushı.

?

1. Toǵız xanım Gúlsharaǵa qanday jamanlıq isleydi hám ne sebep?
2. Sháryar menen Ánjim ólimnen qalayınsha aman qaladı? Olardı kimler saqlaydı?
3. Sháryar qanday baǵ jaratadı?
4. Sháryardıń qalasına kelgen Mástan mamanıń niyeti qanday edi?

1. Muǵallimniń kórsetiwi boyınsha dástannan úzindi yadlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÁDEBIYAT TEORIYASÍNAN MAǴLÍWMAT

## Qaharmanlıq dástanlar haqqında

Watan súyiwshilik mazmunǵa hám belgili dárejede tariyxıy tiykarlarǵa iye, el-xalıq, tuwılǵan jerge sadıqlıq ideyalarına tolı xalıq dástanları qaharmanlıq dástan dep ataladı. Qaharmanlıq dástanlar xalıq jırshıları tárepinen muzıka ásbabınıń járdeminde atqarılıp kelgen. Onı atqarıwshılar jırawlar bolǵan.

Qaharmanlıq dástanı óziniń dóreliwi hám tarqalıwı boyınsha ulıwma folklorlıq qásiyetlerge iye, al janrlıq ózgeshelikleri boyınsha ulıwma epikalıq zańlılıqlarǵa baǵınadı. Túrkiy xalıqlardıń qaharmanlıq dástanı «Alpamıs», «Qoblan», «Edige» t.b.

Qaharmanlıq dástannıń mazmunı tiykarınan batırdıń sırtqı dushpanlar menen gúresi dógereginde rawajlanadı. Onda el-xalıq, tuwılǵan jerdi qorǵaw ideyası sóz etiledi.

# GIPERBOLA HÁM LITOTA HAQQÍNDA TÚSINIK

Giperbola—(grek sózi hyperbola—hádden tıs asıra súwretlew) kórkem ádebiyatta zattı yamasa belgili bir hádiyseni, shıǵarmanıń qaharmanın hádden tıs asıra súwretlew. Súwretlewde salıstırılatuǵın nárse de, salıstırılıp atırǵan nárse de óz qásiyetinen artıqmash asırıp kórsetiledi, sol arqalı avtor aytayın degen pikirine dıqqat awdarıwdı hám onı tásirli kórsetiwdi maqset etedi. Giperbolalıq súwretlew ayrıqsha xalıqtıń poetikalıq dóretpesinde, tımsal hám satiralıq shıǵarmalarda jiyi ushıraydı. Mısalı:

Astına mingen Májnún at,
Artqı ayaǵın tiredi,
Alǵı ayaǵın keredi
Orpań jerde oynadı,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qumlı jerde ırǵıdı,
Qarshıǵaday qayqayıp,
Gá ushıp, gá qonadı.

*(«Máspatsha» dástanınan)*

Litota (grek sózi litates — keńislik) — súwretlewdiń túri sıpatında xalıqtıń awızeki dóretpesinde sonday-aq jazba ádebiyatta kópten beri bar. Litota giperbolaǵa qarama-qarsı súwretlew. Eger de giperbola súwretleytuǵın hádiyseni úlkeytip berse, litota hádden tıs kishireytip súwretleydi. Mısalı:

Atları bar ırǵayday,
Moyınları quwrayday,
Qarajannıń kózine,
Kórinedi-aw, sol bala,
Qus urǵan qara torǵayday.

*(«Alpamıs» dástanınan)*

1. «Alpamıs» dástanınan giperbolalıq hám litotalıq súwretlengen qatarlardı tawıp, dápterińizge jazıń.

## QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍ TARIYXÍ

Qaraqalpaq xalqı Orta Aziyada jasawshı túrkiy tilles xalıqlardıń biri. Sonlıqtan ertede dóretilgen túrkiy xalıqlarǵa ortaq jazba ádebiy estelikler qaraqalpaq xalqınıń da ata-babalarınıń miyrası esaplanadı. Óytkeni, VII ásirden baslap Orta Aziya xalıqlarınıń mákanlaǵan jerlerinde túrk qaǵanatı dep atalǵan úlken awqamınıń bolǵanlıǵı belgili. Bul arqası Orıs, batısı Vizantiya, shıǵısı Indiya, Egipet sıyaqlı iri eller menen shegaralasatuǵın mámleket edi. Usı qaǵanatta házirgi túrk tilles xalıqlardıń derlik, barlıq ruwları jaylasqan. Ol dáwirden bizge «Orxon-Enisey» atlı úlken jazba miyraslar jetip keldi. Túrk qaǵanatında VII ásirde


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tirkesh qaǵanlıǵı, VIII ásirge kelip Qarluqlar, keyin Oǵuz hám Qıpshaqlardıń ústemligi bolıp kelgen.

Keyinirek X—XII ásirlerde qarluqlar menen yaǵmalar birge otırıp Qaraxaniyler mámleketin dúzedi. Usı dáwirlerde Maxmud Qashqariydiń «Devani luǵat-at túrk» («Túrk tiliniń sózligi»), Yusuf Xas-Xajib «Kutadǵu-bilig» («Baxıtqa baslawshı bilim»), Axmet Yugnakiydiń «Xibatul-haqoyiq» (Haqıyqatlar sıylıǵı) t.b. shıǵarmaları jazıldı. Sońınan Shıńǵıs xan atlanıslarınan keyinirek barıp, Orta Aziyada túrk tilles xalıqlardıń óz ara bóliniwi baslanǵan. Shıńǵıs xan basqınshılıǵına shekem-aq, túrk tilles xalıqlarında úlken mádeniy miyrastıń bolǵanlıǵı belgili.

Orta Aziyada jasawshı kópshilik túrk tilles xalıqlar, eski túrkiy jazba esteliginiń miyrasxorı bolıp tabıladı. Olardıń hárbiri óz mádeniyatınıń tórkinin izlegende áyyemgi túrk tilles xalıqlarınıń ata-babalarınıń óshpes miyraslarına názer awdaradı. Bul miyras Orxon-Enisey jazba esteliklerinen baslanıp, Orta Aziyadaǵı xalıqlardıń óz aldına xalıq sıpatında qáliplesiw dáwiri, XIV—XV ásirge shekemgi dáwirdi óz ishine aladı.

## ASAN QAYǴÍ

*(XV ásir)*

Asan qayǵı atanıp ketken Hasan Sábit ulı shama menen 1361-jılı yamasa 1370-jılı Edil boyında tuwılǵan. Ol qaraqalpaq, noǵay, qazaq ádebiyatı tariyxında úlken iz qaldırǵan. XV ásirdiń 20-jıllarında Qazanǵa xan Ullı Muxammed bolǵan. Keyin 1456-jılı Jánibek xannıń ordası quralǵan. Sonıń ushın da, onıń tolǵawlarınıń tiykarı sol dáwirdiń tariyxıy waqıyaları menen baylanıslı túrde berilgen. Xalıqtıń aytıwına qaraǵanda, Asan ómirindegi ádalatsızlıqqa ashınıp, turmısqa shın kózqaras penen qaraǵan oyshıllardıń biri bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sonıń ushın ol bir jerde otırıp oy súrgen adam emes. Jelmayaǵa minip alıp el gezgen. Edilden Túrkstanǵa shekemgi aralıqtı aralaǵan. Xan aldında qaytpay, biy aldında búgilmey óz pikirin aytqan. Dáslep xan sarayında Jánibektiń aqılgóyi bolıp, sońınan xanǵa ókpelep, óz jurtınan shıǵıp ketiwiniń aqıbeti de usınnan bolsa kerek. Sebebi kópshilik tolǵawlarında Jánibek xandı keskin túrde sınaydı.

Jánibek xannıń sol waqıttaǵı Altın Orda xanlarınıń biri menen shatasıp qalıwınıń ózi de Asan qayǵıǵa jaqpaydı. Ol ózi xannıń aqılgóy adamı sıpatında: «Urıs heshqanday baxıt alıp kelmeydi. Qandı qan menen juwıp bolmaydı. Olar menen jarasqanıń maqul», — dep táselle beredi. Biraq Jánibek bunıń aytqanın tıńlamaydı. Sonıń ushın da ol saraydı taslap ketken.

Asandı qayǵıshıl deymiz. Biraq onıń qayǵısı jeke basınıń qayǵısı emes. Ol xalıq tágdirin qayǵırıw menen birlikte barlıq janlı maqluqlardan, zıyanlı jánliklerge shekem onıń janı ashıydı.

Asan qayǵı — filosof shayır. Sebebi onıń tolǵawlarında úlken filosofiyalıq lapız, tereń oy bar.

Mısalı:

Taza minsiz hasıl tas,
Suw túbinde jatadı,
Taza minsiz hasıl sóz,
Oy túbinde jatadı,
Suw túbinde jatqan tas,
Jel tolqıtsa shıǵadı,
Oy túbinde jatqan sóz,
Sher tolqıtsa shıǵadı.

Asan qayǵı kóp ǵana tolǵawların násiyat túrinde qaldırǵan. Onıń násiyatları kópshilikke maqul keletuǵın aqıl-násiyat túrinde beriledi. Adamlardı bir-birinen ayırıp qaramaw, ósek sózlerge isenbew, nápsiqawlıqqa berilmew, jıraw poeziyasınıń eń baslı teması dárejesine



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kóteriledi. Sonıń ushın da, onıń kóp tolǵawları xalıqtı aqıllandırıwǵa qaratılǵan.

Ańızlarda aytılıwınsha, Asan qayǵı Sarıarqada — Ullıtawda qaytıs bolǵan.

## Xalıq qáytip kún kórer

Quyrıǵı joq, jalı joq,
Qulan qáytip kún kórer.
Ayaǵı joq, qolı joq,
Jılan qáytip kún kórer.
Shıbın shıqsa jaz bolıp,
Tazlar qáytip kún kórer.
Jalań ayaq músápir,
Ǵazlar qáytip kún kórer.
Xan menen biyler qısqanda,
Xalıq qáytip kún kórer.

## El qádirin ne bilsin

Suw qádirin kim bilsin,
Suwsap kelip qanbasa.
Ot qádirin kim bilsin,
Suwıqqa tońıp kórmese.
As qádirin kim bilsin,
Qarnı ashıp kórmese.
At qádirin kim bilsin,
Jollarda qalıp júrmese.
Jer qádirin kim bilsin,
Basınan dáwlet taymasa.
El qádirin kim bilsin,
Jawdan ayırıp almasa.
Gúl qádirin kim bilsin,
Ándiyshesi bolmasa.
Ómir qádirin kim bilsin,
Qáste bolıp qalmasa.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Arıw qádirin kim bilsin,
Jolına jılap qalmasa.
Dos qádirin kim bilsin,
Dártine sherik bolmasa.

* * *

Kólde júrgen qońır ǵaz,
Qır qádirin ne bilsin.
Qırda júrgen tuwalaq,
Suw qádirin ne bilsin.
Jaman adam jelókpe,
Er qádirin ne bilsin.
Kóship-qonıp kórmegen,
Jer qádirin ne bilsin.
Qos qollap órmek órmegen,
Aw qádirin ne bilsin,
Shıńlarǵa shıǵıp kórmegen,
Taw qádirin ne bilsin.

1. Asan qayǵı qaysı ásirde jasaǵan adam?
2. Ol qaysı xannıń aqılgóy adamı boldı?
3. Ne sebep Asan xanǵa ókpeledi?
4. Ol jelmayaǵa minip ne izledi?
5. Qayǵı degen at ne sebep oǵan berildi?
6. Shayır tolǵawlarında ne aytadı?

1. Tolǵawlardıń mazmunın túsindiriń.
2. Adam neler arqalı tirishilik etetuǵınlıǵın aytıp, gúrriń jazıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# XVIII ÁSIRDEGI QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍ

Túrkstan, yaǵnıy, Sırdárya boyında jasaǵan qaraqalpaqlar sol waqıtları, sol jerdegi qazaq xanlarınan siyasiy jaqtan ǵárezli bolǵan hám olarǵa tiyisli muǵdarda salıq tólep otırǵan.

Bul dáwirde qaraqalpaqlar bir-birine baylanıslı xojalıq jumısı menen shuǵıllanadı. Diyqanshılıq penen birge mal ósiriw, ónermentlik kásibi de orın alǵan.

Túrkstandı jaylaǵan dáwir ishinde qaraqalpaqlar birge otırǵan qazaqlar menen qatar Jońǵar xanlarınıń shabıwıllarına jiyi-jiyi duwshar bolıp otırǵan.

1762-jılı jigirma mıńday ásker menen qaraqalpaqlardı Eralı xan shabadı.

Sırdáryanıń hám Jańadáryanıń boyında otırǵan qaraqalpaqlar bul shabıwıl nátiyjesinde úlken búlginshilikke ushıraydı, ózleriniń ata mákanın taslap, Xorezm tárepke kóshedi. Bunıń kórkem ádebiyattaǵı sáwlesi bolıp Jiyen jırawdıń «Posqan el» tolǵawı jarıqqa shıqtı.

## JIYEN AMANLÍQ ULÍ

Qaraqalpaq xalqınıń XVIII ásirdegi tariyxıy turmısın óz shıǵarmalarında ayqın sáwlelendirgen, xalıqtıń oy-ármanları, qayǵı-hásiretlerin shınlıq penen jırlaǵan belgili shayır hám jıraw — Jiyen Amanlıq ulı.

Shayırdıń qosıqları, terme-tolǵawları XX ásirdiń basına deyin-aq xalıq arasına qoljazba hám awızsha keń taralıp kelse de, biraq baspasózdiń bolmawınan ol shıǵarmalar basılıp shıqpadı. Shayırdıń hasıl sózleri, xalıq ushın etken miynetleri tek biziń zamanımızda ǵana tolıq túrde bahalanıp otır.

Jiyen jırawdıń shıǵarmaları 1930-jıllardan baslap xalıq arasınan jıynaldı. Usı jılları onıń «Xosh bolıń, doslar», «Posqan el», «Ílaǵım», «Ber túyemdi» sıyaqlı shıǵarmaları ádebiyatshı Sádirbay Máwlenov hám



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shámshet Xojaniyazovlar tárepinen jazıp alınǵan. Bulardıń kólemi hám ideyalıq mazmunı jaǵınan eń bahalı shıǵarması esaplanǵan «Posqan el» Taxtakópir rayonında jasawshı Bektursın jırawdıń qoljazba kitabınan kóshirilgen. Usınıń ózi Jiyen jırawdıń shıǵarmaları burınnan-aq qoljazba halında saqlanıp kelgenliginen derek beredi.

Sońǵı jılları, ásirese, 50-jıllardan baslap, Jiyen jırawdıń shıǵarmaların úyreniw, izertlew hám xalıq arasınan taǵı da, onıń ómiri menen shıǵarmaların jıynaw boyınsha jumıslar keń kólemde alıp barıldı. Shayırdıń jasaǵan jerlerine birneshe mártebe ádebiy ekspediciya, ilimiy saparlar shólkemlestirildi. Nátiyjede, shayırdıń ómirine baylanıslı jańa maǵlıwmatlar, burın baspada járiyalanbaǵan shıǵarmaları tabıldı.

Jiyen Amanlıq ulı tek ǵana shayır bolıp tanılmastan, ataqlı jıraw da. Watandı súyiwshilik, gumanistlik sezimge bay, xalıqlıq dástanlardı, tariyxıy jırlardı, terme-tolǵawlardı saqlawshı, onı qádirlewshi hám xalıqqa jetkeriwshi xızmeti menen de ol ayrıqsha kózge túsedi. Qaraqalpaq xalıq dástanları «Qoblan», «Alpamıs», «Máspatsha», «Qurbanbek» hám basqalar shayırdıń repertuarlarınan keń orın alǵan.

Jiyen jıraw Sırdáryanıń ayaǵı, Quwandárya, Jańadárya boylarında hám xalıqtıń jańa qonısı Xorezmde ómir súrdi. Shayır bul dáwirdiń barlıq awırmanlıǵın xalıq penen birge kórdi. Onıń mayda terme-tolǵawları menen kólemli «Ullı taw», «Posqan el» sıyaqlı shıǵarmaları sol dáwirdiń naǵız kórkem sáwlesi bolıp tabıladı. Bul shıǵarmalarında ayawsız miynetkesh xalıqtı ezip kelgen xanlar, baylar, biyler hám sırtqı feodallardıń jawızlıqları áshkara etiledi. Xalıqtı jazıqsızdan jazıqsız búlginshilikke, óz mákanınan postırıwǵa, ash-jalańashlıqqa duwshar etken sol toparlar ekenligi ashıq, anıq súwretlenedi. Shayır jawızlıqtıń, teńsizliktiń hárqanday qıyınshılıǵın kórip, qorlanıp


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

atırǵan ash-jalańash xalıq turmısına qattı qıynaladı. Olardıń oy-ármanınan, ishki sezimin, qayǵı-hásiretlerin jırlap, usı qayǵını birge bólisedi. Xalıqtı óziniń patriotlıq, gumanistlik shıǵarmaları arqalı bildiriwge, sırtqı dushpanlarǵa qarsı gúresiwge ruwxlandırdı.

## Xosh bolıń, doslar

Qolımdaǵı qobızım,
Shalsam nama saladı,
Qayǵılı sesi shıqqanda,
Qol-ayaǵım taladı.
Kúnnen kúnge kewlimde,
Nege dártler toladı,
Kózimniń jası kól bolıp,
Etek-jeńim sel bolıp,
Ókpem awzıma tıǵadı,
Alqınaman halıqlap,
Sarı uwayım sarǵaytıp,
Jiliktiń mayın shaǵadı,
Men jılamay kim jılar,
Ata-ana sen, qaldıń,
Qurbı menen qurdasım,
Oynap ósken jasımnan,
Bawırman júrgen, joldasım,
Keynimde sen qaldıń,
Hadallap jıynaǵan mallarım,
Shımshırqaday ballarım,
Tarıqqanda hal bergen,
Ańlı sulıw quwlarım,
Oynap-ósken mákanım,
Búgingi kún sen qaldıń,
Jaylap ósken jerlerim,
Mańlaydan aqqan terlerim,
Biyorın jerde sen qaldıń,
Súyip alǵan qostarım,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Oynap ósken doslarım,
Qayǵıǵa tústi baslarım,
Keynimde qaldıńlar.
Qutı qashtı jerimnen,
Qaysı birin aytayın,
Kúyik bolıp bul qaldı,
Men jılayman qudayǵa,
Erte menen keshinde,
Quday maǵan bermeydi,
Bir nárseniń ózinde,
Men júrmen sońınan sarǵayıp,
Qayǵı qaynap ishimde,
Xosh bolıńlar, ósken jer,
Kettim kelmes jerlerge,
Ata jurtı Túrkstan,
Hesh kórmegen ellerge,
Xosh bolıń, aydın kóllerim,
Kettim basqa ellerge,
Quwraǵan quw jerlerge,
Xosh bolıń, qatar-qurdaslar,
Razı bolıń kórgenshe,
Endi qaytıp kelgenshe,
Men ketermen, ketermen,
Qayaqlarǵa jetermen,
Qaysı elge bararman,
Qayaqtan jay tabarman,
Ósken jerim sen qaldıń,
Bararıma jerim joq,
Qosılıp dáwran súrgenshe,
Kelermen be men qaytıp,
Kelmey ólip qalarman,
Xosh bolıń, doslar, xosh bolıń,
Men ólermen, ólermen,
Ólmesem qaytıp kelermen,
Xosh bolıń doslar, xosh bolıń,
Bul basıma tústi zulım,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Keler dep oylayman ólim,
Xosh bolıń doslar, xosh bolıń.
Kózime kórindi árman,
Bul basımnan ótti dáwran,
Xosh bolıń, doslar, xosh bolıń,
Keter boldım alısqa,
Tığılarman quwısqa,
Shıday almay baraman,
Artıq pitken tuwısqa,
Shıdamadı shırqırap,
Alqımınan buwısqa,
Bunnan ketsem, doslarım,
Kózim túspes tanısqa,
Ketpeyin dep oylap em,
Turar jerim bolmadı,
Aytqanımdı burınnan,
Heshbir zalım qılmadı,
Xosh bolıń, doslar, xosh bolıń,
Kórisermiz aqırı,
Ay jarılqap kún tuwsa,
Oǵan deyin ájelden,
Shıbın janlar saw bolsa,
Quwrap qalǵan shańǵıttan,
Aydınlı shalqar kól bolsa,
Munarlanǵan qızıl qum,
Qumlar túsip, sel bolsa,
Kóriskeymiz sol waqta,
Xosh bolıń, doslar, xosh bolıń.
Men ketermen, ketermen,
Qayaqlarǵa jetermen,
Qaysı elge bararman,
Qayaqtan jay tabarman,
Ósken jerim sen qaldıń,
Bararıma jerim joq,
Batarıma kólim joq,
Ketpeyin desem kúnim joq,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shıǵararǵa únim joq,
Keynimde inim joq,
Qayǵırarlıq sińlim joq,
Artımda meniń ne qaldı?
Asqar biyik tawlarım,
Kólge salǵan awlarım,
Jánjel qılǵan dawlarım,
Kólden ushqan quwlarım,
Tasıp aqqan suwlarım,
Qurırma dep tamırı,
Dushpanǵa sepken uwlarım,
Qayǵıda júrip qarayıp,
Kóp oylaǵan oylarım,
Aq tayaq alıp qolıma,
Jasımnan baqqan qoylarım,
Qoylar baǵıp jasımnan,
Sharǵa bolǵan boylarım,
Kelispey heshbir talabım,
Qayǵıdan boldı toylarım,
Bul jerlerden ketken soń,
Qalay bolar hallarım,
Qanlar qashtı betimnen,
Kimler erer keynimnen,
Ómirim ótti qorlıqta,
Góne túspey iynimnen,
Jaslayımda jetim bop,
Ayrıldım aǵa-inimnen.

## Áy, jigitler, jigitler

Áy, jigitler, jigitler,
Zamanımız tar eken,
Kómekeyde turǵandı,
Aytalmastay kún eken,
Aytajaǵım, balalarım,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Diyqan bolsań jer ekken,
Kón sharıǵıń keń bolsın,
Bay ulınan bir-eki,
Aytar sóziń kem bolsın,
Óytpese jigitler,
Aytajaqtı ayttırmay,
Bas quwsırlıp jaq bolar,
Bir násiyat, ullarım,
Kóz kórgenin aytayın:
Saratanda suwıqtan,
Sarı ala sıyırdıń,
Múyizi qaq jarıldı,
Sarı tal bolǵan biydaydıń,
Dáni astına tógildi,
Qara suwıq qattı urdı,
Bunı, ullarım, biz kórdik.

?

1. Jiyen jırawdıń ómiri tuwralı aytıp beriń.
2. Qaraqalpaqlardıń jırawshılıq muzıka ásbabı qaysı? Jiyen jasaǵan dáwirde qaysı ásbap boldı?
3. Jiyen ómirin kimler menen birge ótkerdi?
4. Tuwılıp ósken jer menen xoshlasıw insanǵa qalay tásir etedi?

1. «Biz baxıtlı balalar» degen temada gúrrińlesiń.

## Naqıl

Patsha alım bolsa,
Jurtı ozadı.
Patsha zalım bolsa,
Jurtı tozadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# XIX ÁSIRDEGI QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍ

XIX ásir qaraqalpaq xalqınıń tariyxındaǵı eń bir awır, sonıń menen birge klaslıq jikleniw hám qarama-qarsılıqtıń burınǵı dáwirlerge qaraǵanda kúsheygen, xalıqtıń milliy azatlıq ushın gúresine baylanıslı waqıyalarǵa bay dáwir boldı.

XIX ásir qaraqalpaq turmısında diyqan júriw, kúnlikshilik etiw, shopan bolıp jallanıw, jarımshı, sherikshi dep atalǵan egin sheriklik, kúsh-kólik alıp paydalanıw, óniminen ǵálle qarız alıw hám taǵı basqa da eziwshiliktiń kóp túrli awır formaları boldı. Jallanba miynet adamlarınıń barǵan sayın kóbeyip barıwınıń saldarınan olardıń da miyneti barǵan sayın arzanladı hám jumıs tabıw da qıyınlastı. Sonıń ushın da, kóp ǵana jarlılar tuwǵan jerlerin, ata-anasın, bala-shaǵasın taslap basqa jurtlarǵa talap etip ketiwge májbúr boldı.

Bul tariyxıy maǵlıwmatlarǵa mısaldı XIX ásir shayırlarınıń dóretpelerinen tabamız.

XIX ásirde qaraqalpaq xalqınıń Xiywa xanlıǵına qarsı milliy ǵárezsizlik ushın úlken úsh kóterilisi bolıp ótti.

Bunıń birinshisi — 1827-jılǵı Aydos biy atı menen baylanıslı kóterilis.

Ekinshisi — 1855 — 1856-jıllardaǵı batır Ernazar alakóz baslaǵan kóterilis.

Úshinshisi — 1858 — 1859-jıllardaǵı Bozataw atı menen baylanıslı kóterilis.

Bul kóterilislerdiń barlıǵı XIX ásir shayırlarınıń belgili shıǵarmalarında ózleriniń realistlik kórkemlik súwretleniwin xalıqtıń kózqarasınan durıs bahasın taptı.

XIX ásir qaraqalpaq ádebiyatı mine usı tariyxıy waqıyalar ishinde dóredi. Bul dáwirdiń ádebiyatın dúzetuǵın Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq hám basqa da shayırlardıń shıǵarmalarında usı ásirdiń barlıq siyasiy-ekonomikalıq jaǵdayları keńnen sáwlelengen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÁJINIYAZ QOSÍBAY ULÍ

(1824 — 1878)



Ájiniyaz Qosıbay ulı — qaraqalpaq xalqınıń klassik shayırı. Onıń tuwılıp ósken jeri Moynaq rayonınıń házirgi 5-awıl keńesi.

Ájiniyaz — qaraqalpaq xalqınıń Jiyen, Kúnxojadan sońǵı belgili bolǵan shayırı. Ájiniyaz Xiywada Sherǵazıxan, Qutlımurat inaq medreselerin pitkergen. Shıǵıstıń ullı shayırları: Nawayı, Ferdawsiy, Saadiy, Maqtımqulınıń shıǵarmaları menen jaqsı tanıs bolǵan. Ájiniyaz arab, parsı tillerin jaqsı bilgen.

Ol óziniń 54 jıllıq ómir jolında kóp jerlerdi hám shayırlardı kórgen. Shayır Qazaqstanda bolıp, molla Qojban degen baydıń úyinde qazaq balaların oqıtqan. Qaraqalpaqlar haqqında qızıqqan molla Qojbannıń sorawına juwap retinde «Ellerim bardı» qosıǵın jazadı. Usı qosıǵı arqalı shayır tuwılǵan jeri, Watanın keń túrde táriyiplep beredi.

1859-jılı Qońırattıń hákimi Panaxannıń waqtında anglichan imperiyasınıń tásiri astındaǵı túrkmen feodalları Bozataw jerindegi tınısh otırǵan xalıqtı shabadı. Eldi qırǵınǵa ushıratıp, kóp adamlardı aydap alıp ketedi.

Shayır usı waqıyaǵa baylanıslı óziniń tariyxıy áhmiyetke iye bolǵan «Bozataw» shıǵarmasın jazıp qaldırǵan.

## Ellerim bardı

Sorasań elimdi Qojban bizlerden,
Qalpaǵı qazanday ellerim bardı.
Qáte shıqsa, keshirińler sózlerden,
Qıtay, Qońırat atlı ellerim bardı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jaylawım — Úrgenish, arqası — teńiz,
Jawırını qaqpaqtay malları semiz,
Ruqsatsız bir-birine salmas iz,
Birlikli Qońırat ellerim bardı.

Tabıladı izlegenniń keregi,
Kólinde bar qasqaldaǵı, úyregi
Quwları, ǵazınıń pútin búyregi,
Dúnyanıń ańları kólimde bardı.

Ótirikti ıras etip aytpaǵan,
Tuwrı joldan bas ketse de qaytpaǵan,
Námáhramdı hasla joldas tutpaǵan,
Atı qaraqalpaq ellerim bardı.

Sóylegende sheker eter sózińdi,
Kórgende biymaǵrur eter ózińdi,
Báhári toydırar eki kózińdi,
Láyli, Zúlayhaday qızları bardı.

Gúdarı belbewi dizege túsken,
Boyı aq terekti aralap ósken,
Ǵanım kórse qaynap dáryaday yoshqan,
Qalpaqtıń qalqanlı jigiti bardı.

Belleskende xan palwanın qoymaǵan,
Kúsh-qarıwı bir boyına sıymaǵan
Shaqırmasa merekege barmaǵan
Qońırattıń Gújektey palwanı bardı.

Yadıma túskende kewlim ósken,
Kózim kórmegenshe kókeyim kesken.
Jılında miywelep úsh ret pisken,
Atı sútilmektey jemisim bardı.

Sarhawız boyında sayalı terek,
Jeseń til úyirgen áseliw pálek.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qırında qızarıp pisken gewirek,
Qawınday mazalı jemisim bardı.

Mal iyesin tabar, sóz tapsa júye,
Shóbinde shápáát, qusında kiye.
Teńiz eteginde bolar qanshiye,
Bulardıń bárshesi elimde bardı.

Men búyerde júrgen ishi zárdeli,
El-jurttı kórmegen aǵır dárdeli.
Kewlimniń xoshı yoq men hám bir dártli,
Aytsam ishte tolǵan hádiysim bardı.

Nesip aydap siziń ellerge kelgen,
Kim jaqsı, kim jaman parqını bilgen.
Hár ne barın sizge bayan áylegen,
Qalpaqtıń kámiyne Ziywarı bardı.

## Bozataw

*(Poemadan úzindi)*

Keter boldıq endi bizler bash alıp,
Xosh aman bol, bizden qaldıń, Bozataw,
Xoshlasalı qara kózge yash alıp,
Xosh aman bol, bizden qaldıń, Bozataw.

Jer hám el bilendur, el hám jer bilen,
Jersiz eldiń kúni dárbadár bilen,
Ómir óter júrektegi sher bilen,
Qádiriń seniń bizge ótti, Bozataw.

Yoq edim, bar boldım, kámala keldim,
Minip árebi atlar, dáwranlar súrdim,
Nanıńdı kóp jedim, ráhátın kórdim,
Xosh aman bol, bizden qaldıń, Bozataw.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Neshe waq jaqsıǵa hám suhbet boldım,
Shadı-hurram bolıp, oynadım kúldim,
Dushpanlar jábirinen ketermen boldım,
Xosh aman bol, bizden qaldıń, Bozataw.

Sen baǵ ediń, búlbil ushtı, zaǵ qaldı,
Pútkil siynem jandı ishte daǵ qaldı,
Qıysıq Porqan ataw, seni jaw aldı,
Bası qutlı, sońı wayran, Bozataw.

Ziywarıń xoshlasar qádirińni bilip,
Kózini yashlatıp baǵrını tilip,
Aman bolsa, hal sorasar bir kelip,
Xosh aman bol, bizden qaldıń, Bozataw.

## Sózlik:

**námáhram** — ózge birew, ózimnen basqa.
**biymaǵrur** — kórgende onıń gózzalıǵı ádepliligi hayran qaldıradı.
**qalpaq** — qaraqalpaq mánisinde.
**kámiyne** — meniń ózim mánisinde.
**Ziywar** — Ájiniyazdıń laqabı.

?

1. Shayır óz elin qazaq bayı Qojbanǵa qalay tanıstıradı?
2. «Bozataw» poemasında qanday waqıya sóz etiledi?

1. Qosıqtı tásirli oqıń.
2. Mazmunın sóylep beriń.
3. Qosıqtan qálegen bes kupletin yadlań.
4. Qaraqalpaq xalıq baqsılarınıń atqarıwındaǵı qosıqtı tıńlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BERDAQ ǴARǴABAY ULÍ

(1827 — 1900)



1827-jılı Aral teńiziniń jaǵasındaǵı kishkene bir awılda, házirgi Moynaq rayonınıń Aqdárya awılı turǵan jerde, Ǵarǵabaydıń úyinde Berdimurat degen ul tuwıldı.

Ámiwdáryanıń quyar jerinde, Aral teńiziniń jaǵasında balıqshılardıń qıslawlarında, diyqan awıllarınıń arasında qaraqalpaq xalqınıń ataqlı shayırı, xalıqtıń qayǵı-zarın jırlaǵan, zulımlıqqa qarsı gúresken Berdaq shayır ómir súrdi.

Berdaqtıń ákesi Ǵarǵabay ómirinshe kisi esiginde júrip kúneltken. Shayırdıń babası Boranbay da sonday gedeylikte ómir súrgen.

Berdaq jas kúnlerinen baslap-aq qaraqalpaq xalqınıń basınan keshirgen awır awhalların óz kózi menen kórip, basınan ótkeredi. Berdaq xalıq penen birge patshalıqtıń hám jawız biy atalıqtıń, hámeldarlardıń zulımı astında jasadı.

Berdaq óz zamanına ılayıq oqıǵan, bilimli adam bolǵan. Ol bizge qońsılas tuwısqan xalıqlardıń Nawayı, Fizuliy, Maqtımqulı usaǵan ullı shayırlarınıń shıǵarmaları menen tanıs bolǵan.

Berdaqtıń jasaǵan zamanı qaraqalpaq xalqınıń Xiywa xanları tárepinen ezilgen dáwiri edi. Berdaq óz shıǵarmalarında qaraqalpaq xalqınıń eziliwshiligin, onıń awır, qayǵılı turmısın súwretlegen. Sol xalıqqa azatlıq tilegen. Óziniń kóp shıǵarmalarında zulım xanlardıń, beglerdiń, inaqlardıń hám olarǵa satılǵan qaraqalpaq biyleriniń bay hám atqa minerleriniń xalıqqa etken zulımlıqların oǵada ayqın áshkaralap, olarǵa qarsı óziniń narazılıǵın bildiredi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Xanlardıń zulımlıǵın Berdaq, ásirese, «Aqmaq patsha» poemasında ayqın súwretleydi. Onda ezilgen xalıq zalım patshanıń hám onıń jermenleriniń zulımlıǵına shıday almay, patshaǵa qarsı kóterilis jasaǵanı aytıladı. Patsha kóterilis jasaǵan xalıqtı qırıp, óltirip búlginshilikke ushıratıp, ayawsız basıp jenshedi. Usını Berdaq bılay dep jazadı:

... «Qarsı shıqqanın óltirdi,
Tabanların tildirdi,
Úsh aǵashqa ildirdi,
Xalıq shuwlap posqan eken.

Sózdi qısqartıp aytqanda,
Taǵı dártti molaytqanda,
Ádillik joq, patsha, xanda,
Usılay xalıqtı qısqan eken»

Berdaq shıǵarmasında jarlı xalıqtıń adamların aqıllı, uqıplı, dushpannan qorqpaytuǵın batır, márt etip súwretleydi. Ásirese, ol hayal-qızlar obrazına ayrıqsha kewil bóledi. Mısalı, bir gedey ǵarrı balıqshınıń qızı Gúlimdi aqıllı, uqıplı jáne xalıq dushpanları menen gúreste qaytpaytuǵın batır, qaharman etip kórsetken. Ol xannıń aldına barǵanda qorqpastan, xannıń zulımlıǵın áshkaralaydı.

Berdaq óz xalqın, óz Watanın shın súygen shayır. Berdaqtı óz zamanındaǵı biyler, bay atalıqlar jek kórgen. Onıń shayırlıq talantınıń rawajlanıwına múmkinshilik bermegen. Al, kópshilik xalıq Berdaqtı qádirlegen. Onıń shıǵarmaların súyip tıńlaǵan. Yadlap alıp, atadan-balaǵa jetkerip, xalıq arasında saqlap kelgen. Sonlıqtan da, onıń shıǵarmaları xalıq arasında joytılıp ketpey, saqlanıp, biziń zamanımızǵa shekem jetip kelgen.

Patriot shayır keleshekte xalıq onıń qádirin bilip, bahalaytuǵının bilgen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sózim emes, oldur ózim,
Altın hárbir aytqan sózim,
Jumılmaǵan eki kózim,
Hár waqıtta turar jaynap,—

dep aytqan. Berdaqtıń kópshilik shıǵarmalarınıń tiykarǵı ideyası — miynetkesh xalıqqa xızmet etiw, eziwshilerge qarsı gúresiw. Házirgi baxıtlı zamanımızda qaraqalpaq xalqı óziniń Berdaqqa uqsaǵan shın ulların bahalap, olardıń shıǵarmaların júzege shıǵarıwǵa múmkinshilik aldı.

## Salıq

Bıltırǵıdan bıyıl jaman,
Qalay-qalay boldı zaman,
Ǵárip-qáser qalmay aman,
On tilladan keldi salıq.

Bunı saldı Nurımbetjan,
Buyırdı dep atalıq, xan,
«Xalıq possın» dep neshe san,
On tilladan keldi salıq.

Maǵan hesh gáp, eshegim bar,
Satıp beremen bir bazar,
Átteń, jarlı ash Ernazar,
Oǵan qıyın boldı salıq.

Ol paqırdıń nársesi joq,
Emes taǵı qarını toq,
Hadalǵa bir tawıǵı joq,
Albırattı onı salıq.

Úyinde bar jetim ballar,
Tamaq, nan dep zar qaǵısar,
Kózden aǵıp qanlı jaslar,
Júdá qıyın boldı salıq.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mór uslaǵan Bahawatdin,
Bizlerde joq qara tiyin,
Gileń ashqa boldı qıyın,
Júdá awır keldi salıq.

Anaw jatqan Palım laqqı,
Onıń jurtta bar ma haqqı?
Berer edim oǵan zaqqı,
Hal-dármandı qurttı salıq.

Anaw júrgen Elmurat,
Astında jaman ala at,
Oǵan ne degen saltanat,
Kisi qanı boldı salıq.

Óndiredi ash xalıqtan,
Jetim jılaydı sonlıqtan,
Bay aman qaldı salıqtan,
Dóhmet boldı usı salıq.

Anaw meshit minarlanǵan,
Baslarında shıraq janǵan,
Quran ashıp xalıqtı sorǵan,
Iyshanlarǵa joqdur salıq.

Aq úzikli úlken otaw,
Óz aldına bolıp ataw,
Erman axun otır anaw,
Oǵandaǵı joqdur salıq.

Anaw júrgen Pirim sholaq,
Etip júr ol jalaq-julaq,
Salıq dese tayar ol-aq,
Bizler ushın qıyın salıq.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Waqtım ótti qayǵı menen,
Jas ayırılmay kózim sennen,
Sorasańız bunı mennen,
Usılayınsha boldı salıq.

## Sózlik:

**neshe san** — kópshilik
**qara tiyin** — aqsha
**dóhmet** — zorlıq

1. Xalıqqa salıq qalay salınǵan?
2. Salıqtan kimler aman qaldı?
3. Shayırdıń xalıqqa ǵamxorlıǵın qalay bilemiz?
4. Qosıqta xalıqtı eziwshiler qalay súwretlengen?

1. Qosıqtıń 5—6 tobın yadlań.

## Amangeldi

*(tariyxıy dástan)*

Kórip tamasha qılıńız,
Bir ájayıp palwan keldi,
Kelse babasın bilgińiz,
Jurt aǵası Amangeldi.

Amangeldi jurt aǵası,
Miyankóldiń toqsabası,
Mırza Polat babası,
Atı shıqqan Amangeldi.

Asan atalıq bolǵanda,
Miyankóldi soraǵanda,
Onı dushpan óltirgende,
Qanın alǵan Amangeldi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Asan sonda Miyan kólde,
Neshe dushpan bardı onda,
Kóp qoldawlı Túrkstanda,
Soǵan bardı Amangeldi.

Batır dushpandı óltirdi,
Gellesin kesip keltirdi.
Mártligin jurtqa bildirdi,
Arıslan tuwǵan Amangeldi.

Amangeldi Túrkstanda,
Hámir etse bir zamanda,
Láshker tartıp atlanǵanda,
Bólek-bólek duman keldi.

Ashamaylı hám Sandawlı,
Qostamǵalı hám Qoldawlı,
Qoldawlı tórt ata ulı,
Jaqsısıdur Amangeldi.

Ámirdiń atı Muzappar,
Hám Táhirxan, Mirhaydar,
Shamurat wallamı Dániyar,
Barıp kórdi Amangeldi.

Qoqan xanı qıldı zorlıq,
Qız soratıp berdi qorlıq,
Asan kórsetti duǵımlıq,
«Jılatpayman eldi»—dedi.

—Qaraqalpaq bermes qızın,
Hámmesi de meniń qozım,
Tiydirmespen tiride ózim,
Dep Asan er Qoqan keldi.

Sózinen qaytpadı Asan,
—Qız alarsań ólsem qashan,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Watan bolmas bizge Qoqan,
Sen shuwlattıń eldi,—dedi.

Xan Asandı kóp urǵızdı,
Jáne ornınan turǵızdı.
Bermeyseń be? —dedi qızdı!
Asan jáne sózge keldi.

Astırdı darǵa Asandı,
El dep Asan berdi jandı.
Sonı qurtqan zalım xandı,
Gelle qıldı Amangeldi.

Amangeldidey bolmaǵa,
Barıp xannan qan almaǵa,
Gelle kesip, jan almaǵa,
Qay birińniń shamań keldi?

Qaytpadı bekten hám xannan,
Kesherler shiyrin janınan,
Amangeldiniń qolınan,
Qutılmaǵı gúman boldı.

...Ushırasqanın kórseń onıń,
Qátesi joq bul dástanniń
Qarsı kelgen ol dushpanniń,
Júreginde árman keldi.

Patshalar turǵan taxtında,
Onıń dáwleti baxtında,
Amangeldiniń waqtında,
Neshshe xannan inam keldi.

Ol Buxara, Ǵıjduwannan,
Qashqarı, Tashkent, Qoqannan,
Ándijanı, Marǵulannan,
Tárk bolmayın dawam keldi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Amangeldi dáwletinde,
Bárekella, xızmetine.
Hárbir jurttan húrmetine,
Túrli-túrli inam keldi.

Ózi ozǵan qardashınan,
Ketpes dáwleti basınan,
Ol Buxardıń patshasınan,
Jarlıq mórli nıshan keldi.

Dóremes onıńday adam,
Bul sózdi ne bilsin nadan?
Olar hám ótti dúnyadan,
Neshe túrli zaman keldi.

Jetisti allaǵa dadı,
Qoldawlıdur haslızadı,
Mırza Polattıń zúryadı,
Arıslan edi Amangeldi.

1. Amangeldi Qoqan xanınan ne ushın ósh aladı?
2. Qoqan xanı qaraqalpaq biyiniń aldına qanday talap qoydı?
3. Asan bul talapqa ne dep juwap berdi?
4. Amangeldi shıǵarmada qalay súwretlenedi?

1. Sizler qaraqalpaq xalıq batırlarınan kimlerdi bilesiz? Atların dápterińizge jazıń.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# XX ÁSIRDEGI QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍ

## SEYFULǴABIT MÁJITOV

(1869 — 1938)



Seyfulǵabit Májitov — XX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatın baslawshılardıń biri, shayır, prozaik hám dramaturg.

S. Májitov 1869-jılı Qazan guberniyasınıń Arshan rayonında tuwılǵan. 1880-jılı dáslep Qazaqstannıń Aqtóbe oblastına kóship keledi, sońınan kóp uzamay Qaraqalpaqstannıń Tallıq degen jerine qonıs basadı. Sol waqıtta ádewir sawatı bar Seyfulǵabit Tallıq volostınıń esap-sanaǵın alıp baratuǵın xatkeri boladı. Ol 1920-jılları Qońırat rayonlıq atqarıw komitetiniń xatkeri, rayonlıq xalıq bilimlendiriw bóliminiń baslıǵı, birqansha jıllar «Erkin Qaraqalpaq» gazetasınıń juwaplı xatkeri lawazımlarında isleydi. Ol sońǵı jılları Qıpshaqta suw xojalıǵı tarawında, 1934-jılı Tórtkúlde úlketanıw muzeyinde de xızmet atqaradı. 1938-jılı jazıqsızdan jazalanıp repressiyaǵa ushırap qurban boladı. S. Májitov poeziya tarawına da óz úlesin qosqan. Onıń bir qatar shıǵarmaları ózi dúzgen «Álipbe» (1925), «Oqıw kitabı» (1925), «Egedeler sawatı» (1925) oqıw sabaqlıqlarında, «Qaraqalpaq ádebiyatınıń jıyıntıǵı» toplamlarında (1928) hám shayırdıń óziniń «Tańlamalı shıǵarmaları»nda (1965) orın alǵan. Sońǵı jılları shayırdıń «Ata menen bala» (1970) degen gúrrińler toplamı hám «Shıǵarmaları» (1993) qayta tayarlanıp basılıp shıqtı. S. Májitov dramaturgiya tarawında «Sońǵı selteń» (1928), «Sabaq», «Jigit boldıq», «Ernazar alakóz» (1927), «Baǵdagúl» (1935), «Gúlim-Tayman» sıyaqlı piesaların jazdı. Jazıwshınıń «Qulmurat», «On



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

toğız», «Súyin hám Sara» romanları qoljazba túrinde qalıp ketken.

Ol qaraqalpaq ádebiyatında dáslepki prozalıq shığarmalardı baslawshılardıń biri. Gúrrińlerinde ádep-ikramlıq máseleleri, óner úyreniwge, oqıp bilim alıwğa, jası úlkendi húrmet etiwge shaqırıw sıyaqlı tárbiyalıq máseleler sóz etiledi.

## Oqığan bala

Bir bala qısı menen oqıp, qalada jatıp, báhárde qaytıp kelse, atasınıń diyqanshılıq etpek ushın qos shığarıp atırğan waqtı eken.

— «Balam, jaqsı keldiń. Biziń isimizge kómekles. Mına tırmanı alıp atızğa júr. Tuqım sebilgen jerdi tırmalarsań. Shóplerin tırmalap bir jerge jıyarsań»,— deydi.

Bala erinip, is qılğısı kelmey:

— Men oqıp, hártúrli bilimler úyrenip, qaraqalpaqtıń sózlerin umıtıp ketippen. Tırma degenniń ne ekenin bilmeymen», — deydi.

Sonı aytıp bolıp, ózi dalağa shığıp baratır edi. Ayaq astında shalqasına túsip jatqan tırmanı ańlamay, tisinen basıp edi. Sabı kelip mańlayına sart ete qaldı.

Sonnan soń tırmanıń ne ekenin bildi. Mańlayın sıypap turıp: — «Qaysı aqmaq tırmanı ayaq astına taslağan?» — dep aytıp qoydı.

?

1. Gúrrińde ákesi balasına qanday tapsırma berdi?
2. Bala ákesine qanday sıltaw ayttı?

1. «Jalqawğa is buyırsań, ózińe aqıl úyretedi» naqılınıń mánisin aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Kúlmegeysiz ǵarrıǵa

Bir kisiniń eki balası bar eken. Balalar shoq bolıp, ótken-ketken kempir-ǵarrı kórinse, ermeklep kúlip, áwereleydi eken. Bir kúni qońsıları kelip:

— «Seniń balalarıń shoǵıraq. Ǵarrı menen kempir kórse, ermekleydi. Házir bir kempirdi ermeklep qaldı. Balalarıńızǵa aytıp, tıyıńız», — depti.

Ol kisi balaların shaqırıp alıp, násiyat qılıp:

— «Kempir-ǵarrıǵa tiymeńiz, qayta sıylańız. Olarda sizlerdey aldın jas bolıp, bara-bara qartayǵan. Sizler de sonday bolıp qartayarsız, balalarım. Qoyıń ádetińizdi», — dedi.

Balalar sonnan soń kempir-ǵarrıǵa tiymeytuǵın bolıp, wáde berip ketip, biraz kún júrgennen soń sol wádesin umıtıp jáne bir mápilik ǵarrını ermekleydi.

Onnan soń balaların shaqırıp alıp atası:

— «Endi men bul dúnyada turǵım kelmeydi», — depti.

Balaları: — «Ol nege?» dep azar-bezer bolıptı.

Atası aytıptı: — «Eger men ólmey qartayǵanshelli tursam, sizlerge qusaǵan ádepsiz balalar ermek qılıp, mazamdı alar, dep qorqaman», — dedi.

Balalar atasınıń bul sózine júdá qısınıp, uyalǵanınan betleri qızarıp ketti. Sonnan soń olar ǵarrı adamlarǵa kúliwdi, ermeklewdi baspúkil qoyıp, ádepli boldılar.

Maqal: «Ǵarrını sıyla, óziń ǵarrı bolarsań».

1. Ata-anaǵa, jası úlkenlerge sizler qanday múnásibette bolasız?
2. «Jaqsı bala súyenish,
   Jaman bala kúyinish» — degen temada bayan jazıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ABBAZ DABÍLOV

(1898—1970)



Abbaz shayır 1898-jılı házirgi Taxtakópir rayonındaǵı Qaraoy degen jerde tuwıladı. Abbazdıń ákesi Dabıl eski mektepte oqıp sawatın ashqan. Sonlıqtan onı awılınıń adamları «molla bala» dep ataǵan. Dabıl sawatlı bolsa da, turmısı tómen bolǵan. 1891-jılı Shımbay rayonına kóship keledi.

Bul jerge kóship kelgennen keyin, Abbaz dáslep awıllıq meshitte, sońın ala Qaraqum iyshannıń medresesinde oqıǵan. Biraq turmısı tómen bolǵanlıqtan, medresede oqıwdı dawam ettire almaǵan. Ol dáslep óziniń tuwısqan aǵası Hamzadan qıssa oqıwdı úyrenedi hám onıń jazǵan qosıqların yadlap aladı. Ózi de endi qosıq jaza baslaydı. «Bahadır», «Biybisánem», «Námárt jigit nege dárkar?» hám t. b. shıǵarmaları qaraqalpaq ádebiyatında joqarı bahalanadı.

## Námárt jigit nege dárkar?

Xalıq ushın belin buwmasa,
Jigitte namıs bolmasa,
Watan ushın tuwılmasa,
Onday jigit nege dárkar?

Xalıq húrmetin kózge ilmegen,
Uyat-namıstı bilmegen,
Watan ushın jan bermegen,
Qorqaq jigit nege dárkar?

Ózine jaman at taǵıp,
Qashıp júrgen basın baǵıp,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Óz betine kúye jaǵıp,
Júrgen jigit nege dárkar?

Puta túbine tıǵılǵan,
Hesh nárse kórmey jıǵılǵan,
Bas tartıp keyin shegingen,
Jalqaw jigit, nege dárkar?

Almastan qaytqan polattay,
Porsań ayaq jaman attay,
Jarıqtaǵı jarǵanattay
Bolǵan jigit nege dárkar?

Dushpanına oq atpaǵan,
Xalıq ushın janın qıymaǵan,
Hesh jerge bası sıymaǵan,
Tayǵaq jigit nege dárkar?

Watan ushın oylanbaǵan,
Xalqı ushın qıynalmaǵan,
Jaraq alıp saylanbaǵan,
Námárt jigit nege dárkar?

Qulashlap toqpaq urǵanday,
Dushpannıń moynın julǵanday,
Qaytpay tabanda turǵanday,
Márt jigitler bizge dárkar?

## Báhár

Óksheńdi kóter dep qısqı toqsanǵa,
Endi náwbet ber-dep erkin bostanǵa,
Nur shashaman, degen jerge, aspanǵa,
Qulaqqa kelip tur, úni báhárdiń.

Ámiwdárya aydın shalqar kólime,
Azatlıqtıń kánin ashqan elime,
Altınnan ǵáziyne shıqqan jerime,
Jalpı tógilip tur, nurı báhárdiń.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ketken soń aradan qıstıń qamalı
Burqasınlap esti, sáwir samalı,
Kewlin ashqan shın ashıqtay jamalı,
Sulıw yarǵa megzer túri báhárdiń.

Keldi báhár keńnen jayıp qulashın,
Jer betine sewip kúnniń quyashın,
Tońlar erip, balqıp ketti qorǵasın,
Taslardı jibitti kúni báhárdiń.

Juldızlar jaltırap ay menen birge,
Jımıńlap kúlisip qarap tur jerge,
Deydi janlı-jansız ornıńnan túrge,
Tap sonı sóylep tur, tili báhárdiń.

Sáwirdiń samalı nama salǵan soń,
Saz benen bárshe jan xabarlanǵan soń,
Ósimlikler bórtip talaplanǵan soń,
Jawdırap ashılar, gúli báhárdiń.

Jayınlar, bekireler, súwen hám sazan,
Suwdı sayqal etip, shashıp tur tozań,
Shaǵala sharq urıp, tırna, birqazan,
Ǵaz benen almabas quwı báhárdiń.

Báhárdiń kelisi-jazdıń deregi,
Jaz emes pe, bárshe jannıń keregi?
Watanımnıń soǵıp turǵan júregi,
Sonda tigilip tur tuwı báhárdiń.

1. «Námárt jigit nege dárkar?» qosıǵında óz watanı ushın xızmet etpegen adamdı shayır qalay áshkaralaydı?
2. «Báhár» qosıǵındaǵı tábiyat kórinisiniń súwretleniwin aytıp beriń.

1. «Watandı mártler qorǵaydı» temasında gúrriń jazıń.
2. Báhár kórinisin, peyzajın súwretlerden, jazıwshılardıń shıǵarmalarınan kórsetiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SADÍQ NURÍMBETOV

(1900 — 1972)



Sadıq Nurımbetov — qaraqalpaq xalqınıń belgili shayırı. Ol 1900-jılı Kegeyli rayonında tuwılǵan. Onıń shayırshılıǵınıń qáliplesiwinde aǵası, belgili shayır — Sıdıq Toqpan ulınıń tásiri kúshli boldı.

S. Nurımbetov 1939-jılı sol waqıttaǵı Qaraqalpaqstannıń paytaxtı Tórtkúlge shaqırtılıp, ádebiyatımızǵa jaqınnan aralasıwǵa múmkinshilik tabadı. Basqa da jazıwshı-shayırlar menen birge Moskva, Tashkent qalalarında boladı. Shayırdıń qosıqları ótken ásirdiń 20-jıllarınan baslap-aq járiyalana baslaydı hám «Biziń watan», «Jeńimpaz xalıq», «Batırlar alǵa», «Baxtiyar», «Túlkishek», «Farhad», «Jipekshi Jańıl», «Jańa zaman jırları», «Qanalaslar» degen at penen toplamları basılıp shıqtı.

## Ana

Ana — minsiz, ana — músin,
Bárin oyla, tereń túsin,
Minnetdarsań onıń ushın,
Qansha xızmet qılsań da az.

Meyli jolında júr kún-tún,
Meyli ómirińdi sarp et pútin.
Meyli alaqanda kútiń,
Qansha húrmet qılsań da az.

Ana — kúshli, ana — batır,
Ana — esli, ana — aqıl.
Ana — qımbat, ana — jaqın,
Ana ushın jansań da az.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Súysin ananıń atına,
Jetis kewliniń shadına,
Hátteki awqat zatına,
Shiyrin-sherbet berseń de az.

Ana — Watan ayırım emes,
Kim Watanın ana demes.
Ana ushın qaytpay gúres,
Sen bawırman ádiwli jas.

## Perzentim

Xalıq ushın tuwılıp, kámalǵa keldiń,
Jawınger jasları baxıtlı eldiń,
Watanıńa búgin wádeńdi berdiń,
Wazıypańdı orınlap kel, perzentim.

Tuwǵan eldiń ar-namısın alıp kel,
Dushpannıń basına sawda salıp kel,
Jeńistiń namasın tezden shalıp kel,
Meniń saǵan tapsırmam sol, perzentim.

Sawash maydanında qaramań izge,
Talap áyleń onlap shanshıp bir júzge,
Xalıq ushın ılayıq gúresler sizge,
Jolıń bolsın, wádeńdi ber, perzentim.

Shıqtıńız tolısıp on segiz jasqa,
Aytarlıq joq, balam, jeńisten basqa,
Qolıńdı ber shın haqıyqat joldasqa,
Dushpanıńa miyrimsiz bol, perzentim.

Úlgili isleńiz kúndiz de, kesh te,
Erligiń turadı máńgilik este,
Ózińdi tanıtıp ullı gúreste,
Sıylıqlanıp quwanıp kel, perzentim.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qaytpaytuǵın er júrekli batır bol,
Dushpannıń qamalın buzıp qolma-qol,
Meniń saǵan aytar násiyatım sol,
Doslarıńa qáwender bol, perzentim.

Kúshleriń múnásip qáddi-boyıńa,
Jaslarım tez jeter maqset, oyıńa,
Tayarlandıq balam jeńis toyıńa,
Abıroy bolıp, er bolıp kel, perzentim.

## Miywe hám japıraq

*(tımsal)*

Miywe jetilisip pisip shaqada,
«Xojam ushın men húrmetli oǵada,
Áy japıraqlar, seniń joq ǵoy kellegiń,
Adamzatqa sennen lázzet bola ma?

Men mazalı, paldan tatlı bar dámim,
Kóziniń qurtıman, bilseń hámmeniń,» —
Dedi, — ǵawlap turǵanıńız bolmasa,
Qásiyetiń bar ma, sirá, al seniń?

Ayttı japıraq: — Kútá jaqsı dámiń de,
Al soǵan ılayıq bolsın pámiń de,
Oylap kóriń, kem be sennen lázzetim.
Mazańa bergisiz sayam meniń de.

Quwraǵan aǵashqa miywe piter me,
Japıraqsız ózińdi bálent kóterme,
«Maqtanǵan adamnıń dánesi joqdur»,
Degen xalıq naqılı biykar keter me?

Bul sózdi esitip miywe jeńildi,
Mensinbegen ádetine ókindi,
Geypara joldaslar turmısta biziń,
Tımsalda maqtanshaq miywe sekilli.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Balon hám kirpi

*(tımsal)*

Gúzar jolda kiyatırıp kirpi sum,
Haram pikir bir qıyalǵa berdi shın,
Jarmaq bolıp mashinanıń balonın,
Kóp oyladı qastıyanlıq jumısın.

Qasarısıp balonǵa jol bermedi,
Qurıjlanıp onı kózge ilmedi,
Eregisip kirgen waqta astına,
Balon basıp jerge kirdi bir eli.

* * *

Tiymegenge tiyiw — aqmaqtıń isi,
Bas shayqap bir kúni janadı ishi,
Kirpidey sumlıǵı jeter basına,
Birewge jamanlıq oylaǵan kisi.

?

1. «Ana» qosıǵında ananıń ullılıǵı qalayınsha táriyiplenedi?
2. «Perzentim» qosıǵında ata nelerdi násiyat etedi?
3. Tımsaldaǵı miywe hám japıraqqa sıpatlama beriń.
4. «Balon hám kirpi» tımsalınıń mazmunı neni sóz etedi?

# ÁDEBIYAT TEORIYASÍ

## Kórkem shıǵarmanıń teması

«Tema» grek sózi — bir nárse, zat degen mánisti bildiredi. Kórkem shıǵarmanıń aldına qoyǵan tiykarǵı maqseti hám mashqalası, kórkem shıǵarmanıń teması jazıwshınıń neler haqqında hám qanday máseleler tuwralı pikir júritiwdi anıqlap alıwı bolıp esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Temasız taza kórkem dóretpe júzege keliwi múmkin emes. R.Gamzatov: «Tema degeniń ólgen balıq sıyaqlı qarnın joqarı qaratıp ómirdiń betinde qalqıp júrmeydi. Tema tereńde, ağıs arasında»,—dep jazǵan. Demek, dáwirdiń áhmiyetli máselelerin taba biliw kórkem shıǵarmaǵa tema tańlawdıń negizgi shártleriniń biri bolıp, ol ideya menen de tıǵız baylanıslı. Bulardıń barlıǵı jazıwshınıń sheberliginen, ómirlik hám dóretiwshilik tájiriybelerinen kelip shıǵadı.

Kórkem shıǵarma ushın birinshi gezekte tema tańlanadı. Kúndelikli turmısımızdaǵı kóp nárseler tema bolıwı múmkin, biraq onı tabıw ushın jazıwshını tásirlendiriwshi jaǵdaylar bolıwı kerek. Solay etip tema jazıwshınıń tásirlengenligi tiykarında payda boladı. Mısalı, jazıwshı T.Qayıpbergenov qaraqalpaq xalqınıń tariyxın oqıwǵa qızıǵıwı nátiyjesinde, tariyxıy temada roman jazıw pikiri payda bolǵan.

Ádebiyatta tariyxıy temanıń qozǵalıwı, hátte belgili dárejede tariyxımızdıń ashılıwına da óz járdemin tiygizedi.

Hárqanday temanıń tańlanıwı hám onıń hár tárepleme ashılıwı jazıwshınıń talantın kórsetedi. Temanı tańlaw ańsat emes. Onıń kózge kórinbeytuǵın sırlı tárepleri kóp.

Ideya temanı tolıqtırıw hám nıǵaytıw ushın xızmet etedi. Temaǵa qarap, jazıwshınıń rawajlandırmaqshı bolǵan oyların sezemiz. Sonıń ushın shıǵarmanıń teması menen ideyası bir-biri menen bekkem baylanıslı. Mısalı, M.Dáribaevtıń «Mıńlardıń biri» povestindegi Erpolat penen Húrziya sol zamanda jasaǵan jaslardıń bir ǵana wákili. Bul haqıyqıy tipik usılda tańlanǵan tema. Al, shıǵarma qaharmanlarınıń ideyası, olardıń gúres jolındaǵı oy-pikirlerin jámlestiredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Kórkem shıǵarmanıń tili

Sóylewdiń hám jazıwdıń belgili bir ólshemlerine, qaǵıydalarına iye bolǵan, ulıwma xalıqqa, onıń barlıq qatlamlarına ortaq bolǵan xalıqtıń jámiyetlik, ruwxıy, mádeniy turmısına xızmet ete alatuǵın til. Ilim-mádeniyat hám kórkem ádebiyat shıǵarmaları ádebiy tilde jazıladı. Hárbir xalıqtıń tili dialektlerge bóliniwi hám olar leksikalıq, fonetikalıq jaqtan ózgesheleniwi múmkin. Dialektler ulıwma xalıqlıq tildiń normalarına úylespeydi, sonlıqtan olar jergilikli áhmiyetke iye boladı. Qatnas quralı bolǵan til mádeniyat rawajlanǵan sayın bir dialekt yamasa qáwimlik til sheńberinen shıǵıp ulıwma ádebiy sóylew hám jazıw tiline birlesedi. Ayırım jaǵdaylarda qáwimlik tiller yamasa jergilikli áhmiyetke iye dialektler de ádebiy tilge aylanıwı múmkin. Mısalı, ertede VII—XVII ásirlerde kópshilik túrkiy xalıqlar hám qáwimler ushın ortaq bir ádebiy til — túrkiy til xızmet etken. Sońınan XVIII—XX ásirlerde tariyxıy-mádeniy rawajlanıwdıń nátiyjesinde kópshilik túrkiy xalıqlar ózleriniń sóylew tili tiykarında ulıwma túrkiy ádebiy tilinen bólek ádebiy til dúzdi. Ózbek, qaraqalpaq, qazaq, túrkmen, qırǵız hám taǵı basqa túrkiy xalıqlardıń ádebiy tilleri usı joqarıda aytılǵan rawajlanıwdıń barısında qáliplesti.

Kórkem ádebiyattıń tili — ulıwma ádebiy tildiń bir túri. Ol tek xabarlaw quralı bolıp qalmastan, adamlarǵa ruwxıy azıq, estetikalıq zawıq baǵıshlaydı.

Til — jazıwshınıń oy-pikirleri menen seziminiń sırtqa shıqqan kórinisi. Jazıwshı ózine kerekli sózdi aldı burın izlemeydi, al sóz oy menen pikirge sezimge baylanıslı dóreydi. Ol arqalı jazıwshınıń aytayın degeni kórkem obrazǵa aylanadı. Ádebiyat sóz arqalı adamlardıń janlı obrazların dóretedi, adamlardıń qarım-qatnasların kóz aldımızǵa elesletedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# NÁJIM DÁWQARAEV

(1905—1953)



Qaraqalpaq tili, ásirese ádebiyatı boyınsha eń dáslepki izertlewshi hám onıń barlıq janrı boyınsha pikir aytıwshılardıń biri — Nájim Dáwqaraev. Ol ádebiyattı jaqsı túsindi. Ádebiyattıń izertlewshisi, jazıwshısı, sheber násiyatlawshısı boldı. N. Dáwqaraev dáslep eski mektepti, sońınan 1925-jılı Orenburgtaǵı institutqa túsip, 1931-jılı onı pitkerdi. Bunnan soń kóp jıllar dawamında muǵallim boladı. Ol muǵallim bolıp islep júrip, qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha maqalalar jazdı. Keyingi jıllarda izertlew isine ózin pútkilley arnadı. Onıń usınday miynetleri joqarı bahalanıp, 1951-jılı oǵan filologiya ilimleriniń doktorı degen ataq berildi.

Ol kóplegen kórkem shıǵarmalardıń avtorı. «Internatta», «Agronom», «Partizanlar», «Baxıtlı miynet» atlı prozalıq shıǵarmaların hám «Alpamıs» piesasın jazdı. Onıń 1949-jılı «Baxıtlı miynet», 1955-jılı «Tańlamalı gúrrińler» toplamı basılıp shıqtı.

## Internatta

Oktyabr ayınıń sońǵı kúnleri, kún uyasına sıymay dolanıp qıp-qızıl shoqtay janıp, batıwdıń aldında tur. Keseetekten Qońıratqa qaray sozılǵan úlken gúzar jol.

Jeter jerde el joq. Joldıń eki boyı qula dúz, keń dala. Appaq kebiri shıǵıp, kópship atır. Hár jerde bir túp ósip turǵan shópler ǵana kórinedi. Onıń japıraqları sarǵayıp sáni ketip qalǵan. Jol boyındaǵı birli-jarım qarabaraqlardıń ashıwı betine shıǵıp pırt


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

etip jarılıp keteyin dep tur. Aspandaǵı ala-sapıran, qara sur bultlar menen qońır salqın ayaz gúzdiń jaqınlap qalǵanın erksiz oylatqanday edi.

Azannan bermaǵan napaqaların taba almay, alıstan dińkesi qurıp kiyatırǵanday, bes-altı ǵarǵa adım jerde bir qonıp, kúnshıǵarǵa taman ushpaqta.

Kúnbatar jaqta qabaǵın úyip, seksendegi ǵarrılarday búkshiyip Shaǵırlıqtıń tawı tur. Anıqlap qaraǵan adamǵa dúnyaǵa kelgenine pushayman bolıp, qapa bolıp turǵanday kórinedi.

Sol elsiz qula dúzde, arqasında eski qapqa salınǵan nárse — qarası bar, onıń ústine tozıwı jetken góne kórpeni tırmıshlap arqalaǵan, orta jasqa kelgen bir hayal kiyatır. Jalań ayaq, ústinde tozıwı jetip, ilbirep turǵan eski bóz kóylek. Sırtınan uzın góne shapan kiyip, eki peshin qayırıp, belin góne qur menen buwǵan. Qolında qundaqlawlı jas balası bar. Kóyleginiń etegin kóterip, beldemesine qıstırǵan.

Bóz ıshtannıń dizesinen tómengi balaǵı órim-órim bolıp, shashaqlanıp tur. Basında góne oramal, jırtıqlarınan shashları tozańǵıp shıqqan.

Bet-awzında qan joq. Reńi sapsarı. Eki jaǵı sopayıp kózleri úńireyip ishine tartılǵan, uzaq awırıwdan turǵanday.

Eki kóziniń aǵın sarı qaplaǵan, betine qaraǵanda adamnıń eti túrshikkendey. Ayaǵın zorǵa kóterip, súyrep basqanda, bir jaǵına qulap keteraw, dep qáwipleneseń.

Júz adım shaması izinde ústi-bası órim-órim, qapqara kir, basında pilteleri kórinip tozıwı jetken góne taqıya, jalańayaq, eki shekesindegi tulımshaqları úrpeygen, onbir-oneki jastıń shamasında aq quba, qır murınlı bala ere almay, keyinlep kiyatır. Balanıń da arqalaǵan túyinshigi bar. Júrisi dım ǵana ónimsiz. Hayal anda-sanda artına burılıp qaraydı.

Bala teńselip, júre almay kiyatır. Bir qolı menen



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

beldemesin kóterip qasınadı. Kem-kemnen bala menen hayaldıń arası qashıqlamasa, jaqınlaytuǵın emes.

Hayal artına burılıp:

— Tóreshjan-ay, júrseń bolmay ma qaraǵım, kún barında bir jerge jeteyik... — dep taǵı júre berdi. Hayaldıń dawısın esitkende bala adımın tezirek atlap, júrisin kúsheytińkirese de, azdan soń taǵı bayaǵı qálpine baradı. Kem-kemnen ayaǵı sal bolıp, adımın atlaw múshkil bola basladı.

Kúnniń tek qızarıp turǵan sáwlesi ǵana bolmasa, Shaǵırlıqtıń arjaǵına jasırınǵan edi.

Aspandı qoyıw sur bult qaplap, kóldegi qamısqa jibergen órttiń tútinindey buwdaqlanıp, kúnbatardan esken jeldiń aydawına túsip órkesh-órkesh bolıp jılısa basladı. Balanıń kózlerinen monshaqlap jas aǵıp eki iyninen demin alıp solqıldap jılap kiyatır. Hayaldıń bala menen isi joq. Álle qayaqtaǵı oylar birinen soń biri dizbeklesip, kóz aldınan ketpeydi.

Biraq hayal ele oy teńiziniń ushına jete alǵan joq. «Qońıratqa jetsek bul awhaldan qutılar edikaw»,— degen úmit qayta-qayta kele beredi. «Kúnniń bolsa túri mınaw, aldımız kesh. Jeter jerde el joq. Usınday jawın-shashın bola qalıp, júriwge múmkinshilik bolmasa, halımız ne keshedi» degen taǵı bir oy kese belden barlıq úmitlerin juwıp ketti. «Ne bolsa da kóremizdaǵı»,— dep adımın atlay berdi.

— A...pa, — dep jılamsıraǵan balanıń dawısın esitip artına burılıp qaradı.

— Ayaǵıńdı tezirek bassań bolmay ma, sorlı, górińe jılaysań ba? — dep hayal ashıwlansa da, balasın ayap, joldıń boyındaǵı qumırsqanıń inlewi tirek bolatuǵınday:

— Óybey janım-ay! — dep súyenip otırdı. Qolındaǵı emiziwli balasın qaptalına jatqızdı.

Gúzgi salqın samal jaǵımsız ba, yamasa astındaǵı jórgegi ızǵar ma, bolmasa basqa sebebi bar ma, áytewir bala bólip-bólip shırıldap jılawǵa kiristi. Hayal



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

belin sheship, jaǵasınan shandırday qatıp atırǵan emshegin shıǵarıp, balasınıń awzına saldı. Bala jılawın azıraq qoysa da, qaytadan shırılday basladı. Hayal súti aǵıp turǵanday ekinshi emshegin shıǵarıp, balanıń awzına saldı. Bir-eki mártebe sorıdı da, bala taǵı óksip-óksip jıladı. Kúni menen teńselip kiyatırǵanı azday, hayal balasın qolına alıp, terbetip, jubatpaqshı boldı. Bala onıń menen de qoymadı.

Teńselip júre almay kiyatırǵan Tóresh te sheshesiniń qasına kelip otırdı.

— Tóresh... jan-aw! Arqańdaǵı shekiyneńdi alıp bershi, qaraǵım!—dedi hayal.

Shekiyneni esitkende, Tóreshtiń eki kózi jawtańlap awzınıń ishin silekey qaplap, bir-eki mártebe jutındı da, arqasındaǵı túyinshikti sheship, ishinen kishkene ǵana bir qaltanı alıp, apasına berdi.

Hayal qaltanıń awzın sheship, ishinen túyeniń kózindey tarınıń zaǵarasın úzip alıp awzına saldı da, shaynap-shaynap qundaqlawlı balanıń awzına jaqtı. Bala awzına jaqqan zaǵaranı jalmap, kóp waqqa shekem solıǵın basa almadı. Janında otırǵan Tóresh, hayal zaǵaranı úzip awzına salǵanda, tıpırshıp ján-jaǵına qaranıp, jutınıp otırdı. Hayal qolındaǵı zaǵaradan bir túyir úzip alıp, Tóreshke usındı. Tóresh dárriw ornınan ushıp túrgelip, eki qollap nandı dárhal awzına salıp, shaynaw menen boldı. Otırıs bir talay waqqa sozıldı. Azannan bermaǵan ash kiyatırǵan jolawshılarǵa, túyeniń kózindey tarınıń zaǵarası górek bolıp, júregin jalǵawǵa sebepker bolǵanday boldı.

Hayal belin buwınıp otırıp:

— Qaraǵım, endi júreyik, — dedi. Bir qolı menen jer tirep, bir qolı menen balasın qısıp:

— Óybey, janım-ay,—dep ornınan turdı. Eki ayaǵı sal bolıp, dińkesi qurıp alǵa qaray terbeniwge kiristi. Uzaq jolǵa piyada júrip kiyatırǵan jol ortada irkilip, ayaqtı suwıtqannan keyin qaytadan júriwdiń qıyın



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolatuǵının jolawshılar oylanbaǵan edi. Hár adımın atlaǵanda, ayaqlarına zil qara tas baylap qoyǵanday boldı. Ilaj qansha? Júrgende qayda baradı? Kimdikine baradı? Bul jolawshılardıń ózlerine de belgisiz edi. Áytewir alǵa qarap júrmekte.

Mine, qas qarayıp, ımırt jabılıp ta qaldı. Jerdúnya qara perdege orandı. Adam-adamdı kórgisiz tún basландı. Kún batardan kóterilgen qara sur qońır salqın samaldıń keyni húwlegen dawılǵa aylandı. Jerdiń júzin suwırıp, astan-kestenin shıǵara basladı. Dawıl menen aralas álleqaydan iyttiń úrgen dawısı esitildi.

— Apa, iyttiń dawısı, qaray ǵoy,— dep quwanıshı qoynına sıymay Tóresh juwırıp, hayaldıń aldına shıǵıp, betine qaradı.

— Qayaqta esitiledi?

— Anamanda, apa! — dep aldına qaray qolın sozdı.

— Awılǵa jaqınlaǵan ekenbiz, házir awılǵa jetemiz,— dep hayal júrisin kúsheytińkiredi.

Tóresh apasınan keyinirek qalsa, joldıń eki boyındaǵı qarabaraqlardıń arasınan bir nárse táp beretuǵınday, eki kózi alaqlap, bir qolı menen beldemesin kóterip, apasına jetip keledi. Iyttiń dawısı esitilgende, awılǵa kelip qalǵanday quwanıshı qoynına sıymap edi. Tezirek júrsek, házir-aq awılǵa jetemiz ǵoy, dep oylap edi. Biraq, awıl ele jetkeretuǵın emes. Keshki saǵım menen iyttiń dawısınıń qanshalıq jerden esitiletuǵınlıǵı, uzaq joldan sharshap kiyatırǵan jolawshılardıń yadına kirip te shıqpaǵan edi.

Tek bolǵanı «jetemiz ǵoy» dep eki ayaqqa zor beredi. Ele jeter jerde awıl joq.

Úrip turǵan iyttiń dawısı da sap boldı. Azdan soń silpilep jawın jawa basladı. Jawınlı kúni kebirli jerden jayaw júriwden qıyın ne bar? Jerdegi batpaq jelimdey ayaǵıńdı jerden tórt eli kótertpeydi. Basqan iziń astıńda oshaqtıń ornınday úńireyip turadı.

Kem-kemnen jawın kúsheyip, aspannıń túbi túskendey, sheleklep quya basladı.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Hayaldıń qolındağı jas bala ıshqırıp jılap kiyatır. Jelimdey kebir topıraqtıń batpağı, tóbeden sheleklep quyǵan jawın, dúnyanıń suwın ózine tartıp, júrip kiyatırǵan hayaldıń arqasındağı góne kórpe, zil qara tas basqanday adımın atqızbawǵa aynaldı.

Basınan sorǵalaǵan jawın ayaǵına shekem sozılıp, mayǵa túsken tıshqanday malpaq-salpaq bolıp, Tóresh hayalǵa ere almay kiyatır. Anda-sanda ayağı tayıp ketip, joldıń ernegine jalp etip jıǵıladı.

Aldı menen shıǵanaqlap, onnan keyin qolınıń ushın tirep, ornınan tura almay otırıp, murnın qayta-qayta tartıp, bala solqıldap ókirip jılaydı. Ońnan da, soldan da shapalaqlap urǵan boranlı jawın balanıń kózin ashqızbadı.

Hayal endi qısılayın dedi. Ne qıların bilmedi. Bul júris penen uzaqqa bara almaytuǵını belgili boldı. Kewil alǵa júrgisi kelse de, ayaǵı degenine júrmeydi.

Qalay da bir ilaj islew kerek boldı. Jeter jerde panalaǵanday quwıs-qoltıq ta joq eken,—dep ján-jaǵına qaradı.

Tastay túnek. Hesh nárse kózge túse qoymadı. Tek bolǵanı joldıń shetindegi bir túp puta kózine tústi. Hayal putaǵa qaray burıldı. Beti qatqan ashshı boz topıraqlı kebir, hár adımın atqan sayın burq etip oyılıp, putanıń túbine bardı.

Analı-balalı úshewi putanıń túbine tıǵıldı. Awır joldıń azabınan qısılıp kiyatırǵan jolawshılarǵa bir túp puta pana bolǵanday boldı. Áwelgi máhálde putanıń ıǵı tastan salǵan qorǵanday bolıp kórinse de, sońın ala etleriniń qızıwı basılıp, tula-boyları muz kesek bola basladı. Qundaqlawlı jas bala da shırlap, qolda-ayaqta turmadı. Tóresh iyek-iyegine tiymey zirdek qaǵıp otır.

Ele bayağı jawın, ele bayağı dawıl. Is qıyınǵa aylandı. Hayal qolındağı balasın Tóreshke berip, ózi putanıń ıǵındağı beti qatqan kebirdi tırnap, astında-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ǵı kebir boz topıraqtı qazıwǵa kiristi. Qazǵan boz topıraǵı qarsı jawın menen iylenip, batpaqqa aylandı.

Álle waqıttan hayal oshaqtıń ornınday jerdi qazıp boldı. Qaptaǵı arqalap kiyatırǵan nárselerin astına saldı. Eki balasın qoltıǵına qısıp, ústine góne kórpesin jamılıp, búkshiyip ǵana otırdı. Qula dúzdegi jalǵız túp puta menen úshewiniń tıǵılıp otırǵan dizeden qazılǵan shuqanaǵı keń saraydan artıq kórindi.

Qolındaǵı jas náristeniń jılawǵa dármanı kelmey, anda-sanda solqıldap, awır demin ǵana alatuǵın edi.

Ele bayaǵı jawın. Ele bayaǵı dawıl. Tastay qarańǵı. Mańlayǵa ursa belgisiz. Hayal oyaq-buyaǵın qımtap otırdı.

Endi azıraq dem alaman ba dep, álle qayaqtaǵı oylar birinen soń biri dizbeklenip, hayalǵa tınıshlıq bermedi. Way, dúnyası qurıǵır, ne sebepten bunday! Birewler aq otawda ishkeni aldında, ishpegeni artında, tórt jaǵı birdey qubla bolıp otırǵanda, bizińdey sorlılardıń otırısı mınaw.

Barar jerimiz, basar tawımız joq. Tek jalǵız basım bolsa da bir jón, mına eki jetim menen qayda bara-man?! Nege bunıńday azapqa saldıń?! — dep hayal ózinen-ózi kúyindi.

Dúnyaǵa kelgenine qapa boldı. Qarańǵı tún húwlegen jel, qayǵılı oy, kóz aldına kelip turǵan qorqınıshtıń súwreti — barlıǵı qosılıp hayaldıń tum-tusınan alıp, iskenjege salıp qısqanday boldı.

Bul qudaydıń barlıǵı biykar shıǵar, bolmasa usılay sorlata berip biz ne qıldıq?! Ádil bolsa jetimlerdi jılatıp, súrginge salǵanlardı nege kórmeydi?! Eki mushın mańlayına tirep, óksip-óksip jıladı.

Ótken ómirler birim-birim kóz aldına elesley basladı.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## II

Oǵan kóp jıllar boldı. Keseetek sıgasqan el. Dúrkin-dúrkin awıl. Hárkim óz tiyresi menen Aybúyirdiń suwı tasıp, Keseetekti basıwǵa aylanǵan jıllar.

Pútkil jawınǵır usı Keseetektiń aymaǵında. Qazayaqlı, Shomaq, Tamǵalı hám basqa bir qansha ruwlardıń barlıǵı usı jerde.

Keseetektegi ataǵı shıqqan awıl. Qutlımurat begler beginiń awılı. Qıyat jarǵannıń eki boyında ornalasqan Qutlımurat begler begi zamanında Mádireyim xanǵa jaranıp, altın túymeli shekpen jamılıp, qaraqalpaqtı bir shıbıq penen aydaǵan adam.

Keseetektegi jerler patshalıq, xannıń jeri. Barlıq zákattı Qutlımurat begler begi jıynatıp aladı.

Xiywaǵa barıp, xannan pátent ákelip, úsh júz-tórt júz tanap jerge iyelik etip otırǵan baylar da bar. Olar jerdi ózleri ekpeydi. Jeri joq jarlılarǵa beredi. Olar qırman waǵında qabın alıp tayın boladı.

Bunıńday adamlar awılda kóp emes. Awıldıń kópshiligi kúnin zorǵa kórip otırǵan jarlılar. Olar baylardan jer alıp egip otırǵan jarımshılar. Jarımshılar jerdi tórtten birine-úshten birine aladı. Jarıǵa egip otırǵanlar oǵada az. Jer — bir pay, kólik — bir pay, tuqım — bir pay, jarlınıń jazı menen islegen miyneti — bir pay.

Bulardıń kópshiliginiń kóligi de, tuqımı da, jeri de joq. Sonlıqtan da jarımshı degen ataǵı bolmasa, bular jerdi úshten birine egip otırǵanlar.

Baylardıń esiginde ómirinshe xızmetin qılıp kiyatırǵan diyqanlardıń esap-sanı joq. Olar erte báhárden, gúzgi egin-tegindi jıynap alǵanǵa shekem júredi.

Eń ǵayratlı jigitlerdiń aldı jazǵı júrgeni eki batpan biyday, úsh batpan júweri, tórt batpan tarı, bir kóylek, bir baykemi etik, bir góne shapannan artpaydı. Onıń



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ústine hayalı, balası baydıń xızmetin isleydi. Oǵan heshqanday haqı almaydı.

Baydıń úyiniń qalǵan-qutqanın ishedi. Kewili kelgende góne-kóksi kiyimin beredi.

Turımbette jalǵız ılashıqtan basqa zat joq. Onı tiklep alǵanına bir-eki jıl boldı. Ákesi paqırdan da heshqanday múlik qalǵan joq. Ómiri kemtarlıq penen ótti.

Turımbet esin bilgeli kisi esigin de diyqanshılıq etip júrip kiyatır. Kóp jıllar Jumashtıń xızmetin etse de, onıń qarnı qalıqpadı. Endi nede bolsa mańlayımnan kóreyin dep, heshkimge diyqan júrmey, jarımshı bolǵanına bir-eki jıl bolǵan edi.

Qutlımurat begler beginiń awılındaǵı baydıń birewi Jumash. Jumash — bay dese bay. Súriw-súriw jılqı, padalı mal, qos ógiz, at arba degeniniń neshshe túrlisi sonnan tabıladı. Xannan qaǵaz alıp kelip, iyelep otırǵan úsh júz tanaptan artıq jeri bar. Jerdiń tońı ketip, báhár jaqınlaǵanda Turımbet Jumash bayǵa bardı.

— Aǵa, qolıńda ósken bala edik. Keliniń menen ekewimiz tirishilik ete qoyayıq dep edik. Bir qos ógiz benen jer sorap kelip edim, — dedi.

—Jerdi ne qılasań, onnan da bizikinde júre berseń-o!

— Bir baxtımdı sınap kórejaqpan, aǵa...

— Boladı, el-jurttıń dástúri bir qos ógiz, jer bereyin,— dedi Jumash.

— Táńir jarılqasın, aǵa, atın atap berseńiz, jaqsı bolar edi.

— Atın atap dep, seniń ózińe bólek nırq kesiler deyseń be, ógiz bir pay, tuqım bir paydaǵı...

—Tamaqtan awıstırıp tuqımǵa dep saqlaǵan azıraq arpa-jazlıq bar edi, —dedi Turımbet.

— Onda óziń bil,— dedi Jumash.

— Hayalı menen ekewi tırbańlap júrip arpa-jazlıqtı


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

egip boldı. Jazlıǵı qurǵır da basına bolǵanday, ırǵalıp tura qaldı.

— Bále-qáterden aman bolsa, bıyıl birdeńe bolar,— dep Ulbosın ekewi quwanısatuǵın edi.

— Aǵası-aw, jazlıqtıń kógi jaqsı emes pe, birdeńe bola qoysa, qosıp-shatıp bir qashar alagór...

— Háy, túkirip qara,— deytuǵın edi Turımbet. Saratannıń ıssısında Ulbosın ekewi kúnge kúyip orıp boldı. Qırman tayın bolǵanda, eki diyqanǵa qabın arqalatıp Jumash keldi.

— Qırman qızıllansın!

— Áwmiyin, aytqanıńız kelsin, aǵa.

Jumash qırmannıń qızılın azsınıp:

— Usı bolǵanı ma?—dep tańlandı.

— Haw, aǵa bul az ba?— dep kúldi Turımbet.

— Sonshama jerden shıqqanı usı bolsa quda urǵan eken, — dedi Jumash.

Qırman súzildi. Aq qulasın bılay shetke shıǵarıp qoydı. Eki kepshikti Jumashtıń qabına saldı. Bir kepshikti óziniń qabına salıp, taǵı bir kepshikti salayın dep atır edi:

— Toqtap tur!— dedi Jumash. — Ne qılıp atırsań?

Turımbet ań-tań bolıp:

— Jarıǵa bólip atırman, aǵa,— dedi.

— Ol nesi? Ógiz bir pay, jer bir pay, tuqım bir pay emespedi, aqırı?

— Haw, aǵa, bizler tuqım alǵanımız joq ǵoy...

— Almasań qáyteyin, men alma dedim be?— dep Jumash ashıwlandı.

— Haw aǵa, kelisim solay edi. Bizler hayalımız ekewimiz awzımızdan qara qanımız keldi-ǵoy.

— Seniń hayalıń jumıs isleytuǵın ba edi?

— Joq, aǵa, eki qabat bolǵanına qaramastan ózimnen kem islegen joq.

—Sonda onı da bir pay etpekshimiseń? Maǵan deseń ákeńdi górden súyrep ákelip islet. Meniń ne



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jumısım bar,—dep Turımbetti ákesinen qaytarıp sóge basladı.

—Aǵa, sókpey-aq sóylese berseń-o, hárkimniń atası bar ǵoy...

—Mına iyttiń balasınıń kóziniń eti ósken eken!—dep qamshı menen Turımbetti urıp jiberdi. Kóziniń aldı jarq etip, shekesinen qan zıtqıp qoya berdi.

Jumash taǵı da dápine bergende, Turımbet bir qolı menen shekesiniń qanın súrtip turıp:

—Aǵa, toqtap turıń,—dep qamshısın usladı.

Jumash qamshısın julıp alıp, tartıp jiberdi. Bul jola Turımbet taqat etip tura almadı. Jumashtıń qolındaǵı qamshını julıp aldı.

Eki kózi ottay janıp qalshıldap:

—Urǵan qalay boladı eken!—dep Jumashtıń tuw sırtınan tartıp jiberdi.

Jumash tentireklep barıp qırmannıń basında jatırǵan temir jabanı ala juwırdı. Qırmannıń bası bir ala qıyqań tayaq boldı. Bir máhálde:

—Ah,—dep Turımbet awdarılıp tústi. Jurt úrpeyip keyin shegindi. Ulbosın juwırıp barıp:

—Bala-shaǵańnıń iygiligin kórmegir-ay!—dep Turımbettiń basın súyedi. Turımbettiń basınan qan laqıldap aǵıp atır.

Anda-sanda buwlıǵıp demin aladı.

—Háy, sol iyttiń balası ne qılatuǵın edi,—dep qırmandı qaplawǵa kiristi.

Ulbosın qabaqtaǵı suwdı ákelip, Turımbettiń awzına tamızdı. Basındaǵı góne aydınlı oramaldıń bir ushın jırtıp alıp, basın tańdı. Kún awǵansha basında otırdı. Kún awǵan soń, Turımbet azıraq esin jıynadı. Biraq qańǵalaqlap basın kótere almadı. Oń qolın ıyıǵına salıp, belinen qushaqlap, Ulbosın úyine alıp keldi.

Turımbetti jatqızıp, kúnbatardıń aldında Ulbosın qırmannıń basına keldi.

Qırmannıń basında adam joq. Tek bolǵanı eki buwma qap, taǵı bir orta qap tur. Onnan basqa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

zat joq. Barlıǵın sıpırıp-sıyırıp alıp ketipti. Qalǵan biydaylardı Ulbosın úyine alıp keldi. Turımbet túni menen jata almadı. Adam túsiniksiz bir nárselerdi aytıp buwlıqtı da jattı.

Ulbosın uyqılay almay, óreli tańdı kózinen atqardı. Erteńine kún awa Turımbet buzıla basladı. Álle nárselerdi aytıp, ózinen-ózi gúbirlendi. Bir nárseni aytqısı keldi. Suw sorap atır ma dep Ulbosın awzına suw tamızdı. Ulbosınǵa taǵı qaradı. Álle ne waqta:

—Tó...r...e..sh,—dep kózin awdarıp tasladı. Ulbosın quwısqa tıǵılıp otırǵan Tóreshke qarap:

— Beri kel, qaraǵım,— dedi. Turımbet Tóreshti kórgende kóziniń aldı jasawrap, adam túsiniksiz taǵı bir nárselerdi ayttı. Oń qolın kótermekshi bolıp edi, dármanı qurıp, shaması kelmedi. Ulbosın súyep, qolın kóterdi. Qolı dir-dir qaltırap, Tóreshtiń mańlayın sıypadı. Aǵıl-tegil bolıp otırǵan apasın kórip, Tóreshtiń kewili buzıldı. Basın ózine tartıp, Turımbet betin betine tiygizdi. Tóreshtiń eki kózinen monshaqlap aqqan jaslar, ákesiniń betindegi qatparlanǵan qandı azıraq jibitkendey boldı. Turımbet Tóreshtiń mańlayınan sıypap, kózinen monshaqlanǵan bir tamshı jas shıǵarıwǵa ǵana dármanı keldi.

Onnan arǵısına dármanı kelmedi. Tek bolǵanı Ulbosınǵa qarap bir nárse aytatuǵın kisidey tamsandı da, gúldirewishten shıǵıp baratırǵan batar kúnniń sáwlesi menen birge kózin jumıp, uzaq sapar shekti.

Sóytip jaman ılashıqtıń ishine qara qan quyıldı da qaldı. Ulbosın shashın jayıp, betin tırnap, ılashıqtı basına kóterdi. Jılaǵannan ne payda? Tóreshten basqa Ulbosınnıń qayǵısına ortaqlasqan adam bolmadı. Turımbettiń denesi erteńine túske shekem jattı. Tús awǵanda úsh-tórt ǵarrı kelip, awıldıń sırtındaǵı áwliyege aparıp qoyıp keldi. Súyekshiler qaytıp kelgende dawıs ta shıǵarǵan joq. Kerek dese Bazarbay molla dawısın shıǵarıp quran da oqıǵan joq. Ishinen


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

gúbirlep bir nárse ayttı ma, aytpadı ma, áytewir betin sıypadı.

Sóytip Ulbosın jetim jetelep, jesir qaldı. Jesir qatınnıń ne kórgen kúni bar? Turmısları nasharlay basladı. Jurt egin-tegin jıynap alǵan máhálde, Ulbosındı tolǵaq qıstadı. Sırımbettiń kempiri kelip, náresteni jerden kóterip aldı. Oǵan azan aytıp at qoyǵan adam bolǵan joq.

—Apa, bunıń atı kim?—dedi bir kúni Tóresh.

—Qaraǵım, sen atın qoya ǵoy,—dedi Ulbosın.

Tóresh ań-tań boldı.

—Ne dep aytayıq, qaraǵım!

—Jamal bola qoysın.

Sóytip nárestege Jamal dep at qoyıldı. Qısılıp-qımırılıp qıstı ótkerdi. Turımbettiń ólimin quwalasqan aǵayin-tuwǵan bolǵan joq. Esheyinde qun talap etip, xanǵa at shabatuǵın kátqudalar, kerek dese, Ulbosınǵa kewil de aytqan joq. Endi bul karada otırıwdıń sáni bolmas,—dep sol gúzge taman Hákim atadaǵı Ubbi iyshandikine kelgenine bir jıldan artıǵıraq waqıt bolıp edi. Iyshannıń kirin juwıp, digirmanın tartıp kúneltip kiyatır edi...

Baǵanaǵıdan bermaǵan buyıǵıp oylap atırǵanda, kóz aldınan dizbeklenip ótip atırǵan usılar edi.

Denesi tońazıp qalǵan eken.

—Úh, úh,—dep basın kóterdi. Jawın da tınıwǵa qaradı. Balaların qımtastırıp, «tezirek tań atsa eken» dep tilek tilep otırdı.

?

1. Burın Turımbetke usaǵan adamlardıń turmısı qanday bolǵan?
2. Jumash baydıń háreketi qanday boldı?
3. Qula dúzde Ulbosın hám Tóresh qanday qıyınshılıq kórdi?
4. Tóresh apasına qalay járdemlesti?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

5. Ulbosın hám Tóreshtiń azaplı turmıs keshiriwine kimler sebepshi boldı?
6. Bul qaysı waqıttağı waqıyalar edi?

1. Hárbir bólimine tema tańlap qoyıń.
2. Sol tema boyınsha sóylep beriń.

## IZBASAR FAZÍLOV

(1909 — 1961)



Izbasar Fazılov — XX ásir qaraqalpaq ádebiyatındağı talantlı shayırlardıń biri.

I.Fazılov 1909-jılı Taxtakópir rayonında tuwılğan. Qaraqalpaqstan Jazıwshılar Awqamın dúziwshilerdiń biri. Ol 20-jılları, dáslep Shımbaydağı internatta, sońınan 1925 — 1926-jılları Qazaqstandağı Orenburg qalasındağı áskeriy mektepte bilim aladı.

1926-jılı Tórtkúl qalasına kelip awıl xojalığı texnikumına oqıwğa kiredi hám onı pitkergennen soń sol dáwirdegi «Qızıl Qaraqalpaqstan», «Jas Leninshi» gazetalarında juwaplı orınlarda jumıs isleydi.

Shayır 1934-jılı burınğı awqam Jazıwshılarınıń birinshi siezdine keńesshi dawıs penen delegat bolıp qatnasadı.

Shayırdıń «Jeńis jolında» (1934), «Qosıqlar» (1934, 1959), «Awıl báhári» (1975) atlı toplamları basılıp shıqtı.

I.Fazılov repressiya qurbanı bolıp, nahaq jala sebepli, jigirma jılğa shamalas qamaqta boladı hám aqlanıp shıqqannan soń dóretiwishilik penen shuğıllanadı.

I.Fazılov shığarmaları tematikasınıń baylığı, waqıt talabına juwap beriwi, ideyalıq hám kórkemlik birligi, tereń xalıqlığı menen ayrılıp turadı. Shayır ótkendegi xalıq turmısın, olardıń awır awhalın anıq kórgen hám jaqsı sezgen. Ol teńsizlik penen eziwshiliktiń barlıq



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qısıwmetlerin basınan keshirgen. Bunı «Qara qoy» qosıǵında kórkem etip hárbir oqıwshınıń sanasına jetip, oyında qalarlıqtay etip súwretleydi.

I.Fazılov Watandı adamgershilik, azatlıq, báhár gúlindey jaynaǵan gúl watan dep maqtanısh etse, 1957-jılı jazılǵan «Men súyemen watan seni» qosıǵında bul ideyanı tereńletedi hám onı óziniń ishki júrek sezimleri menen beredi. Bul qosıǵında shayır Watanǵa shın muhabbat, asqan súyispenshilik penen birge, tereń filosofiyalıq tolǵanıwların beredi. Shayır shıǵarmalarında jańa ideyanı sulıw, kórkem etip jańa ırǵaq, jańa pát, ólshem hám intonaciya menen beredi.

Ol xalıq ushın ayanbay xızmet etip, ádebiyatımızdıń tariyxında tereń iz qaldırǵan shayır.

## Qara qoy

Írǵaladı shımbır kóldiń qamısı,
Iyrim tartıp Annajaptıń aǵısı,
Dóhmetke keledi adam namısı,
Moynıma túsip tur meniń qara qoy.

Qoy jayǵanım qara shógir toǵayı,
Qara qoyǵa yar bolmadı «qudayı»,
Bildirmedi keldi qasqır jabayı,
Ájeliń qasqırdan boldı, qara qoy.

Tań sáhárden ornımnan turǵanman,
Qoylarımdı otlaq jerge jayǵanman,
Pıshaq tappay, qıyaq penen soyǵanman,
Sol sebepli «haram» óldi, qara qoy.

Qudayımnıń bola berdi dawılı,
Azan menen jawa berdi jawını,
Bir pıshaq bermedi múyten awılı,
Sol sebepli «haram» óldi, qara qoy.

Múyten awılına qoyshı bolǵanman,
Qara qoydı soyıp «hadal» qılǵanman,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mollası «haram» dep «haram» qılǵannan,
Sol sebepli «haram» óldi, qara qoy.

Iyeń seniń qıs ǵamıńdı jemedi,
Qıstan arıq shıqtıń, mayıń kem edi,
Arıqlıqtan molla, hadal demedi,
Sonıń ushın «haram» boldıń, qara qoy.

Tariyxıńdı ettim, qara qoy bayan,
Men gúnakar emes, hámmege ayan,
Tegine ólmediń, keltirdiń zıyan,
Qunıńdı moynıma saldı, qara qoy.

Bunsha qımbat bola berer me qoy da,
Ádillik hám insap hám hújdan qayda?
Jartı jılǵı haqımdı aldı bir qoyǵa,
Óligiń qımbatqa tústi, qara qoy.

Qoldawlı Qallıbek qoyıń qara qoy,
Men bir jetim qolıńdaǵı bala ǵóy,
Alǵan menen bayımassań, toymassań,
Kerek bolsa jartı haqımdı ala ǵoy.

?
1. Qosıqta shopanlar turmısı qalay súwretlengen?
2. Qosıqta tábiyat kórinisi menen shopanlardıń turmısı qalay baylanıstırılǵan?

1. Qosıqtı kórkemlep oqıp, túsinigińiz boyınsha mazmunın sóylep beriń.

## Men súyemen, Watan, seni

Men súyemen, Watan, seni,
Kún-kúnnen gúlleyseń,
Meni shiyrin lázzetińe,
Oraysań, bóleyseń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sende jasaw qızıqlı,
Súyiwdiń shegi joq,
Tasıǵan kúsh, artqan inta,
Toqtar jeri joq.

Gúllen Watan! Gúllen Watan!
Súyikli seniń gúliń.
Nurın shashqan gúmis kúndey,
Sáwleli seniń nuriń.

Watan, sende rawaj tapqan,
Azatlıq,
Teńlik,
Hám baxıt,
Bul jetiskenliklerdi,
Bizden ala almaydı,
Heshkim, hesh waqıt.

Men súyemen, Watan seni,
Men seniń ulıń
Seniń ushın jan beremen,
Haqıyqat shınım.
Súye bilmegen júrek,
Ol nege kerek,
Súye bilmew-
Jasay bilmew demek!

1. «Men súyemen, Watan, seni» qosıǵında tuwılǵan jer, watan súyiwshilik táriypi qalayınsha súwretlengen?

1. «Men súyemen, Watan, seni» qosıǵındaǵı azatlıq, teńlik, hám baxıt degen sózlerde neni túsindińiz?


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MÍRZAǴALIY DÁRIBAEV

(1909 — 1942)



Mırzaǵaliy Dáribaev XX ásir qaraqalpaq ádebiyatında shayır, jazıwshı, dramaturg, awdarmashı sıpatında belgili boldı.

Ol 1909-jılı Qońırat rayonında tuwılǵan. 1929-jılı pedagogikalıq kurstı pitkerip, awılında muǵallim bolıp isleydi. 1935-jılı Tashkent Orta Aziyalıq awıl xojalıq mektebin pitkeredi, soń gazetada, Jazıwshılar awqamında jumıs isleydi.

Jazıwshınıń dáslepki shıǵarmaları 1930-jıllardan baslap járiyalana basladı. Onıń 1930 — 40-jıllarda «Qosıqlar», «Jeńiwshiler», «Gúreske» degen toplamları basılıp shıqtı. Sońǵı jılları M.Dáribaevtıń «Qosıqlar hám poemalar» (1954), «Shıǵarmaları» (1958), «Tańlamalı shıǵarmaları» (1963), «Qálbiyke» (1984) degen toplamları járiyalandı.

M.Dáribaev dramaturgiya tarawında da «Kóklen batır», «Árman», «Ǵárip-ashıq», «Jańa adamlar» atlı piesaların jazdı. Al, jazıwshınıń «Mıńlardıń biri» povesti qaraqalpaq prozasınıń qáliplesiwinde ayrıqsha orın iyeledi.

## Mıńlardıń biri

*(povestten úzindi)*

Pútkil Xorezmniń tolısın tógip, ortasın shayqaǵan 1912-jılǵı «Aq qapshıq» jılı edi. Bul jıl Erpolatlar sıyaqlı jetim bala, jesir qatınlardıń ókpesin qısıp, demin tarıltıw menen qatar, talay jarlılardıń janın



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kózine kórsetken jıl. Jaqsı, pútin kiyim kiygen, janı saw, oshaq bası amanlardıń janı kózine kóringende Erpolatlar kimniń shikarası, ólim záńgisine ayaǵın salıp turǵan adamlar emes pe? Ákesi Batırbek ólgende Erpolat altı jasqa jańa shıqqan bala eken. Ol atanıń álpeshlegen tárbiyasın kóre almadı.

Erpolat segiz jasına shıqqannan soń-aq hárkimniń ılaq-qozısın, buzawın baǵıp tamaq tawıp apasına kómeklesti. «Ílaq mańırap suw isher» degendey, jetim bala, jesir qatın, jılap-sıqlap kún keshirdi. Erpolat er jetti, jigit boldı, mine bıyıl sarras jigirmaǵa shıqtı. Buniń jigirmaǵa shıǵıp jigit bolıwın kútip turǵanday asharshılıq baslanıp, tamaǵın birde tawıp, birde tappay otırǵan adamlarǵa oǵada qıyın boldı. Jazı menen jıynaǵan onseri-qırqaǵarı* ǵállesin de iship boldı, kún keshiriw qıyınlastı. Shappattay nan, attıń pulı, erdiń qunı, bolıp ketti. Sonlıqtan, Erpolat 5—6 kúnnen bermaǵan diywanashılıq qılıp apasın hám eki úkesin asırap otır edi. Búgin de sol diywanashılıqtan qaytıp kiyatır edi.

Ayımgúldiń de, Erpolattan kishi eki balasınıń da nár tatpaǵanına búgin eki kún boladı. Mehriban anaǵa bawır eti bala artıqmash, qımbat emes pe, eki bala ashtan buratılıp jatır. Kishkene qızı Qarashash:

— Apa júregim úzilip baratır, — dep Ayımgúldiń moynın qushaqlay jıǵılıp, oń dizesine basın qoyıp, anda-sanda «nan» dew menen ıńıranıp jattı...

* * *

... Sol tınıshlıqtı buzıp, qosta qalǵan ala moynaq Jollı áwpildep úrdi. Áwpildep turǵan Jollıdan basqa hesh nárse kórinbedi. Qalıń toǵaylıqtıń arası

*onseri-qırqaǵarı — awırlıq ólshem birligi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolǵanlıqtan tap qasına kelgen nárse bolmasa, uzaqtaǵı nárse kórine qoymaytuǵın edi. Hesh nárse kórinbegennen soń Erpolat jayına qaytadan otırdı. Biraq Jollı tınıshsızlanıp qattıraq úrdi. Erpolat taǵı turıp qaradı. Toǵaydıń arası menen kiyatırǵan atlını kórdi, Qızıl kók jorǵanı shalqayıp minip kiyatırǵan ózleriniń boyarı Erjan sıypań eken.

Qamıs qulaq, sulıw jal, kelte quyrıq, buwra san, qızıl kók jorǵa jániwar bir tuwǵan jılqı edi, jorǵasınan suw tógilmeytuǵın. Onıń jorǵasına anaw-mınaw yabılar ere almaytuǵın edi. Bunı qunan gezinde kúninde Erjan sıypań bir buzawlı sıyır menen bir atqa aldı. Óse kele sol dógerektegi jılqınıń aldı boldı.

Erjan sıypań haytqa, toyǵa, bir shaqırǵan jerge barǵanda minbese, basqa waqıtta minbey qolda baǵıp, úsh waqıt bes qosuwıstan arpa bórttirip, suw ornına sút, pishen ornına bede berip baǵatuǵın edi. Sonday ayanıshlı atın miniwine qaraǵanda, Erjan búgin ya toydan, yamasa bir shaqırıqtan kiyatırǵanı málim.

Ǵalı qorjınnıń awzın gúrjilep, bóktergini biyikten bókterip, ayaqtı záńgige tirep, Erjan sıypań shirenip kele berdi.

Qızılkóktiń Ámiwdáryanıń aǵısınday aǵıp kiyatırǵan jorǵasın qalıń toǵaylıq eriksiz buzdırdı. Qızılkók jorǵasın buzǵan jerde, Erjan basın tejeńkirep qoyadı. Qızılkók qaytadan júrisin dúzeydi.

Jaqınlap kele bergennen-aq Erpolat aldına taman barıńqırap bayarına:

—Assalawma-áleykum,—dedi. Ólgen qoylardı kórgen sıypań sálemdi almastan:

—Mınaw ne?—dep shirene tústi. Erpolat oǵan túnde qoylarǵa qasqır shapqanın aytıp berdi.

—Atańa náletler, qoydı óltirgennen góre ózleriń ólseńler bolmay ma?!—dep sıypań táp berip umtıldı. Erpolat attıń miner jaǵınıń jılawınan uslay bergende, shırp-shırp etip arqasına eki ret qamshı tiydi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Erjan sıypańnıń qamshısı eki ret arqasına tiygende, Erpolat sıypańdı tamaqtan alıp qaldı. Jan alqımı menen sıypań tıpırlap tewip, mushı menen urıp kórip edi, biraq bolmadı, há degenshe bolmay Erpolat attan awdarıp alıp, ishine bes-altı tepti. «Ózińnen zor shıqsa, eki kóziń parta shıǵadı»,—degen emes pe, ózinen zorǵa ushıraǵannan soń, sıypańnıń tırp etiwge qúdireti kelmey, únsiz qaldı. Bunı kórgen kelinshek:

— Ólip qalıp, keyin bále bolıp júrmesin, — dedi Erpolatqa.

— Ólse qum qapsın, ólmese esinen qalmasın, — dedi kelinshekke qarap kúlimsirep turıp Erpolat.

— Tek júrgen, toq júredi, — degendey tek júrgeniń jaqsı edi, endi seni haqı bermey quwıp jiberedi ǵoy.

— Bári bir urmaǵan menen mına ólgen qoylardıń tólewi ushın biziń bárimizdiń bıyılǵı haqımızdı bermeydi. Onnan eki bastan haqı ala almaytuǵın bolǵannan soń urǵan sıyaqlı etip urıp, óshimdi alayın, erteń meyli qolınan bir kelse eki qılsın, aspannıń tirewi bolsa taydırıp jibere qoysın, — dedi kelinshekke.

Sonıń arasında kelinshektiń qaplap jayılıp kiyatırǵan qoydıń aldındaǵı shopanlarǵa kózi tústi.

— Bul ne Erpolat? — degen sesti bir-aq esitip, basın birden kóterip alıp, dógeregine qaradı. Kózine bárinen burın kelinshektiń kúyewi Jiyemurat tústi: sebebi, ol basqa shopanlardan burınıraq kelip, oy teńiziniń túbinde turǵan Erpolattıń «Bul ne?»—dep sezimin sekirtip edi.

— Bul, — dep Erpolat sózin baslap, joldaslarına bolǵan hádiyseni qısqasha aytıp berdi de, endi maǵan bul jerde turıwǵa bolmaydı. Bári bir meni sıypań ayap qoymaydı. Qolınan kelgenin qılsın, men mına kók jorǵanı minip ketemen,—dedi joldaslarına.

Joldasları buǵan juwap tawıp ayta almay, irkilińkirep qaldı. Biraz waqıttan soń:


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

—Qoy, olay qılma, aytqandı qılsań, ketpe, eger ketemen deseń, attı minip ketpe, eger minip ketseń, biziń basımız bálege qalar, —dedi.

—Qorqaq batır, sen, qorqaqlıq qılma, batırlıq qıl, endi jaman atlı bolsam sıypańġa men jaman boldım, saġan heshnárse qılmas,—dedi Erpolat.

—Ayta kórme, erteń seniń ushın biziń etimizdi duzlaydı,—dep basqa shopanlar da shuwlap qoya berdi.

—Olay bolsa ózińniń jaqqan otıńa óziń ısın degenińiz ġoy, attı minbey-aq keteyin, jaqsı xosh bolıń. Aman bolsaq taġı kórisermiz, —dedi de Erpolat ketiwge bet aldı. Altı shopan bir kelinshek «xosh-xosh» degennen basqa hesh nárse dey alġan joq, ketip baratırġan Erpolattıń izinen qarap qala berdi. Talıp qalġan sıypań áste qozġalıp, ıńırana tústi.

? 1. Shıġarmada qaysı jıllardaġı waqıya sóz etilgen?
2. Erpolat ne sebep diywanashılıq etedi?
3. Erjan sıypań Erpolattı nege sabaydı?
4. Erpolat bayġa qarsı qanday háreket etti?

1. Shıġarmanı oqıp, túsinigińizdi aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TILEWBERGEN JUMAMURATOV

(1915—1990)



T. Jumamuratov qaraqalpaq ádebiyatında lirik hám satirik shayır sıpatında tanıldı.

Shayır 1915-jılı Moynaq rayonınıń Aqdárya awılında tuwıldı. Dáslep eski mektepte, soń jańasha mektepte oqıydı. Tashkent qalasında joqarı oqıw ornın pitkerip, awılında muǵallim bolıp isleydi.

T. Jumamuratov Moynaq rayonlıq «Qızıl balıqshı» gazetasınıń redaktorı, 1950-jılları Nókis qalasına kelip, gazetalarda, radio esittiriwde hám Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamında isleydi.

Shayır jumıs islep júrip, dóretiwshilik jumısları menen tınımsız shuǵıllanadı. Nátiyjede bir qansha qosıqlar, poemalar, piesalar, gúrrińler jazadı. Awdarma jumısları menen shuǵıllanadı.

T. Jumamuratov «Ámiwdárya», «Moynaqta», «Órletti ómir epkini» t.b. lirikalıq qosıqların, «Ton menen tóbeles», «Traktor hám ketpen», «Qarlıǵash, mıltıqshı hám jılan» t.b. yumor-satiralıq qosıqların, «Doslıq», «Kiyiktiń eki ılaǵı», «Bala tuwralı sóz», «Suwǵa ketken adam», «Mákarya sulıw», «Qásiyetli gáwhar tas hám aqıllı shopan haqqında ertek» t.b. poemaların, «Tiklengen tuw» dramasın, «Qızlar házili» komediyasın jazdı.

## Qásiyetli gáwhar tas hám aqıllı shopan haqqında ertek

*(úzindi)*

I

Erte áyyemgi zamanda,
Arqadan shıǵıs tamanda,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ómir súrdi bir ǵarrı shal,
Padashı boldı baqtı mal,
Baqqanı baylardıń malı,
Tek kúneltip júrgen edi.
Kemtarlıqtı kórgen edi.
Úshew onıń balaları,
Jasınan-aq qıyqań eken,
Barǵan jeri wáyqan eken
Bir nárseden setem aldı,
«Bul nesi?»—dep hayran qaldı.
Jıynawǵa háreket etti,
Bir haywan aqıra ketti,
Qarasa úlken jolbarıs,
Omırawı keń, neshe qarıs,
Shorshıp ketti onı kórip,
Umtıldı buǵan táp berip,
Ǵarrıda ǵayrat mol edi,
Biraq qoldan ne keledi,
Mınaw júdá kúshli bále,
Awzın ashıp shaptı kele,
Turdı ǵarrı taysalmastan,
Jolbarıs sekirdi bastan,
Moynı ketti bastan asıp,
Almaq boldı tarpa basıp,
Artqı ayaq alǵa keldi,
Ǵarrı qushaqladı beldi,
Oń iyninde eki ayaq,
Tislemekshi tumsıq tayap,
Qayrap tisin sıqırlattı,
Tórt ayaǵın tapırlattı.
—Keltirmekseń maǵan ólim?—
Dedi ǵarrı qıstı belin,
Jolbarıs ilaj etpedi,
Jerge ayaǵı jetpedi,
Jete qoysa ayaq ushı,
Jolbarıstıń tasar kúshi,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ǵarrını aspanǵa atar,
Pıt-shıt etip shaynap jatar,
Sum ájelden qáwip tuwdı,
Kózdiń jası betin juwdı,
Bara-bara qolı taldı,
Jan ushın gúresip baqtı,
Bedeninen terler aqtı,
Tirishilik ósher boldı,
Tatlı jannan kesher boldı,
Oyda joqta bir jas bala,
At oynatıp kele sala,
Jolbarıstıń basın attı,
Mıltıq kóshti, sespey qattı.
—Endi sizge bolmas qáwip,
Dedi bala ketti shawıp,
Basqa nárse soramadı,
Qaytıp artqa qaramadı,
Kim ekenin bilmey qaldı,
Uzap ketti, kórmey qaldı,
Jolbarıstı atıp urdı,
Ústinde dem alıp turdı,
—Yapırmay, búgin ne boldım,
Ólmedim, ossannan qaldım,
Atqan bala qanday bala?
Azat etti kele sala,
Aylanayın júrgenińnen,
Ólgenshe tilegińdemen,
Dedi, sırttan alǵıs ayttı,
Aman-saw úyine qayttı,

## III

Bir kún mal baǵıp júr edi,
Ájayıp gáwhar kóredi,
Tawlardan tawıp alıptı,
Kóripti hayran qalıptı,
Bánti bar eken altı qabatlı,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bir bántin ashıp kóredi,
Dúnyaǵa jaqtı beredi,
Sáwlesi uzaqqa ketti,
Shuǵlası aspanǵa jetti.
Ekinshisin ashıp kórdi,
Jıllı-ıssı belgi berdi;
Ǵarrı ráhát tabadı,
Janına jaqsı jaǵadı.
Úshinshi bántte jayı bar,
Neshe túrli sarayı bar,
Miywalı terekleri kóp,
Basqa da kerekleri kóp.
Ashqanda tórtinshi qattı,
Kórdi ılǵıy hasıl zattı,
Altın, zer aqshası da kóp,
Kiyim hám basqası da kóp,
Tamashanı kóre berdi,
Ashıldı besinshi qapı,
Kórindi júz túrli awqat,
Hár qıylı miywası da bar,
Túrli taǵam ası da bar,
Dasturqan jayıwlı tur,
Awqat jasap qoyıwlı tur,
Endi altınshı qabatı,
Bir zat quyınday shabadı,
Gúwildeydi, duwıldaydı,
Aynaladı zuwıldaydı,
Adam onday zat kórmegen,
Sonlıqtan ǵarrı bilmegen,
«Múmkin miniwge jaraydı»,
Deydi tańlanıp qaraydı,
Biraq hesh zattan almadı,
Uslamadı qol salmadı,
«Bunıń bári qanday boldı?» —
Dep, buǵan ol hayran boldı,
— Háy, átteń óz zatım emes,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Awqat óz awqatım emes,
Kórgenim túsim bolar ma?
Dep ǵarrı oylanıp turdı,
Hár zatqa aylanıp turdı,
Baqqan malı tarap ketti,
Aldı bir ózekten ótti,
—Kórgenimnen bar ma payda,
Jarlıǵa bul zatlar qayda?
Xandiki, baydiki shıǵar,
Almayın, bálesi juǵar,—
Dedi de ketpekshi boldı,
Sol waqıtta bir ses kelip jetti,
Ǵarrı seskenip ketti,
Kewlin basıp tıńlay qaldı,
Mınaw sózdi ańlay qaldı,
«Áy, ǵarrım, jandı qıynadıń,
Baqtıń, mallardı aydadıń,
Qansha islediń, jaqpadıń,
Zalım bayda qanaat joq,
Ózleri más tamaǵı toq,
Janın sirá qıynamaydı,
Jarlılardı oylamaydı,
Jaqsı adam miynet quwǵan,
Gáwharman miynetten tuwǵan,
Men jattım tas astında,
Jeti qabat jer astında,
Bir alımnan sorap bilip,
Shárip degen jigit keldi,
Mańlayınan aǵızıp ter,
Jigirma bes jıl qazdı jer,
Tawdıń tasların qopardı,
Endi tawıp alar boldı,
Tek bir kúnlik jumıs qaldı,
Sol kúni jaw shawıp elin,
Sháripke keltirdi ólim,
Maqsetine jetpey ketti,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Zulım patsha oyran etti,
Átteń, jigit edi Shárip,
Miynet etken ıqlas berip,
Óltirdi moǵıl xanı,
Moǵıllardıń shuǵıl xanı,
Bir kún jırtqısh haywan keldi,
Meni kórip iyeledi,
Kelgenlerdiń aldı janın,
Ne erlerdiń shashtı qanın,
Jırtqıshtıń patshası deydi,
Talabı sol adam jeydi,
Túsin qarasań jolbarıs,
Omırawı keń neshshe qarıs,
«Adamdı qurtaman» degen, —
Ol haywandı óltirdiń sen,
Seniń sol miynetiń ushın,
Men turman húrmetiń ushın,
Dúnyadaǵı hasıl taspan,
Jalqawǵa juwımaspan,
Mıń túrli ilim mende bar,
Óner hám bilim mende bar,
Házir seniki bolaman,
Ólseń, izińde qalaman,
Alıp meniń ráhátimdi kór,
Ya qáleseń birewge ber,
Úlken bolsın, bala bolsın,
Kim alsa da, dana bolsın,
Ayrıqsha aqıllı bolsın,
Miynettiń jaqını bolsın,
Birlikli júriwshi bolsın,
Ádillik súyiwshi bolsın,
Xalqına berilgen bolsın,
Ózinde batırlıq bolsın,
Alsa sonday adam alsın.
Házirde qıynala kórme,
Hesh nárse oylana berme.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Awqatımnan jep toyıp al,
Sońın sońınan kóre qal,
Mınaw zuwıldaǵan júyrik,
Kútip turǵan sennen buyrıq
Quwsań, qashqanǵa jeteseń,
Qashsań, qutılıp kelerseń,
Barasań, tilegen jerge,
Tap óziń qálegen jerge».
—Jaqsı!—dedi, wáde etip,
Dawıs semdi, sózi pitti,
Awqattan jep toyıp aldı,
Mazası shiyrin, tań qaldı,
Aldına júyrik keledi,
Ǵarrı ústine minedi,
Zuwıldap júrip baratır,
Ílǵaldı urıp baratır,
Ǵarrınıń oyın tabadı.
Mallarǵa qaray shabadı,
Az waqıt ótpey-aq qaldı,
Baqqan malın jıynap aldı,
Keshqurın úyine keldi,
Quwandı, súyine keldi,
Tamashanı kóre berdi,
Tilegeni kele berdi,
Turmısı ráhát boldı,
Bay torınan azat boldı.

## IV

Kún artınan kúnler ótti,
Birneshe jıl ótip ketti,
Balanıń aldı er jetti,
Ǵarrıdan kem-kem hal ketti,
Uzaq jas salmaǵı battı,
Basqanday janınan qattı.
Shaqıradı úsh balasın,
Biliw ushın eń danasın,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Olardı sınap kórmekshi,
Gáwharın endi bermekshi,
Biraz oylanıp turadı,
Balalarına qaradı:
— Áy, qádirli balalarım,
Óssin, aqıl sanalarıń,
Ómirinshe jan qıynadıq,
Azlı-kópli pul jıynadıq,
Qolımızda pulımız bar,
Barlı-joqlı halımız bar,
Bir jumbaq aytıp bereyin,
Bilińiz sınap kóreyin,
On jeti maldı bólińiz,
Tiykarın sózdiń bilińiz,
Bálki men ólip ketemen,
Tirimde bólip ketemen,
Bar maldı eki bólińiz
Birin úlkeniń alıńız,
Jası on segizge jetti,
Kómek berdi miynet etti.
Bar maldı úshke bólińiz,
Birin ortanshıń alıńız,
Jası on altıǵa jetti,
Shamalı xızmet kórsetti.
Bar maldı toǵızǵa bólińiz,
Birin kishkeneńizge beriń,
Jası on ekiden ótti,
Er jetse eter xızmetti,
Sizler solayınsha bólińiz.
Bólgennen keyin kelińiz,
Aytatuǵın shártimiz sol—
Satıwǵa berilmesin jol.
Soyıwǵa sirá bolmaydı,
Bólseńiz kesir qalmaydı,
Biraq kesirli bólmeńiz,
Sonı pitkermey kelmeńiz!


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

—Jaqsı!—dep balalar ketti,
Ketti de mallarǵa jetti,
Biraq durıs bólmek qayda,
Bóliw qoldan kelmek qayda,
On jeti ekige, úshke,
Toǵızǵa bólinbes hesh te,
Bólse kesir qala berdi,
Izi shataq bola berdi,
Tóbeles boldı mushlastı,
Jaǵa jırtıstı uslastı.
—Awısqanın men alaman,
—Men almay qalay qalaman!
Dep tartıs kúsheydi ketti.
Aradan eki kún ótti,
Sonda biri dedi bılay:
—Men bir aqıl taptım qolay,
—Bizler qazıǵa barayıq,
Soǵan bólgizip qarayıq,
Ol bir jaqsı biylik berer,
Mallardı shataqsız bóler,
Bul sózge barlıǵı turdı,
Qazınıń ústine kirdi.
Onnan bir aqıl soradı,
Biraq, ol haqı soradı:
—Bir maldı qazı aladı,
Sonda on altı qaladı,
Sonı ekige bólemiz,
Jáne birin qazı aladı,
Ortaq san on bes boladı.
On besti úshke bólemiz,
Besewin taǵı beremiz,
Endi eki mal qaladı,
Birewin qazı aladı,
Kishińizge biri jeter,
Sonıń menen tartıs piter.
Dep qazı birden úsh maldı,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Alıw ushın tásil saldı,
Balalar oǵan kónbedi,
Qazıǵa nárse bermedi.
— Bolmaydı! — dep shıǵıp ketti,
Górqaw qazı quwdı ketti.
— Men sizlerge aqıl ayttım,
Tawıp ayttım, maqul ayttım,
Nege haqımdı bermeysiz,
Jay adam qurlı kórmeysiz,
Men kimmen, bilesizler me?
Ya mennen ólesizler me?
Aqmaqlar, jeńil oylaysız,
Sizler kim menen oynaysız?—
Dep qazı birden baqırdı,
Eshektey bolıp aqırdı:
Kórgen adamlar qaradı,
Birazlar juwırıp baradı,
Geybirewge ermek kerek,
Bul ne tartıs kórmek kerek.
Birewler júr tamashalap,
Geybirew júr arashalap.
Qazıǵa hesh erk bermedi,
Balalardı jibermedi.
— Bul ne tartıs?— dep soradı,
Qazı badabat uradı,
Qopallıǵın hámme kórdi,
Balalar aytıp ta berdi,
Tum-tustan hárkim sóz ayttı,
Tartıstı qayta molayttı,
Birew qazını qolladı,
Jaramsaqlanıp aldadı,
Geybirewler qarsı turdı.
— Qazımız nege qutırdı,
Búgin bir bále tapqan ba?
Ya bolmasa «jin qaqqan ba»?
Burınnan-aq edi solay,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kórip júrmiz talay-talay.
— Bul aqmaqtı «quday» attı,—
Dep hár jaqtan sóylep jattı,
Sonda birew bılay dedi:
— Bir keńes bar qalay dedi,
Baǵ iyesi sarı bala,
Biylik berer sheber ǵana,
Ol sonıńday aqılǵa bay,
Sınap kórgenbiz bir talay,
Sózi adamǵa jaǵadı,
Aqıl tapsa sol tabadı,
Bayaǵı Aqılbek bala,
Awa, ol sonıńday dana,
Usı pikir júdá maqul,
Ras, bul tabılǵan aqıl.
—Házir shaqırtıp alayıq.
Dediler, hámme xalayıq.
Bir adam soǵan ketedi,
Bala da kelip jetedi,
Turdı kópshilikti kórip,
Húrmet etti sálem berip,
Istiń mán-jayın soradı,
Hámme oǵan jalt qaradı,
Tartıs ne? Aytıldı bastan,
—Degen sóz bar «aqıl jastan»,
Jas bala biylik bere ǵoy,
Bilseń mallardı bóle ǵoy,
Qazı jáne burqıradı,
Onıń ashıwı kernedi,
Kópirdi, qolın sermedi,
—Kópshilik adastıńlar ma?
Mennen aqıllı jan bar ma?—
Degen waqta sóylep bala,
Bılay dedi nıqlap ǵana:
—Mal iyeleri kelińiz,
Aytayın sizler bólińiz,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

On jeti barlıq malıńız,
Men bir mal berdim alıńız,
Meyli sıyır, meyli ógiz,
Gúlláni boldı on segiz,
On segizdi ekige bóliń,
Toǵızın úlkeniń alıń.
On segizdi úshke bóliń,
Ortanshıńız altawın alıń,
On segizdi toǵız bóliń,
Eń kishińiz ekewin alıń,
Bóldik biz on jeti maldı,
Óz malım awısıp qaldı,—
Dedi de, sózdi pitkerdi,
Aqılın jurttan ótkerdi,
Ǵarrı, kempir, jigit-jaslar,
Kelinshek, qız-qarındaslar,
Barlıǵı tıńlap tur edi,
Bári qazıǵa kúledi,
Jas balaǵa hayran qaldı,
Aqıl taptı, alǵıs aldı,
Jaqtırmaǵan qazı boldı,
Bir ózi narazı boldı,
Adamlar tarasıp ketti,
Balalardıń kewli pitti,
Atasına qaytıp bardı.
Kórgenlerin aytıp bardı,
Onıń ózi bilgen eken,
Gáwhar menen kórgen eken,
Balalardıń tıńlap sózin,
Tiklep otırdı ózin:
—Aqılbektiń sózi durıs,
Qazınıń tilegi urıs,
Aytqanınıń maqulı joq,
Bala qurlım aqılı joq,
Bárha paranı súyedi,
Ózi alǵanın oylaydı,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jaman ádetin qoymaydı,
Jaqsı islepsiz, bermepsiz,
Tásil sózine ermepsiz,
Sizler de nadan bolmapsız,
Qazıday jaman bolmańız,
Bolsańız danaday bolıń,
Aqılbek baladay bolıń,
Dep ǵarrı násiyat etti,
Ullarınan sonı kútti.

## V

Ekinshi sınap kóredi,
Bılay dep buyrıq beredi:
—Dalaǵa barıp kelińiz!
Júz shıbıq alıp kelińiz!
Ulları barıp keledi,
Aytqanın alıp keledi,
—Ullarım taǵı aytayın,
Kúshlerińizdi bayqayın,
Júz shıbıqtı buwıp kóriń,
Buwıń da, sındırıp beriń.
Bul sózimniń deregi bar,
Maǵan sonday keregi bar,
Dep buyırdı ǵarrı jáne,
Ullarınan etip dáme.
Balalar buwıp qaradı,
Bastı tawladı, buradı,
Qansha kúshlerin saladı,
Sharshap qolları taladı.
—Biziń kúshimiz jetpedi,
Shıbıq sirá shırt etpedi,
Sharshadıq, qolımız taldı,
Dep olar moynına aldı,
Atası da kórdi, bildi,
Ullarınıń sózin bóldi?
—Birimlep sındırıp kóriń.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mánisi ne, aytıp beriń,—
Dep tağı buyrıq beredi.
Olar sındırıp kóredi,
Shıbıqlardıń bári sındı,
Balalardıń kewli tındı,
Biraq mánisin bilmedi,
Sóylep awzına kelgenin,
Ayttı hárbiri bilgenin,
Birewi ayttı ol bılay:
—Shıbıq jağıwğa kóp qolay.
Birewi ayttı:—Olay emes,
—Mánisi bılay boladı,
Buwmasań ońay boladı,
Atası hesh úndemedi,
Bul sózlerdi jón demedi,
Balalar shığıp ketedi,
Barıp mollağa jetedi,
Onnan mánisin soradı,
Molla shırrıyıp qaradı:
— «Ózlerińiz bilseńdanı,
Shıbıq birla ur balanı,
Yashidin kózin oyıńız,
Demak u dur bilip qoyıńız.
Sháriyattıń buyrığı bu,
Atańızdıń oylashı shu,
Hár waqıt mańa kelińiz,
Qayır sadaqa berińiz»,—
Dedi, bularğa jaqpadı,
Molladan payda tappadı.
Bári kewilsiz tıńladı.
Qáte ekenin ańladı,
Atasına qaytıp keldi,
Ondaylarğa ere kórmeń,
Asa kewil bere kórmeń,
Túsip qalarsız duzaqqa,
Shatılıp júrmeń azapqa!



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Atası solaysha dedi,
Onnan keyin úndemedi,
Ulları da bilisedi,
Sırtqa shıǵıp kúlisedi,
Endi oylasıq quradı:
— Ne isleymiz?— dep turadı.
— Qayda, sol Aqılbek bala,
Sol bala aqılǵa dana,
Onı tez tawıp alayıq,
—Tap sonnan aqıl sorayıq,—
Dep bular izlep ketedi,
Eki kún waqıt ótedi,
Júrip jol boyı soradı,
Bir egislikke baradı.
Birewler egin egipti,
Qos aydap ógiz jegipti,
Jerinde bir kesegi joq,
Ya boyan, ya páshegi joq,
Islewi júdá jetipti,
Jaqsı tárbiya etipti,
Atqan kesek sińer jerge,
Qarap tursań eginlerge,
Ullı miywalı baǵı bar,
Baw-baqshaları taǵı bar,
Qawınlar ósip ketipti,
Aldı sarǵayıp jetipti,
Alması ǵarbızday eken.
Ǵarbızı úylerden náhán,
Balalar jawqıldasıp júr,
Birewler miywe teredi,
Birewler qaǵıp beredi,
Kimi tasıp úyip atır,
Kimi jıynap qoyıp atır,
Qarap turǵan birewi joq,
Jalqawlıqtıń deregi joq,
Shad balalar erinbeydi,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Úlken adam kórinbeydi,
Bular da barıp turadı,
Bir baladan sóz soradı:
— Sizler jas diyqan, balalar,
Biz kelgen miyman, balalar,
Soraspaqlıq jón boladı,
Bunda basshı kim boladı?
Turǵan miymanlardı kórdi,
Sorawına juwap berdi,
Basshımız da bizdey bala,
Qatarınan asqan dana,
Hámme soǵan baǵınamız,
Kórmey júrsek saǵınamız,
Barlıǵımız bas iyemiz,
Basshını janday súyemiz,
Islengen is tolıp atır,
Endi qala salıp atır,
Aqılgóyi — jalǵız ana.
Sonnan keńes alar bala,
Xabarıńdı bildirdim tek,
Atın aytayın — Aqılbek.
Shaqırtsańız bolar tayın.
Yamasa ertip barayın.
— Sóylestiriń, soǵan bizdi.
— Aytayıq jumısımızdı.
— Jaqsı, dedi ertip júrdi.
Bir baǵdıń ishine kirdi.
Otırǵızdı, húrmet etti,
Biraz bala xızmet etti,
Aqılbek te kele qaldı,
Miymanlardı jaqsı kútti,
Shad etip kewlin xoshladı.
— Atamız júz shıbıq berdi,
Buwǵızdı, sındırıp kórdi,
Oǵan kúshimiz jetpedi,
Sınbaq túwe shırt etpedi,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Birimlesek dara-dara,
Sındı shıbıq para-para.
—Men ne oyladım bil—dedi,
Qollarımızdan kelmedi,
Atanıń oyın bilmedik,
Aqıl sorap kelip edik,—
Dedi, Aqılbek tıńladı,
Istiń mánisin ańladı,
Esitken soń bastan-ayaq,
Sóyledi kóp irkilmey-aq.
—Atańız aqıllı, dana,
Bolmaw kerek awzı ala,
Kórsetip bergen mısalın,
Sizler sonnan úlgi alıń.
Dos adam dara bolmasın,
Awzı hesh ala bolmasın.
Buwǵan shıbıq qanday eken,
Birlikli kúsh onnan bekkem,
Taq shıbıqtay bolsaq dara,
Hálsireymiz bara-bara.
Miynet kerek birlik penen,
Aqıl dárkar erlik penen,
Sonda biz jawdı jeńemiz.
«Ala bolsań, qazı da jaw»,
Birlik muratqa jetkerer,
Maqsetti tezden pitkerer,
Tatıwlıqtıń ráháti mol,
Dedi: Bular tań qaladı,
Jumbaǵın sheship aladı,
Kim ekenin bilgen eken,
Gáwhar menen kórgen eken.
Atası basın shayqadı,
Jáne bılay dep aytadı:
—Bala—bilgir bala eken,
Jasınan-aq dana eken,
Ózim sóylesip kóreyin,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kóz aldımda sın bereyin—
Dep onı shaqırıp edi,
Aqılbek te jetip keldi.
—Aynalayın, qay balasań,
Kimlerden aqıl alasań?
Ne kórdiń, ne bildiń jastan,
Kórgenińdi aytqıl bastan,
Qaydan biylikti bileseń,
Jaqsı birlikti bileseń,
Barǵanǵa hikmet etipseń,
Kimler bar siz turǵan jayda,
Atańız-anańız qayda?
—Áy, ata, aytayın bastan,
Qıyınshılıq kórdik jastan,
Men on jeti jasımdaman,
Bes jıl burın atam óldi,
Ájeli dushpannan keldi,
Ol waqıt bizler jas edik,—
Shárip degenniń ulı edim,
Mınaday boldı bir sapar,
Jetpis-seksendey bala bar,
Awılımızdan qashıp kettik,
Bir toǵaydan asıp óttik,
Párwayısız tamasha qurdıq,
Kún uzaq sol jaqta júrdik,
Keshqurın awılǵa keldik,
Bir jaman hádiyse kórdik,
Xalıqtıń ǵapılın tawıptı,
Elimizdi jaw shawıptı.
Búlik salǵan moǵıl xanı,
Moǵıllardan shuǵıl xanı,
Mallardı tartıp alıptı,
Adamǵa wayran salıptı,
Qul etip alıp ketipti,
Birazdı shalıp ketipti,
Ólip qalǵan neshshe batır,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mıltıq, jaraqları jatır.
Bir orınnan qozǵalmastan,
Kimi ayaq, kimi bastan,
Jaralılar kóp jatırǵan,
Janı qıynalıp atırǵan,
Buzaw, baspaqlar da qalǵan,
Biz sıyaqlı jetim bolǵan.
Awhaldı kórdik jılastıq,
Bárimiz birden shuwlastıq,
Jan atam ólip qalıptı,
Zalım jaw nayza salıptı,
Ǵárip janǵa qayǵı ótti,
Kún endi tún bolıp ketti.
Jattım atamnıń basında,
Kóp óliklerdiń qasında,
Balalar bári jıynaldı,
Hárkim ózinshe qıynaldı,
Ah urdı, jıladı, jattı,
Kirpik qaqpastan tań attı.
Jılawdan payda tappadıq,
Endi biz qarap jatpadıq,
Balalar oylasıq qurdıq,
Hámme bir pikirde turdıq,
Meni basshıǵa sayladı,
Qıyınshılıqtı birge kórdik,
Jer qazdıq, ólikti kómdik,
Jaralılardı jıynadıq,
Jarasın tańıp bayladıq.
Shertek soqtıq baslarına,
Suw jetkerdik qaslarına.
Men anamdı kóp oyladım,
Ólgen shıǵar dep oyladım.
Onda tabılmadı táni,
Bul is hayran etti meni,
Qalǵan jaraqtı topladıq,
Birneshe mıltıq oqladıq.
Uzaqtan qara kórindi,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kóp emes dara kórindi,
Keldi, tórt-bes adam kórindi,
Sonıń biri anam eken.
Jawdan jırılıp qashıptı,
Sharshap ókpesi óshipti.
Olardı dushpan qamaǵan,
Azaplap urǵan, sabaǵan,
Zorǵa keldi jıǵılmastan,
Ústi bası qıp-qızıl qan,
Ne bolsa da ǵayrat salǵan,
Kóbi jolda ólip qalǵan.
Bular keldi de jıǵıldı,
Kózden jaslar aǵıldı,
Barlıǵımız bara qaldıq,
Atlanıp tura qaldıq.
Kórip anam qushaq ashtı,
Men bardım, bawırına bastı,
Barlıǵı da eńirep jılap,
Sulıq bolıp jattı qulap,
Olardıń awhalın kórdik,
Isher dep suwsın jetkerdik.
Kópshiligi ishpey qaldı,
Kózlerin ashpay qaldı,
Ekinshi kún bári óldi,
Jalǵız anam aman qaldı.

## VIII

Anam da esin jıynadı,
Balalar onı sıyladı,
Ol bizlerge alǵıs berdi,
Bárimizdi birdey kórdi.
Biraz arba qalǵan eken,
Jaw keregin alǵan eken.
Atlardı arbaǵa jektik,
Ol átiraptan kóship kettik.
Minip júrdim men bir attı,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jolda hámme kele jattı,
Toǵaylardan júrip óttik,
Bir jerlerge kelip jettik,
Sesti shıqtı jolbarıstıń,
Ústinen óttik arıstıń,
Yadıńızda bolsa kerek,
Is ettim elden erek.
Uzaǵıraq jerden kórip,
Ǵayratıńızǵa tań qaldım,
Asıǵıslaw ketip qaldım.
Jolbarıs qalǵanda, jayrap,
Ketip edik kóshti aydap.
Sol kúni toǵaydan óttik,
Qonıs tawıp mákan ettik.
Qarap jatıw bolmas dedik,
Tirishilik ǵamın jedik.
Ol jerden etken soń mákan,
Qurdıq áwel usta dúkan,
Kanal qazdıq, suw keltirdik,
Jerden zúráát óndirdik.
Buzaw baspaq, ógiz boldı,
Sıyır boldı, semiz boldı.
Jarlılardı baǵamız,
Olar húrmetli aǵamız.
Kereginiń bári tayın,
Xızmet etemiz kún sayın.
Áskerler oyın oynaymız,
Jawdan ósh almay qoymaymız.
Birlikten kúshti úyrendik,
Turmıstan isti úyrendik,
Birliksizlikten jiyrendik.
Kóp táliymat bergen anam,
Ol bir oqımıslı adam.

## IX

Ǵarrınıń kewli toladı,
Balanı súyip aladı,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ulınan artıq kóredi,
Gáwharın soǵan beredi.
—Birlikliniń kúshi artsın,
Dushpannıń tanabın tartsın!
Ullarım, sizler de eriń,
Aqılbekten úlgi kóriń!—
Dep ǵarrı aqıl beredi.
Ulları oǵan eredi,
Gáwhardı ol alıp ketti,
Óz anasına kórsetti.
Anası bılay dep ayttı:
—Atańnıń eńbegi qayttı!
Shıraǵım, Aqılbek janım,
Taptıń gáwharın atańnıń.
Sonıń ushın atań Sharip,
Kúsh jumsadı ıqlas berip.
Birneshe jıl miynet etti,
Almastan-aq ólip ketti.
Al, endi sizler alıpsız,
Júdá baxıtlı bolıpsız,
Sıylap tartqan ǵarrını sen,
Kóp jaqsılıq etken eken.
Óz atańnan kem sanama,
Ketpesin miynet dalaǵa—
Dep ana násiyat beredi.
Bala júdá maqul kóredi,
Ǵarrıǵa húrmet etipti.
Qosılıptı san mıń bala,
Basshısı Aqılbek dana.
Gúlláni jigit bolıptı,
Dushpannan arın alıptı,
Jawları jeńilip qalıptı,
Tutqınlar azatlıq aldı.
Eline mektep saldırdı.
Isler hámme ıqlas berip,
Tabısına hámme sherik,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Gáwhardıń betlerin ashtı,
Gúllengen turmıs nur shashtı.
Eginshilik rawaj aldı,
Gáwhar ullı qural boldı,
Túnde qalaǵa sán berdi,
Kúndiz quwat dárman berdi,
Ornı menen tógin tókti,
Jerdi súrdi, egin ekti.
Suwǵardı, jerdi bapladı,
Pisse egindi topladı.
Minse júyrik, shawıp keter,
Tezligi dawıldan beter.
Awqattı ózi pisirer,
Astı tayarlap túsirer.
Gáwhar sonıńday zat boldı,
Adam ushın ráhát boldı,
Ash-jalańash joq boldı.
Xalıq qurǵınlı, toq boldı,
Hár jerge saqshı qoyıldı,
«Urı-qaraqshı joyıldı»,
Gúllengen turmıs keń jáhán,
Ráhátte boldı húr zaman!

?

1. Ǵarrı mal baǵıp júrip nege jolıǵadı, oǵan kim járdem beredi?
2. Ǵarrı qanday ájayıp zattı tabadı, onıń qanday sırı bar edi?
3. Ǵarrı balaların sınaw ushın qanday tapsırmalar beredi?
4. Qazınıń hám mollanıń maqseti ne edi?
5. Ǵarrınıń balalarına durıs aqıldı kim beredi?
6. Aqılbektiń turmısında qanday waqıyalar bolǵan, ol ǵarrıǵa nelerdi aytıp beredi?
7. Ǵarrı gáwhar tastı ne ushın Aqılbekke beredi?
8. Ertekti oqıp, túsingenińizdi aytıp beriń.
9. Sizler T. Jumamuratovtıń basqa qanday dóretpelerin bilesiz?


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÁDEBIYAT TEORIYASÍ. JAZBA ÁDEBIYATTAĞÍ ERTEK

Xalıq awızeki ádebiyatı úlgileriniń ishinde ertekler ayrıqsha orın iyeleydi. Jazıwshı hám shayırlar tárepinen xalıq dóretpesiniń biri, erteklerden, ańız-áńgimelerden paydalanıp, olardı dóretiwshilik penen qayta islep, balalarğa arnap ertekler jazıw burınnan bar dástúr. Búl dástúr basqa tuwısqan xalıqlar ádebiyatında da kóp ushırasadı. Usı jaqsı dástúr búgingi kúni de qaraqalpaq jazıwshı shayırlarınıń shığarmalarında da keń orın alıp kiyatır. Mısalı, S.Májitovtıń «Túlki menen gúze», «Arıslan menen túlki», M.Dáribaevtıń «Altın júzik», J.Dilmuratovtıń «Jolbarıstıń táğdiri», T.Jumamuratovtıń «Qásiyetli gáwhar tas hám aqıllı shopan haqqında ertek», Sh. Seytovtıń «Qıyal atawı», B.Qayıpnazarovtıń «Jarlı adam hám ğarğalar patshası», A.Ábdiyevtiń «Altın balıq» t.b. ertek, gúrriń, poemaları xalıq ertekleri tiykarında dóretilgen.

Jazıwshılar xalıq awızeki ádebiyatında aytılıp kiyatırğan erteklerdiń tiykarında ózleriniń izleniwshiligi menen ertek shığarmasın dórete alsa, dóretiwshilik tabısqa erisedi. Jazıwshı xalıq erteginen ózine kerek ideyanı aladı da, sonı tiplestirip súwretleydi. Ondağı waqıyalardı kóshirmesten qayta isleydi. Ertek jazıw qıyalıy oydı, keń órisli bilimdi talap etedi. Óytkeni jazba ádebiy erteklerde qızıqlı waqıyalarğa qurılıp, qaharmanlar táğdirin sóz etedi. Jazba ádebiy erteklerde de haywanlar obrazı háreket etedi. Olarda da hárqanday jamanlıqtıń ústinen, jaqsılıqtıń jeńiske erisetuğınlığı sóz etiledi. Mısalı, ayırım jazba ádebiy erteklerde maqtanshaqlıqtıń da, birewge tásil etip jamanlıq etiwdiń de jağımpazlıqtıń da, ermeliktiń de keyini wayran bolatuğınlığın qasqır, jolbarıs, túlki obrazları arqalı kórkem bayanlaydı. Jazba ádebiy erteklerde de aqıllılıq, tapqırlıq, tereń oy juwırtıw arqalı sıyqırlı tilsiminiń sheshimin tabıw máseleleri sóz


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

etiledi. Mısalı, T. Jumamuratovtıń «Qásiyetli gáwhar tas hám aqıllı shopan haqqında ertek» shıǵarmasında tereń oylılıq, bilim, aqıl ulıǵlanadı.

Búgingi kúni jazıwshılar ertek shıǵarmaların jazıwda tek xalıq erteklerine júginip, tek awızeki ádebiyat úlgisi tiykarında jaza bermesten, házirgi ájayıp turmısımızdıń ózinen de ertek jazıp atır. Búgingi kúni turmısımızda ilim hám texnikanıń rawajlanıwı erteklik shıǵarmalar dóretiwge tiykar bolıp otır.

## ÓTEGEN AYJANOV

(1925 — 1960)



Ótegen Ayjanov 1925-jılı 25-yanvarda Moynaq rayonında tuwılǵan. 1943 — 1944-jılları ekinshi jáhán urısına qatnasadı. 1950-jılı Tashkenttegi yuridikalıq mektepti tamamlap, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesinde Social támiynat ministrliginde aǵa inspektor bolıp isleydi.

Ó.Ayjanovtıń «Tolqın», «Namıs», «Balıqshı jigit», «Ustaz hám shákirt», «Aral qushaǵında» degen at penen gúrriń, povest hám romanları basıldı. Ó. Ayjanovtıń ómiri Moynaq balıqshılarınıń turmısı menen tıǵız baylanıslı. Sonlıqtan da jazıwshı balıqshılar turmısın sóz etetuǵın «Aral qushaǵında» romanın jazdı.

### Aral qushaǵında

*(romannan úzindi)*

Usıdan bir saat ilgeri Bekimbetti izlegenler onı kabinetinen emes, uchastkalardan tabatuǵın edi. Minekey, onıń dem almaǵanına eki kúnniń júzi. Ol


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

hár uchastkaǵa barıp jetispey atırǵan nárseni anıqladı da, sonıń menen birge joba orınlawdıń birden-bir tuwrı jolı tuwralı kórsetpeler berip, onıń orınlanıwın tekseretuǵının da qattı eskertti. Onıń usınǵan jolı balıqtıń bar jerin ilgeri anıqlap, sonnan keyin balıqshılardı uchastkalarǵa bóliw. Soqır táwekelge salıp balıqshılardı bir uchastkadan ekinshi uchastkaǵa kóshirip atırǵan brigadirler de az emes edi. Bunday sátsizlikke ushıramaw ushın Bekimbettiń teńizde júzip, hárbir brigadirden esap alıp otırıwına tuwrı keldi. Ol búgin birinshi, úshinshi brigadalardıń jumısın tekserip, sol kúni balıqshılar menen túnep te shıqtı.

Erteńine ol basqa uchastkalardı aralawǵa shıqtı. Jolda Narımbetke ushırastı. Ǵarrını ıza qısıp-aq tur eken. Túsin hesh ózgertpesten júrgenligin hám nege ashınatuǵının ayttı:

— Bekimbet-aw, — dedi ol, — mına motordıń kapitanı barıp turǵan qırsıqtıń ózi eken. Sonıń qırsıǵınan qolǵa túsken balıqtan ayrılıp qalayın dep turǵanımız mınaw.

Narımbettiń ashıwı kóziniń naq aldına kelip tireledi. Bunı Bekimbet te sezip, onıń ashıwın basıw ushın áweli túsinip alǵısı keldi.

— Qanday balıqtı aytasız? Kapitan sonshama nege qasarısadı?

Ǵarrı juwap berdi. Ol búgin ǵana alınǵan barlawda Mayshı jol dan sazan shıqqanı tuwralı xabar alınǵanlıǵın ayttı. Sóziniń aqırında ol:

— Kórip tursań ǵoy, eki kún udayı jel ıqtan esti, qopanıń suwı tartılıp, shalańı betine shıǵıp qaldı. Bunday máhálde sazannıń tereńge qashatuǵını anıq. Sonı qashırmay uslap qalıw kerek edi.

Bul xabardı házir ǵana esitken Bekimbet jaqsı xabar ekenligine kózi jańa jetip, Narımbetke motobottıń ne ushın kerekligin soradı.

— Bekimbet-ay, aytarıń bar ma? Biz usı jerde kem degende on bes kemeshi barmız. Solardı izine tirkep



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tezirek jetkeriwdiń ǵamına kirisse eken? Biz ol jerde toy toylawǵa baratırǵanımız joq. Kúppá-kúndiz qıp-qızıl qalash deydi. Bara sala kirisip kete bermeymiz be? Sonı aytsam, mına qırsıq tıńlamaydı. Ókpesin qolına alıp ushıp júrgen bir bále.

Durıs,—dedi Bekimbet,—sol jelókpe kapitanǵa. Ol kapitandı qasına shaqırıp aldı.

—Sen,—dedi oǵan—usı jerdegi on bes awshını bir saattıń ishinde Mayshı jol uchastkasına jetkeretuǵın bol. Jol-jónekey Bel qamıs qa da jolıǵıp, ondaǵı balıqshılardı da izińe tirkep al. Esittiń ǵoy.

—Qaysıńızǵa baǵınayın,—dedi kapitan—orınbasarıń barma, ishtegi balıq heshqayda qashpaydı deydi. Al, sen...

—Awa, men bar dep buyıraman,—dedi Bekimbet sózin bólip.

—Aytqandı esittiń be?

—Esitpey ne? Biraq bir saat azlıq etedi...

—Men onıń da bes minutın qısqartaman,—dedi Bekimbet.

—Házir bes minuttıń ózinde bir keme sazan qolımızǵa kireyin dep tur. Sonı oylaǵan qırq bes minuttan da qısqartıwdıń jolın oylap tap. Narımbetke qaradı.

—Kapitan qırq bes minutta jetkermese, maǵan xabarlarsań. Saat kimde bar?

—Mende!—dep Azat ushıp turdı.

—Qırq bes minut umıtıp qalma?

—Ayda, kapitan!—dedi Azat dawıslap.—Tuwrı Mayshı jolǵa!

* * *

Urıs saldarı adamlardıń janına qattı battı. Sonda da miyrimli júrek qaltırap, nurlı júzleri muńaymadı.

Biraq búgin Biybijannıń ishken ası boyına taramadı. Onıń sebebi bar. Ol nawqaslanǵan emes, pútkilley


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

basqasha. Keshe Orımbet degen jigitti batırlarsha frontta qazalandı dep esittirdi. Aq saqallı ǵarrılar jurtqa: «Urıs shıǵınsız bolmaydı. Jeńis teginlik penen qolǵa kire me»,—degendey toqtaw sóz ayttı.

Biraq otırsa da, tursa da Biybijan eki ulın esinen shıǵarmadı.

Bala, bala! Bul hárbir ananıń júreginde uyalaǵan ullı sóz. Onı oylama deseń de, ana biyshara oylay beredi. Onıń bala degende kóz jasında shek bolmaydı. Biybijannıń úyine Óteniyaz keldi. Ol Ernazar menen mal otı jóninde sóyleseyin dep kelip edi. Biraq kempirdiń bet ajarınıń demde ózgergenin kórip ayadı.

«Yapırmay, túr-túsi ájeptáwir bolıp ketipti ǵoy». Jurt suwıq xabar alıp kele me dep, biymezgil úyine adam kele ǵoysa onnan da qáweterlenetuǵın edi. Biraq, Óteniyazdıń júzi Biybijanǵa jıllı bolıp kórindi.

—«Tiri! Olar tiri»—dedi ol.

—Men saǵan pal ashıp kórsem qáytedi?

Biybijan quwanǵanday túr kórsetip, jıynalıp otırdı.

—Aytqanıń kelsin. Tasларıń durıs ayta alar ma eken?

—Kóreyin.

Qápelimde mákke-júweri de tabıla ketti. Óteniyaz onı úsh jerge bólip árwaqların shaqırǵan adamday ıńqıldap otırıp bir máhálde: «tiri, tiri»—dep tasların túrtip qoydı.

—Mınaw jetkermeytuǵın jeti álip. Minekey júregine úsh tas tústi. Bul búgin-erteń esigińe eneyin dep turǵan quwanısh. Dushpanıń tabanıńa tústi. Al, kempirim, qoyıńdı usı bastan semirte ber, úyińde toy bolayın dep tur. Kóp aytpadı deme. Geyde bul aljıp ketedi— «tasların» jıynastırdı.

Óteniyaz shıǵıp ketkende, Biybijannıń túsi kirip qalıp edi. Biraq, Óteniyaz óziniń ómiri ishinde pal ashıp kórgen adam emes, palshı bola qoyayın dep oylaǵan da emes. Bunı tek bılay awıl arasında kem-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

pir-ǵurtańdı jubatıwǵa isleytuǵın edi. Onıń sózine Biybijan da jubanıp qaldı. Ol kúndegiden góre búgin ǵayratlıraq qıymıldap, balasınıń motocikli turǵan jayǵa kirdi. Minekey, qolına bir japıraq eski shúberek alıp, onı sıpırıp ta tur. Esigine bir quwanıshtıń kireyin dep turǵanın sezgendey júregi alıp ushıwda.

Ernazar awıl keńestiń keńsesinen jańa qayttı. Oylasıp kórsetpe alıp, quwanıp qayttı. Balasınan xat kelgen eken, onı aldı da úyine jetkenshe asıqtı.

— Kempirim, balańnan xat keldi,— dep dawısladı ol esikke basın suqpay atırıp — Saǵıydullajannan.

Biybijan quwanǵannan ne islerin bilmey, awzına da jaqsı sóz túspey qalıp, ǵarrınıń aldında mińgirley basladı.

— Bárekella, jańa onıń ózi de aytıp edi ǵoy. Yapırmay, qayerge kete ǵoydı eken? Shabazdıń aytqıshın-ay!

— Kempirim, sen ne dep tursań?

Men balańnan xat keldi dep turman ǵoy? Esitpey qalǵanıń ba?

— Joq, ǵarrım, men bárin de esitip turman. Onı jańaǵı da aytqanday bolıp edi.

— Jańaǵı degeniń kim? Ózi adam ba?

— Adam bolǵanda qanday? Jańaǵı-she? Ah, adam-aw. Men ózim ne dep turman? Taslarınıń kemisi joq, bárin de dup-durıs ayttı.

— Aytpay bola ma?— dep Óteniyaz esikten sóylenip kirdi. Men taslardıń ayt degenin aytaman. Jalǵan sóz bizde bolmaydı.

Ernazar oǵan:— Sen qashannan beri kózi ashıq bola qaldıń, degisi kelip turdı da, biraq ishinen:—Tura-tur, olay bolsa men seni baplayın — dedi.

— Sen bul ádetti qashannan beri kár etip júrseń? Áwliye bolsań mınadaǵı jazılǵan sózdi ayt. Saǵıydullajannıń xatın kórip tursań ba? Usındaǵı jazılǵan sózdi ayt, qáne?

Óteniyaz albıraǵan adamday túr kórsetip, bir adım


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ernazarǵa qarap, keyin shegindi de, onıń qulaǵına sıbırladı:

«Meniń ata-babamda kózi ashıq joq. Sen meni qıynap bunıń astın qazbalay berme. Bul ózimniń shıǵarıp júrgen isim».

Ernazar sózdiń tórkinine jańa túsinip kúldi. Al, Óteniyaz sır bermewge tırısıp, dawısın joqarı kóterip:

—Sen jańa bir nárse dediń ǵoy. Onı aytıwǵa boladı. Azıraq sabır et. Men mákke-júweriden «tas» islep alayın,—dedi.

Biybijannıń kózi—bul aytqısh «aytar» degendey bolıp tur. Biraq, bul máhálde eki ǵarrı ne bilgenin ishine túyip, úyge qaray qádem basıp edi.

Fronttaǵı jigitlerden xat-xabar kelse, bir jerge jıynalıp oqıw awılda dástúrge aylandı. Periyza menen Sánem xat oqımaǵa kiyatır.

* * *

Ernazardıń úyine jıynalǵan «Qızıl nur» shılar Saǵıydullanıń xatın oqıp shıǵıp, onıń dáslepki kórsetken erligi hám sıylıǵı haqqında esitiwden Ernazar ǵarrını ján-jaqtan ortaǵa alıstı:

—Ereke, balańnıń shashıwın ber. Sen búgin kórdiń, kempirdiń jańa bosanǵan kúni.

—Bereyik,—dedi Ernazar kempirine qarap. — Kempirim túyinshigińdi mına alshı.

Biybijan úsh tawlı arshasın ashtı. Ernazardıń túyinshik dep otırǵanı ap-awır bir zat bolıp shıqtı.

—Xalayıq, meniń taǵı bir aytayın degenim, — dedi Ernazar qolına uslaǵan túyinshigin sheship, mal da, jan da ómir ushın jumsalıwı dárkar. Mına oramaldaǵı kópten berli haq niyetke dep jıynalǵan aqsha edi. Kempir, qansha edi? Eliw mıń! Usıǵan qosıp, biziń balanıń arbasın da jiberińler. Bári frontqa qárejet bolsın.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Úy-ishindegiler: —Bárekella,— desti.

Bekimbet ǵarrıǵa mıńda bir raxmet aytıp, óziniń bul usınıstı quwatlaytuǵının hám járdem qorına bir mıńdı beretuǵının ayttı.

—Keshe,—dedi ol,—Aytennen xat alıp edim. Jaqında qaytatuǵını haqqında jazıptı.

—Biziń tamnıń basına mingeni tuwralı jazıp pa?

—Jazıptı. Men ilgeride oǵan eliw aw seple dep tapsırıp edim. Sol buyrıǵıńızdı orınlayman dep Beke, ólip tústim,—deydi.

Janım-aw,—dep Ernazar oylanıp qaldı,—Biziń tamnıń basında seplewge turarlıq aw joq edi ǵoy?

—Bar shıǵar dep oylap edim depti xatında.

—Jazar, jazar,—dep Ernazar kópshilikke qaradı.— Oylarıńdı bólip kettim be? Qánekey, aytajaq sózleriń bolsa qarap qalmań. Eliw mıń som jáne bir at arba?

Jurt óz ara sıbırlasıp, al birazları ózleriniń pikirlerin ortaǵa salıp, usınıs kirgizdi.

—Bul aqshaǵa awır tank soǵatuǵın bolsın. Ózin oǵada kúshli degendi aytadı.

—Komandirdiń ózi minsin.

Sol kúnniń ózinde-aq rayonlıq baylanıs bólimi ata-ananıń atınan qısqasha radiogramma qabıllap, onı elimizdiń orayına berip úlgerdi. Buǵan pútin «Qızıl nur»shı bolıp quwanıstı.

## Sózlik:

**kóz ashıq** — bilgish
**musallat** — moyınǵa túsiw
**daq** — qapa etiw
**almastıń qırınday** — ótkir, alǵır
**Uchastka** — belgilengen orınlar
**Brigadir** — brigada baslıǵı
**Motorıc kapitanı** — motorlı qayıqtıń basshısı
**Motobot** — motorlı qayıq
**Qıp-qızıl qalash** — balıqlar
**Front** — urıs maydanı


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

?

1. Shığarmada qaysı jıllardıń kórinisi súwretlengen?
2. Usı jıllardağı turmıs qalay bolǵan? Ol haqqında sóylep beriń.
3. Balıqshılar xalıqqa qanday kómek berdi?
4. Xat qaydan keldi, onda ne aytılǵan?
5. Kempirdi quwantıw ushın kim pal ashıp berdi?
6. Eliw mıń somdı qayda jiberdi?
7. Respublikamızdağı qanday jer suw atamaların bilesizler?

1. Ózlerińiz biletuǵın balıqlardıń túrleri haqqında jazıp keliń.

## Naqıl

Kóldiń atın balıq shıǵaradı,
Balıqtıń atın xalıq shıǵaradı.

* * *

Balıǵı bolmaǵan kóli qurısın,
Kiyigi bolmaǵan shóli qurısın.

* * *

Balıqtıń tirishiligi suw menen,
Baqanıń kúni kól menen.

* * *

Balıqshınıń úyine barsań qarma jeyseń,
Diyqannıń úyine barsań jarma isheseń.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IBRAYÍM YUSUPOV

(1929—2008)



I. Yusupov — qaraqalpaq ádebiyatınıń belgili wákili, Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, «Ózbekstan Qaharmanı», Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı. Sonday-aq proza, dramaturgiya tarawında qálem terbetken dramaturg, belgili awdarmashı.

Shayır 1929-jılı 5-mayda Shımbay rayonında dúnyaǵa keledi. Shayır ádebiyat maydanına kirip kelgen dáslepki kúninen baslap-aq, qaraqalpaq ádebiyatınıń tazalıǵı, kórkemligi ushın miynet etti. Tınbay izleniwi hám óz ústinde qunt penen islewi nátiyjesinde onıń dóretiwshiligi kúnnen-kúnge gúllep rawajlandı. I. Yusupov haqqında Sh. Aytmatov, Zulfiya hám t.b. shayır-jazıwshılar joqarı pikirler ayttı.

Onıń «Baxıt lirikası», «Kún shıǵıs jolawshısına», «Oylar», «Jeti asırım», «Dala ármanları», «Zaman aǵımı», «Kewil kewilden suw isher», «Tumaris hám basqa da poemaları» «Ǵarrı tuttaǵı gúz» hám taǵı basqa kitapları baspadan basılıp shıqtı. Qaraqalpaqstan Resbublikasınıń Gimniniń sózin hám Ájiniyaz operasınıń librettosın jazdı. Tuwısqan xalıqlardıń kópshilik shayırlarınıń shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarǵan.

## Ana tilime

Jıraw seni báygi atınday baplaǵan,
Sheshenler dawda shıńlap seni taplaǵan,
Alpamıslar uran etip urısta,
Berdaq seni qural etip saplaǵan.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bayterekseń ósken góne tamırdan,
Dilwarlıǵıń qıl suwırǵan qamırdan,
Qaraqalpaqtıń kewli qusı sayrasa,
Sóz qıysını ǵáziyneńnen tabılǵan.

Gúlparshınlar bawırı ottay qamınıp,
Qızlar sıńsıp muńın aytqan shaǵınıp,
Sen arqalı xandı jumsap qatınlar,
Ájiniyaz sayraǵan elin saǵınıp.

Naqıllarıń shaǵıp kórsem, maǵızdan,
Juwabıysań zeyin suwın aǵızǵan,
Atam saǵan azamatlıq jan berip,
Anam saǵan miyrim sútin tamızǵan.

Rasgóyseń durısın aytqan ańqıldap,
Sahrayısań qattı dawıs shańqıldaq,
Jalǵan sóylep jaǵınıwdı bilmeyseń,
Sıbırlasań ǵazlar úrker ǵańqıldap.

Men teńeymen seni jegen nanıma,
Uwız benen ruwxıń sińgen qanıma,
Es bilgeli til jatırqap kórmedim,
Biraq sen dım jaqınsań-aw janıma!

Sazǵa qossam, hawalaǵan alasar,
Ilme sultan sulıwlıǵıń jarasar,
Qanday jaqsı aǵayinniń kópligi!
«Jaqınbız» dep saǵan kóp til talasar.

Tallar senshe gúwildeskenin kórdim,
Sennen shól samalı eskenin kórdim,
Qara úyde Pushkin menen Berdaqtıń
Qaraqalpaqsha sáwbetleskenin kórdim.

Ana tilim, sen basqadan ayırmam.
Sen turǵanda men de ádewir shayırman,
Sonsha qatal súrginlerde joǵalmay,
Bul kúnlerge jetkenińe qayılman.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Kúnshıǵıs jolawshısına

Óńirinde shayqalǵan jas qara tal,
Ámiwdárya suwlarınan nár alıp,
Qublasında shókken narday Qarataw,
Arqasında aq sazanlı Aralı...

Óz elińniń bul múyeshin aralap,
Júregińde máńgi saqlap ketiwge,
Kúnshıǵısqa sapar shekken azamat,
Asıq, dostım, biziń jaqqa jetiwge.

Bizde sóz bar: miyman — ırıs, bereket,
Qonaq kútiw — ziyneti hár adamnıń,
Eger úyge bes kún miyman kelmese,
Shayı qonbas meniń bayǵus anamnıń.

Tandır japqan jeńgeylerden bar mirát,
Ruqsat joq awız tiymey ótiwge,
Kúnshıǵısqa sapar shekken azamat,
Asıq, dostım, biziń jaqqa jetiwge.

Bunda ósken paxtanıń hár talshıǵı,
Shın doslıqtıń bekkem altın jibindey,
Jaylawlarǵa qurday qaplap mal shıǵıp,
Keń dalalar dóner surdıń túgindey.

Bunda ómir-qawınınday Shabbazdıń,
Tolıp tasar til úyirgish shirege,
Bunda Pushkin, Nawayı hám Abbazdıń
Qosıqların hámme yadtan biledi,

Qaraqalpaq, altın oypat, xalqı shad,
Aydın keleshekke sapar etiwge,
Meyli qal sen, meyli túslen, meyli jat,
Júregińde máńgi saqlap ketiwge.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Shayır ana tiliniń áhmiyetin qalay jırlaǵan?
2. «Kún shıǵıs jolawshısına» qosıǵında xalqımızdıń kelbeti qalay berilgen?

1. «Ana tilime» qosıǵınan 4—5 tobın, «Kún shıǵıs jolawshısına» qosıǵınan 4—5 tobın yadlań.

## Poshsha torǵayǵa

*(qosıqtan úzindi)*

Sayra sen, úrpek bas poshsha torǵayım,
Ay-hay, tuwǵan jerdiń hawası qanday!
Bir shalqama jatıp seni tıńlayın,
Qaytadan jasarıp bala bolǵanday.

Men qanshelli gózzal eller kórmedim,
Jer jánneti bolǵan tawlardan óttim,
Qanıńday baǵlarda shaǵlap júrmedim,
Qansha búlbúllerdi tıńlap ház ettim.

Men hámmesin súydim, qızıqtı kózim,
Sóytip júrip saǵındım bul shańlaqtı,
Kókiregimde sayrap shaqırdıń óziń,
Sayrawıń kóp ándiysheler ańlattı.

Sen ayttıń: «kel, meniń balalıq dostım,
Eń jaqsı namamdı sayrap bereyin».
Seniń sol qódireń sahrayı sestiń,
Tebirenter eń sońǵı demime deyin.

Sayra dostım, ál hawada pırpırlap,
Saz benen sáwbetsiz dáwran boldı ma.
Sen kókte, men jerde bunshelli shırlap,
Súymegende, onnan Watan boldı ma!

1. Qosıqtı tásirli oqıń.
2. Qosıqtıń mazmunın sóylep beriń.
3. Qosıqtı tolıǵı menen yadlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Shógirme

Bir atıń telpekdur, bir atıń qurash,
Zamanıńda kiyim bolǵanıń ıras,
Túrli baslar menen sen bolıp sırlas,
Talay asıwlardı astıń shógirme.

Áwel payda boldıń kimniń basında,
Aral teńiz, Edil-Jayıq qasında?
On ásirlik orıs jılnamasında,
Quwandım atıńdı oqıp shógirme.

Árebi, shiyrazı baylarda boldı,
Seni kiyip olar toylarda boldı,
Murnı aspanda, kewli aylarda boldı,
Dáwiri shım-shıtıq bolǵan shógirme.

Kúniń bar ma jazda kúye túspegen?
Órde tursań ıǵıńnan jel espegen,
Óttiń talay telpek dirildespeden,
Basıńa kóp ǵawǵa túsken shógirme.

Aldıńnan qarasam artıń awıqtay,
Qaptaldan qarasam túriń ǵawıqtay,
Qısta sáwirlegen túye tawıqtay,
Samal qaqsa háńkieseń shógirme.

Qara úyge kirse kim seni kiyip,
Keldiń ergenekke sen zorǵa sıyıp,
Pútin teri zaya bolmasın diyip,
Babam bayǵus úye salǵan shógirme.

?

1. Qosıqta shógirmeniń milliy ózgesheligi qalayınsha súwretlengen?
2. Qosıqtıń mazmunına itibar berip, shayırdıń ne sebep bas kiyimlerdiń ishinde shógirmeni súwretlegeniniń mánisi nede?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TÓLEPBERGEN QAYÍPBERGENOV

(1929 — 2010)



Qaraqalpaq prozasınıń rawajlanıwında «Ózbekistan qaharmanı», Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı T.Qayıpbergenovtıń ornı ayrıqsha. Ol 1929-jılı 7-mayda Nókis rayonınıń Shortanbay awılında tuwılǵan. T.Qayıpbergenov Xojelidegi peduchilicheni pitkergennen soń 1955-jılı Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutınıń rus tili hám ádebiyatı fakultetin tamamlap, gazeta-jurnallarda redaktor, «Qaraqalpaqstan» baspasınıń direktorı, Qaraqalpaqstan televideniesi hám radio esittiriw komitetiniń redaktorı lawazımlarında isledi.

Qaraqalpaqstan baspa sóz komiteti baslıǵınıń orınbasarı, Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamı baslıǵı lawazımında isledi.

Jazıwshınıń shıǵarmaları 1950-jıllardıń ortalarınan baslap járiyalandı.

Búgingi kúnge shekem jazıwshınıń qaraqalpaq hám basqa da tillerde 93 kitabı basılıp shıqtı. Onıń kitapları «Sekretar», «Muǵallimge raxmet», «Sońǵı hújim», «Bloknot sóyleydi», «Suwıq tamshı», «Uyqısız túnler», «Qaraqalpaq qızı» degen at penen basılıp shıqtı, úsh kitaptan ibarat «Qaraqalpaq dástanı» roman-trilogiya «Maman biy ápsanası», «Baxıtsızlar», «Túsiniksizler» degen at penen basılıp shıqtı, «Tánhá ózińe málim sır», «Kózdiń qarashıǵı», «Qaraqalpaqnama», «O dúnyadaǵı atama xatlar», «Qaraqalpaqpan. Táwekelshimen», «Qálbimniń qamusı» degen at penen kitapları basıldı. Sonday-aq jazıwshı «Familiya», «Aydos baba» sıyaqlı piesaların jazdı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Qaraqalpaqnama

*(roman-esseden úzindi)*

Babalar aytıp qaldırǵan násiyatlar, danalıqlar ústinde oylansań, olardıń aytqanları basqa, ómir basqaday túyiledi.

Doslasıw ushın kózqaraslar da sáykes keliwi kerek, al hárkimdi sınap-miney berseń de jaǵdayıń jeńillespeydi. Adamnıń ómiri ushın birinshi hawa, ekinshi suw, úshinshi taǵam kerek. Eger sadıq dostıń bolmasa bul úshewiniń de paydası joq. Ómirim bunı maǵan kóp ret dálilledi.

Máńgilik dos izlew — óz ómirińdi máńgilik sınǵa qoyıw, geyde basıń menen tas jonıw dese de boladı.

Bas qattı ma degende bas qattı demektiń mánisi usı.

Sebebi, doslıq óz-ózinen bárjay bolmaydı, sen óz nápsińdi dostıńnıń nápsine baǵındırıwıń kerek, ya dostıń óz nápsin seniń nápsińe baǵındırıwı tiyis.

Doslar baqlawımsha, adamnıń ómiri eki bólimnen ibarat. Birinshisi — doslar menen jasaw, ekinshisi — doslar izlep jasaw. Birinshisinde aljasatuǵın waqıtlarıń boladı, ekinshisinde dos tappay ketiwiń de múmkin. Sol ushın, eń baslı shárt áwele doslıqtı ózińnen izlep, ózińniń kisige dos bola biliwiń!

Kózsiz doslıq eki jaqqa zıyan. Dostıńa súyew bolalmaǵan dostan erterek qashqan maqul. Námárt penen uzaq dos bolıp, soń ayırılısqanıńda, uzaq jıllarǵı awzı-ashıqlıǵıń ishińdi ashıtadı. Óytkeni, bul dúnya toyxana emes, sonıń menen birge, ol seniń ókine beriwiń ushın da jaratılmaǵan. Ol seni ańsat qabıl etedi, biraq óziniń awır qısnaqlarına talay, talay ret qısadı. Áne, bul qısqıǵa shıdam beriwdiń jolı — xalqıń menen birge bolıwıń. Sol ushın da «Xalıq tańlaǵan jol — sarras jol» degen danalıq bar.

Kúndiz quyashtay, túnde ayday anıq, kútá túsinikli



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

nárse — qarday appaq kiyimdi tez kir basqanı yańlı, doslıqtı da tez kir basadı. Bul dostıńdı tazalap tur degen maqsette aytılǵan gáp emes. Kiyimniń tazası jaqsı, dostıń gónesi jaqsı.

Eń abzal nárse — dostıńnıń paydasın ózińdikinen joqarıraq qoyıw. Onıń juwabı bolmasa, jáne jaman. Sol ushın da danalar «Esaplı dos jańılıspaydı», deydi.

Eki adamnıń arasındaǵı doslıqtı kepserlewdiń baslı shártleri qanday bolsa, mámleketler arasındaǵı da tap sonday.

Kim ózin biyikte sanasa, ol dostınan tez ayrıladı.

Jeke-jeke máplerge qurılǵan doslıq — keshki kóleńke!

Ómirge kózqarasları teń kelmegen doslar bir gún-deni eki jaqqa qaray súyregen qos ógizge megzeydi.

Doslıq — kútá awır júk. Bir-biri menen dálkekleskende de abaylı bolmaǵan dos óziniń júgin dostınıń iynine salıp qoyǵanın sezbey, arada málel tuwdıradı.

Ańlısıp jasasqanlar da dos bola almaydı.

Doslıqtıń eń jaqsı nıshanı ata-anańa dos bolıw, onnan soń xalqıńa dos bolıw. Sonda sen jeke doslardıń qádirin túsineseń.

1. Jazıwshı doslıqtı qalay táriyipleydi?
2. Dos tańlaw haqqında siziń pikirińiz?

1. «Doslıq» temasında gúrriń jazıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ÁDENBAY TÁJIMURATOV

(1930 — 1992)



Ádenbay Tájimuratov — shayır, jazıwshı, awdarmashı hám ilimpaz boldı. Ol 1930-jılı 5-mayda Moynaq rayonınıń «Aqdárya» awılında tuwılǵan. 1946-jılı Xojelidegi pedagogikalıq uchilicheni pitkerip, mektepte muǵallim hám gazetalarda bólim baslıq, redaktor lawazımlarında isleydi. Sońınan pedagogikalıq institutti tamamlap «Jetkinshek» gazetasında redaktor, jazıwshılar awqamınıń baslıǵı, N.Dáwqaraev atındaǵı tariyx, til hám ádebiyat institutında ilimiy xızmetker, Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutında oqıtıwshı, Ózbekistan pedagogikalıq ilim-izertlew institutınıń Qaraqalpaqstan filialında direktor lawazımlarında isleydi.

Onıń shıǵarmaları 1950-jıllardıń baslarında járiyalanadı. Jazıwshınıń «Paraxatshılıq kepterleri», «Zarlıq hám Barlıq», «Hákke qayda?», «Aydınlar», «Eń qádirli sózler», «Gúrrińler», «Sarkoplı batır», «Sheshiwshi qáwli», «Maqset», «Sulıwxan» degen poeziyalıq hám prozalıq kitapları basılıp shıqtı.

Á. Tájimuratov alım sıpatında qaraqalpaq folklorınıń ayırım tomların baspaǵa tayarladı. «Qaraqalpaq xalıq qosıqları» degen kitap tayarlap, oǵan kiris sóz jazdı. Professor Q. Maqsetov penen birge «Qaraqalpaq folklorı» degen sabaqlıqtı jazıwǵa qatnastı.

### Sen sulıw

O, sulıwlar, aspandaǵı juldızlar,
Jıltıldaǵan suw ústinde qundızlar,
Sulıw ózi — qay jer eken, kim eken?


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qaysı biri: — Men sulıwman, der eken?
— Aral sulıw. Aral sulıw desedi,
Tolqınlatıp,
Sonı aytar,
Samal gúwlep esedi,
Shawıp kelip sol Araldan suw ishken,
Ústirttegi maral sulıw desedi,
— Sulıw deydi, ózimizdiń Qarataw,
Basqa tawdan jas óspirim bala taw,
Arqa súyer biyigimiz Qarataw,
Baylıǵına teń kele almas Alataw,
Jıl ishinde báhár sulıw, jaz sulıw,
Kólden ushqan aq quw menen ǵaz sulıw,
Ádiwlegen ata menen ananı.
O, anajan, bárinen de, sen sulıw.

1. Shayır ana jer tábiyatın qalay súwretlegen?
2. «Anaǵa húrmet» degen pikirdi qalay túsinesiz?

1. Elimizdiń batır qızları Tumaris, Gúlayım haqqında ótken temalardı eske túsiriń.
2. «Ana muhabbatı» degen temada gúrriń jazıń.
3. Qosıqtı yadlap alıń hám naması menen aytıń.

## Shaǵala

Teńiz ústin sharıqlaydı shaǵala,
Párwazına qarap turman qadala,
Teńizdegi balıqtı,
Alalmay júr shaǵala,

Teńiz betin sharıqlaydı shaǵala,
Sharshaǵanda halıqlaydı shaǵala,
Uzın suwdıń balıǵın,
Alalmaydı shaǵala.

Azıq tappay aqır sońı shaǵala,
Shawqım salıp keldi ushıp jaǵaǵa,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Balıqshınıń qayıǵınan jaǵada,
Bir balıqtı alıp qashtı shaǵala.
Kiyatırǵan paroxodlar kárwanı,
El xızmetin atqarıwda ármanı,
Shaǵalalar ústin qaplap ushadı,
Barjılardıń mashtaların qushadı.
Aq shaǵala,
Shaq shaǵala, shaǵala,
Ushıp-qonıp sayranlap júr jaǵada.

1. Qosıqta shaǵalanıń háreketi qalay súwretlengen?

1. Ózlerińiz biletuǵın quslardıń atın jazıń.
2. Qosıqtı yadlap alıń

## UZAQBAY PIRJANOV

(1937)



Uzaqbay Pirjanov 1937-jılı 18-avgustta Bozataw rayonınıń Erkindárya awılında tuwıldı. Orta mektepti pitkerip Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutında oqıdı. Sońınan respublikalıq gazeta-jurnallarda, «Qaraqalpaqstan» baspasında isledi. Dem alısqa ketkenge shekem Qaraqalpaqstan Teleradiokompaniyasında xızmet atqardı. U. Pirjanov qaraqalpaq ádebiyatında shayır, prozaik hám awdarmashı sıpatında belgili. Onıń «Muhabbat qosıǵı», «Onda báhár edi» qosıqlar toplamı, «Súwret», «Aǵıs», «Gúzgi japıraqlar» (1983), «Qarda qalǵan izler» (1984), «Apreldiń sońǵı aqshamı» (1987) atlı prozalıq kitapları basılıp shıqtı.

U.Pirjanov Sh.Aytmatovtıń «Razı bol, Gúlsarı» (1979), «Qızıl shalǵıshlı dilbarım», «Erte ketken tırnalar» (1982) povestlerin qaraqalpaq tiline awdarǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Qaraqalpaqpan

Sahralarda shóllegenmen,
Talay solıp gúllengenmen.
Baxıt jolın izlegenmen,
Jollarımda boldı qaqpan,
Qaraqalpaqpan, qaraqalpaqpan.

Sebil tarttım Túrkstannan,
Jaǵım hóllendi kóz jastan.
Ílashıǵım nar qamıstan,
Tandır oshaqqa ot jaqqan,
Qaraqalpaqpan, qaraqalpaqpan.

Tariyxımda ahıw-zarım,
Arlayman dep xalıqtıń arın,
Eńiregen er Ernazarım,
Ólip kettiń-aw nahaqtan,
Qaraqalpaqpan, qaraqalpaqpan.

Parqı bolmay qıs hám jazdıń,
Kóshtim talay, azıp-tozdım.
Qol qabartıp, qazıw qazdım,
Azıǵım siyseri, batpan,
Qaraqalpaqpan, qaraqalpaqpan.

Bay, jarlı bop tárep tartqan,
Bir-birewge kóz alartqan,
Mıqlı hálsizin jılatqan,
Bardım, keldimli hár jaqtan,
Qaraqalpaqpan, qaraqalpaqpan.

Azatlıq dep pidá boldım,
Ash-jalańash geda boldım,
Sonsha nege sada boldım,
Bar bolǵanman, endi joqtan,
Qaraqalpaqpan, qaraqalpaqpan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jeti atam, jeti babam,
Írza bolsın búgin ol hám,
Ullı Watanım, janım — Anam,
Quyashıńnan baxıt tapqan,
Qaraqalpaqpan, qaraqalpaqpan.

?

1. Qosıqta shayır qaraqalpaq xalqınıń basınan ótken turmıs qıyınshılıqların qalay súwretlegen?
2. Qaraqalpaq xalqınıń qanshelli tágdir qısıwmetlerin kórse de moyınlamaǵanlıǵın hám házirgi erkinlikke, ǵárezsizlikke qolı jetkenligin qosıqtıń qaysı qatarlarında bayanlaydı?

## Men tuwılǵan jerde

Qarlıǵashlar ushar, ushar sharshamas,
Palapanlarına ırısqı izlep.
Búlbiller baǵında sayrap jalıqpas,
Tańlarıńnıń sulıwlıǵın táriyiplep,
Qumırılar ǵuǵırlap sayabanlarda,
Janımnan kete almas alısqa ushıp,
Kógershinler shıńlı qıyabanlarda,
Tal túste mashqı eter kún nurın qushıp,
Quslardıń párwazın men sende kórdim,
Seniń bostanıńdı sol ushın súydim!

Xoshirey tábiyatlı jaylawlarıńda,
Shopanlar qosıǵın tıńlap qunıǵıp,
Hám juwsan iyisli dalalarıńda,
Dem aldım sel jawınnan soń tınıǵıp.
Sonda gúl ıshqında ızǵıp elpeńlep,
Gúbelekler gezer jońıshqalıqta.
Hárreler pal izler tozan sebelep,
Qızǵanısh ızıldısı qanatlarında...
Gúllerdiń názigin men sende kórdim.
Seniń keń dalańnıń gúlzarın súydim!


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Gúz kelse tógilip zapıran japıraqlar,
Salqın samal gezer oypatlarıńnan.
Gúmis kúlki shashsa, jaynap ǵawashalar,
Paxta tergim keler atızlarıńnan.
Qırman paxta punkt eki aralıq,
Telejkalar zımırar gúzar jollarda.
Bayram húrmetine qızsa tayarlıq,
Bayraqlar jelbirer jedel qollarda.
Kárwanlar dizbegin men sende kórdim,
Seniń balalıǵıńdı barım dep súydim!

? 1. Bul eki qosıqta ana-tábiyat, gúzgi kórinis qalay táriyiplengen?

## Qarlıǵash

Báhár bolıp jerime,
Jaynap keldiń qarlıǵash.
Tillerińnen dúr shashıp
Sayrap keldiń qarlıǵash.

Qay jaqlardan aylandıń?
Qayda barıp jaylandıń?
Seni jaqlap oylandım,
Qısı menen qarlıǵash.

Kel, kel, bizge júr,
Esigimiz ashıq tur,
Úyge kirip uya qur,
Saǵınıshım qarlıǵash.

? 1. Qarlıǵash haqqında xalıq arasında qanday ańız sózlerdi bilesiz?
2. Qarlıǵashtıń báhár elshisi ekenligin táriyiplewshi qatarlardı yadlap alıń.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SHAWDÍRBAY SEYTOV

(1937 — 1996)



Shawdırbay Seytov — belgili shayır hám jazıwshı. Ol 1937-jılı Túrkmenstannıń Góne Úrgenish rayonınıń Seyit Shúrteniń qalası degen jerde tuwılǵan. Orta mektepti tamamlap respublikalıq gazeta-jurnallarda hám radioesittiriw komitetinde redaktor bolıp isledi. 1985-jılı Nókistegi universitetti pitkerip ómiriniń aqırına shekem «Qaraqalpaqstan» baspasında bólim baslıq wazıypasında isledi. Sh. Seytov «Úshpelek», «Tawlardan saza», «Soqpaǵım meniń qaydasań», «Jollar» qosıqlar toplamların hám «Kóp edi ketken tırnalar», «Qashqın», «Jınayatlı isine qosıp tigilsin» povestlerin dóretti. Bunnan basqa «Íǵbal soqpaqları», «Shırashılar», «Xalqabad», «Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba» romanların jazdı. Ol rus, qazaq, túrkmen, tájik shayırlarınıń shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdardı.

Sh.Seytov elimizdiń tábiyatına baylanıslı «Qıyal atawı» poemasın Aral teńizi hám Ámiwdáryanıń táǵdirine qurılǵan «Qaytarıp ber meniń Ámiwdáryamdı» qosıǵın jazdı.

### Qaytarıp ber meniń Ámiwdáryamdı

«Tilińnen bez!» — dedi, bezdim tilimnen,
«Dinińnen bez!» — dedi, bezdim dinimnen,
Aldıńda bozlayın bolıp boz ingen,
Allam, ápiw etkil awır gúnamdı.

Sheshenge sıyındım, aldadı meni,
Kósemge sıyındım, aldadı meni,
Basqa sıyınarım qalmadı endi,
Baxıt áylegil, qıynama jandı.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bendem demey-aq qoy, tilensem de nan,
Sennen soramayın tajı-taxt, iyman!
Hátte dozaǵıńa hám tap-tayın turman,
Tek, sen, qaytarıp ber Ámiwdáryamdı!

Bizdi tartıp talay xannıń darına,
Sen qırın qaraǵan zamanları da,
Xalqım qırılmaǵan Ámiw barında
Saqlasań saqlay gór, Ámiwdáryamdı...

Sorlı peshanamnıń sorın juwayın,
Anamnıń sor ashqan górin juwayın,
Maǵan awız suw ber, erin juwayın,
Qaytarıp ber, meniń Ámiwdáryamdı.

Ámiwimdi buwǵan jılan bolmasın,
Hám suwın uwlaǵan ılań bolmasın,
Araldı qurıtpaq jobań bolmasın,
Qaytarıp ber, meniń Ámiwdáryamdı.

Óziń ádalatlı, óziń haq bolsań,
Bárshe xalıqqa ádil qaramaq bolsań,
Qaraqalpaq xalqın qırmayjaq bolsań,
Qaytarıp ber, aqırı, Ámiwdáryamdı.

?

1. Ne sebep Aral máselesi dúnya júzin oylandırarlıq mashqala boldı?
2. Qaraqalpaqstan ekologiyalıq oray degende neni túsinesiz?

!

1. «Suw jerdiń qanı hám janı» degen temada kishi tekst dúziń.
2. Qosıqtı tásirli oqıp, mazmunın sóylep beriń.

## Naqıl

Shólde suwsızlıqtıń azabın shekpegen,
Úyde ıssı nannıń qádirin ne bilsin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TOLÍBAY QABULOV

(1939 — 2006)



Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Tolıbay Qabulov 1939-jılı 10-mayda Qaraózek rayonınıń Qarabuǵa awılında, diyqan shańaraǵında tuwılǵan. Ol Nókis awıl xojalıq texnikumın, Qaraqalpaq mámleketlik pedinstitutın pitkerip, «Qaraqalpaqstan» baspasınıń bólim baslıǵı, bas redaktordıń orınbasarı, jazıwshılar awqamınıń juwaplı xatkeri, «Ámiwdárya» jurnalınıń bas redaktorı, Qaraqalpaqstan Málimleme agentliginde redaktor lawazımında jumıs isleydi.

T. Qabulov qaraqalpaq ádebiyatında talantlı lirik shayır, sheber awdarmashı sıpatında tanıldı. Onıń lirikalıq qosıqları «Qarabuǵa», «Pátulla zor», «Sen tuwılǵan aqsham», «Sen meni qutlıqla», «Pándiw-násiyat» degen at penen toplamları basılıp shıqtı.

Shayırdıń qaraqalpaq tilinen tısqarı ózbek, rus tillerinde onnan aslam kitapları basıldı. T. Qabulov óz dóretiwshiliginde lirikalıq qosıqlar menen birge epikaliq janrda poemalar, balladalar, balalar ushın ertek-poemalar dóretti.

## Álem ibrat alar hayal-qızlardan

Ana — tawıs tań aldında taranǵan,
Ana — dawıs álem boylap taralǵan,
Ana — omir materiyanıń máńgilik,
Racional dánesi bop jaralǵan.

Tariyxın bilemiz batır, dananıń,
Ájayıp oylardıń, aqıl-dananıń,
Barlıǵı hátteki ay hám, juldız hám,
Binyat bolǵan aq sútinen ananıń.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ana — aqqan dárya, ájayıp jáhán,
Ana — nur jadırap atıp turǵan tań.
Ol — ómir hám mehribanlıq saǵası,
Álem ibrat alar hayal-qızlardan.

Búgingi biypayan baǵlar, dalalar,
Búgingi abadan, awıl-qalalar,
Barlıǵı-barlıǵı, mehrińizden,
Binyat bolıp gúllep atır dalalar!

Búgin siz qulpırǵan bir dúnya bolıp,
Bir júrekten soǵıp, tolqıp turıpsız,
Búgin shayırlıqtan Zulfiya bolıp,
Dúnyaǵa mushayra oqıp turıpsız.

Birińiz duwtarǵa tillá tar bolıp,
Qosıqqa qushaqtı ashıp turıpsız,
Bárińizge Quyash, baǵ-ıǵbal bolıp,
Shiyrin zibannan dúr shashıp turıpsız.

Dúnya kórsin danıshpan, dananı,
Gúllendirsin dep sahranı, dalanı,
Ashıq aspan, saqıy quyash, nurlı kún,
Bul ómirge sıylıq etken Ananı!

Biri — márt paxtakesh, biri — márt shopan,
Biri — qurılısshı, al biri maman,
Olardıń nur tókken sawlatlarınan,
Búgin ibrat alıp turıptı jáhán.

1. Qosıqta ananıń ullılıǵı qalayınsha táriyiplengen?

1. Qosıqtı kórkemlep oqıń hám yadlap alıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Qanday jaqsı!

Qanday jaqsı, dúnya seniń
Keń bolǵanıń,
Qanday jaqsı, quyash, seniń
Teń bolǵanıń.
Qanday jaqsı, ana-jer,
Bul dúnyada
Meniń kórgen-bilgenim
Sen bolǵanıń!

Qanday jaqsı, aspan, seniń
Alıslıǵıń,
Qanday jaqsı, doslar, seniń
Tanıslıǵın.
Qanday jaqsı, júregim,
Bir ózińe
Bul álemniń barlıǵı
Namıs búgin!

Qanday jaqsı, jer, seniń
Qattılıǵıń,
Qanday jaqsı, pal, seniń
Tatlılıǵıń.
Qanday jaqsı, jaqsılar
Jer júzinde
Jáne de ayamasa
Jaqsılıǵıń!...

1. Qaysı qatarlarda ana-jer gózzallıǵı súwretlengen?
2. Adamgershilik pazıyletler, hújdan haqqında qaysı qatarlarda keltirilgen?

1. «Ana jer» temasında qısqasha shıǵarma jumısın jazıń.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KÚNSHIǴIS ǴÁZIYNESINEN

## ZAHIRIDDIN MUXAMMED BABUR

(1483—1530)



Zahiriddin Muxammed Babur ataqlı mámleketlik isker, sárkarda, sonıń menen birge, talantlı shayır, danıshpan tarıyxshı, alım hám dilmashdur.

Zahiriddin Muxammed Babur 1483-jıldıń 14-fevralında Ándijanda tuwıldı. Onıń atası Omarshayx mırza Temuriylardan bolıp, Ferǵanada hákim edi. Omarshayx mırza Temuriylar ortasında tajı-taxt ushın gúres keskinlesken dáwirde hákimlik etti hám bul gúreslerde qatnastı.

Babur sawatlı muǵallimler hám ustazlar tárepinen tárbiyalandı. Jas Babur tez arada jazıw hám oqıwdı úyrendi. Ol ilim, ádebiyat hám tariyx penen shuǵıllana basladı. Ol kópshilik waqtın derlik áskeriy shınıǵıwlar menen hám ańǵa shıǵıw menen ótkerdi. Óziniń shaqqan is-háreketleri menen úlkenlerdi hayran qaldıratuǵın edi.

1494-jılı Omarshayx mırzaǵa qarsı onıń aǵası — Samarqand hákimi Sultan Axmed mırza hám Tashkent hákimi Maxmudjan (Omarshayxtıń qaynaǵası hám Sultan Axmedtiń kúyew balası) óz áskerleri menen Ferǵanaǵa júris qıladı. Bul waqıtta Omarshayx mırza Ándijandaǵı Axsi qorǵanında edi. Tosattan Omarshayx mırza jardan qulap ketip óledi. Omarshayx mırzadan úsh ul hám bes qız qaldı. Balasınıń úlkeni 12 jasqa qádem qoyǵan Zahiriddin Muxammed Babur edi. Ol taxtqa otırdı.

Babur 1530-jıldıń 26-dekabrinde Agrada ózi abadanlastırǵan Zarafshan sharbaǵında qaytıs boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«Baburnama» estelikler toplamı. Bul tariyxıy-kórkem shıǵarma 1494—1529-jıllardaǵı waqıyalardı óz ishine aladı.

1. Zahiriddin Muxammed Babur kim?
2. Ol qay jerde tuwılǵan?
3. Omarshayx qaysı áwladtıń wákili edi?
4. Babur Ándijan taxtına neshe jasında otırǵan edi?
5. Babur qashan hám qay jerde qaytıs bolǵan?

## Baburnama

«Baburnama» — estelikler toplamı bolıp, tariyxıy-kórkem shıǵarma. 1494—1529-jıllardaǵı waqıyalardı — Mawarawnnaxr, Xorasan, Awǵanstan hám Hindstanda júz bergen hám Baburdıń ózi qatnasqan feodallıq urıslardı óz ishine aladı.

«Baburnama» XV ásirdiń aqırı XVI ásirdiń 30-jıllarındaǵı waqıyalar tiykarında avtordıń esinde qalǵanlarına tiykarlanıp jazılǵan lirikalıq shıǵarma. Shıǵarmada tariyxıy tulǵalar Omarshayx mırza, Xusayn Bayqara, Sultan Axmed mırza, Xısrawshax usaǵan tariyxıy adamlardıń xızmetleri kórkemlik penen sóz etiledi.

Ómiri sawıt astında ótken adamnıń «Baburnama» sıyaqlı úlken bir shıǵarma jazıwı, ózbek prozasınıń tiykarın salǵan ájayıp miyras qaldırıwı, bul — ájayıp jetiskenlik.

Babur watanınan ayrılǵan jaǵdaylardı:

Seslerge qosılǵan bir nay emespen,
Yaki múlk izlegen bir bay emespen,
Babur Qabulda qaldı dep giyne tutpań,
Kewlim ǵamlı shax ya gedey emespen,

— dep túsindiredi «Ózge jurtta sultan bolǵansha, óz elińde ultan bol» — degendey óziniń Qabulda


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

(Awǵanstanda) patsha bolǵanına kewli tolmaǵanlıǵı seziledi.

Hátte óz elin taslap Hindstanǵa ketkeninde de:

Tágdirimde talay shalalıq boldı,
Hár isti oylasam qátelik boldı,
Óz elimdi taslap Hindge jol aldım,
Ya, rábbim, neteyin, júzi qaralıq boldı,

—dep óz xalqınan keshirim soradı. Biraq ol Hindstanda sháwketli ádil patsha bolǵan. Hindstan mámleketiniń mádeniyatınıń rawajlanıwına tiykar salǵan ullı mámleketlik isker, alım hám shayır.

1. «Baburnama» qanday shıǵarma?
2. 1494 — 1529-jıllarda qaysı qalalardaǵı waqıyalar sóz etiledi?
3. Shıǵarmada qaysı dáwirdegi waqıyalar sóz etiledi?
4. Qaysı tariyxıy insanlar haqqında sóz etiledi?




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# TUWÍSQAN XALÍQLAR ÁDEBIYATÍNAN

## MAQTÍMQULÍ

(1730—1790)



Túrkmen xalqınıń ullı gumanist oyshıl shayırı Maqtımqulı Orta Aziya dalalarında jasawshı xalıqlar arasında oǵada keń taralǵan filosofiyalıq lirikanıń teńi-tayı joq sheberi. Shayır Túrkmenstannıń Iran menen shegaralas jaǵında Ǵarrıqala degen jerde 1730-jılı tuwıladı. Ákesi Azadiy de zamanında ataqlı shayır bolǵan.

Shayırdıń qosıqları qaraqalpaqlar arasına erte zamanlardan beri (ásirese, baqsılar arqalı) awızsha hám qoljazba túrinde keń taralǵan.

### Bolarsań

Bálent tawlar biyikpen dep buwsanba,
Erigen bir shanaq zerdey bolarsań,
Tereń dárya, aybatıńa quwanba,
Waqtıń jetse, qara jerdey bolarsań.

Bilgenimdi ayttım, sóz kelgen waqta,
Zawal bar orınsız urǵan tayaqta,
Zalımlar xor bolıp, qalar ayaqta,
Ǵárip, sen jılama, sherdey bolarsań.

Jaqsılar janında júrgil sen óziń,
Mánisi dúr bolsın, sóylegen sóziń.
Alımǵa uyısań, ashılar kóziń.
Jáhillerge erseń, górdey bolarsań.

Luqmanday kóp dártke dárman berseń de,
Rustemdey dáwlerge párman berseń de,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Iskenderdey jerdiń júzin alsań da,
Sońında hámmege teńdey bolarsań.

Maqtımqulı serle ishi-tısıńdı,
Jayın bilip sarp et bolsa asıńdı,
Aqıllınıń qoy jolına basıńdı,
Er izine erseń, erdey bolarsań.

## Dáwran tabılmas

Algıstı kóp algan kógerer gúldey,
Gúldiń máwsimindey dáwran tabılmas,
Ǵargıstı kóp algan úgiler kúldey,
Kúl ornınan qaytıp bostan tabılmas.

Tán jurtında ǵamlı kewil músápir,
Júrek dártli, janım kóp tartqan jábir,
Súyener márt izlep bolarman sebil,
Íǵbalıma márdi-maydan tabılmas

Kewil qoyıp gózle haqtıń jolına,
Mashqul bolma «dúnya quwmaq» oyınına,
Adamzat miymandur dúnya úyine,
Bir kún úy ishinde miyman tabılmas.

Maqtımqulı táǵdirine tán berdi,
Hárkim kómeshine kúl tarttı endi,
Jaman eken, ańlamasa dártińdi,
Jáhillik dártine dárman tabılmas.

?

1. Maqtımqulı qaysı xalıqtıń shayırı?
2. «Ǵargıs alma, algıs al» degen naqıldı qosıq penen baylanıstırıń.
3. Orınsız urgan tayaqtıń qanday zawalı bar?
4. Maqtımqulı qosıqların turmıs penen baylanıstırıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ABAY QUNANBAEV

(1845 — 1904)



Abay Qunanbaev XIX ásir qazaq ádebiyatınıń ullı kórkem sóz sheberlerinen biri. Ol 1845-jılı 10-avgustta Qazaqstandağı Semipalatinsk wálayatına qaraslı Shıńğıs awılında hákim shańarağında tuwıladı. Dáslep awılındağı baslawısh diniy mektepte, sońınan Semipalatinsk qalasındağı medresede tálim aladı.

Abay medresede oqığan jıllarında shığıs klassik ádebiyatı menen jáhán ádebiyatı shayırlarınıń shığarmaların qunt penen úyrenedi.

Abaydıń ákesi óz balasınıń shayır yaki alım bolıwın emes, al hámeldar bolıwın qálegen edi. Lekin Abay el-jurtqa hákim bolıwdan góre, shayırlıqtı, óz shığarmaları arqalı xalıqqa xızmet etiwdi tańladı.

Ol hár qıylı tematikalarda qosıqlar jazdı. Tuwılğan jerge súyiwshilik sezimleri «Qalıń elim, qazağım», «Gúz», «Qıs», «Samalsız túnde jaqtı ay» qosıqlarında, aqıl-násiyat úlgisi «Ilim tappay maqtanba», «Jaslıqta ilim bar dep eskermedim», «Onday bolmaq qayda?» hám t.b. kóplegen qosıqların, sonday-aq «Masqud», «Iskender», «Ázim áńgimesi» sıyaqlı poemaların hám xalıqtı ağartıwshılıqqa, mádeniyatqa baslawshı qara sózden ibarat wásiyat sózlerin de jazıp qaldırdı.

## Abaydıń qara sózleri

Hárbir bayqağan adam bilse kerek: kúlki degen máslik ekenin, hárbir más kisi kóp aljasatuğın, hárbir más adam sóylegende basqanıń basın awırtatuğının. Sonday oyın-kúlkige, máslikke berilgen adam jumısınan qaladı yaki aqılınan azadı, sóytip aqırı uyatqa qaladı,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

waqıtın bosqa ótkerip aladı. Usınday ǵáplette ómirin ótkergen kisi ómirinde heshnárseni elestirmey júrgen menen aqırı bir kún ya bul dúnyada yaki aqırette bası bir awırmay qalmasa kerek.

Hárbir uwayım-qayǵı menen bas qatırıp, oylanǵan kisi bul dúnyanıń tirishilik xızmetinde de, aqırettiń tayarlıǵında da ózgelerden puqtaraq bolsa kerek. Hárbir puqtalıqtıń túbi molshılıq bolsa kerek. Al endi olay desek, birdey oylanıp uwayım-qayǵı menen júre alamız ba? Udayı qayǵıǵa jan shıday ma? Joq, men birdey qayǵırıp, uwayımlap júr demeymen. Qayǵıratuǵın nársege qayǵırdaǵı, sol qayǵıdan qutılatuǵın orınlı háreket islew, sonıń jolın tabıw kerek. Hárbir orınlı hárekettiń ózi de uwayım-qayǵını azaytadı, orınsız kúlki menen azaytpa, orınlı háreket penen azayt!

Shıǵar esigin tabalmay, uwayım-qayǵınıń ishine kirip qalıp, qamalıp qalıw — ol da bir ant urǵanlıq jáne hárbir jaman kisiniń háreketine kúlseń, oǵan ráhátlenip kúlme, ıza bolǵanlıqtan kúl, ızalı kúlkiniń ózi de — qayǵı. Onday kúlkige óziń de udayı berilmesseń, hárbir jaqsı adamnıń jaqsılıq tapqanına ráhátlenip kúlseń, onıń jaqsılıqtı jaqsı adam bolǵanı ushın tapqanın úlgi tutıp kúl. Hárbir ibrat alıwdıń ózi adamdı óz erkine jibermey waqtında toqtatadı. Kóp kúlkiniń bárin aytqanım joq, onıń ishinde bir kúlki bar-aw, jaratqan quday ornı menen ishten, kókirekten, júrekten shıqpaydı, qoldan jasalıp, sırtı menen bet awzın kelistirip, wahahanıń namasın sazlap, qızıq ushın kúletuǵın boyama kúlki.

Adam balası jılap tuwıladı, narazı bolıp urısıp óledi. Eki ortada bul dúnyanıń ráhátiniń qayda ekenin bilmey, birin-biri ańlıp, birine biri maqtanıp, ótken ómirdi eskeriwsiz, bosqa, jaman qılıq penen qor etip ótkeredi de, júrimi tawsılǵan waqıtta bir kúnlik ómirin barlıq dúnya-malına satıp alayın dese tabalmaydı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Quwlıq, hiylekerlikten dáme etiw, kóz súzip tilenip, adamnan dáme etiwi ónersiz iyttiń isi. Áweli qudayǵa sıyınıp, ekinshi óz ǵayratına súyenip, enbegińnen dáme et, miynet qılsań, qara jer de beredi, qurı qaldırmaydı.

* * *

Jas bala anadan tuwılǵanda eki túrli minez benen tuwıladı: birewi — ishsem, jesem, uyqılasam dep turadı. Bular tánniń qumarı, soları bolmasa tán janǵa miymanxana bolalmaydı, hám ózi óspeydi, kúsh-quwat tappaydı. Ekinshi minezi — bilsem eken dep turadı. Neni kórse soǵan talpınıp, jalt-jult etken nárse bolsa soǵan qızıǵıp, awzına salıp, dámin tatıp kórip tamaǵına, betine basıp qarap, kárnay-sırnay bolsa dawısına umtılıp, onnan erjetińkiregende iyt úrse de, mal shuwlasa da, birew kúlse de, birew jılasa da tura juwırıp, «Ol ne? Bul ne?» — dep «Ol nege óytedi?», «Bul nege búytedi dep», kózi kórgen, qulaǵı esitkenniń bárin sorap tınısh tappaydı. Bunıń bári — jan qumarı, bilsem eken, kórsem eken, úyrensem eken deydi de turadı.

Dúnyanıń kóringen hám kórinbegen sırın túwellep, eń bolmasa seze bilmese, onnan adamshılıq bolmaydı. Onı bilmegennen soń ol jan adam janı bolmay, haywan janı boladı. Ázelden qudaytala haywannıń janınan adamnıń janın iri etip jaratqan, bunısı tásirin kórseteyin dep jaratqanı. Kúshimiz jetpegen, aqıl-esimiz tolmaǵan bala waqtımızda «Bul ne, ol ne?» dep hárnárseden sorap bilsem eken degende uyqı, tamaq ta esimizden shıǵıp ketetuǵın qumarlıǵımızda erjetken soń, aqıl kirgende ornın tawıp izlenip, adamın tawıp sorap, ilim iyelegenlerdiń jolına nege jumsamaydı ekenbiz?

Sonday kúsh salıp, órisimizdi keńeytip, qumarlanıp jıynaǵan ǵáziynemizdi kóbeytiwimiz kerek, bul jan


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

azığı boladı. Tánnen jan artıq bolǵanı ushın tándi janǵa bas urǵızıw kerek. Biraq biz olay islemedik, ǵarǵaday ǵarqıldap-barqıldap, awıldan uzap kete almadıq. Jan bizdi jas waqtımızda biylep júr eken. Erjetkennen soń, kúshimizge tolǵannan soń oǵan biyletpedik. Jandı tánge bas urǵızdıq, hesh nársege kewil menen qaramadıq, kewildiń aytıp turǵanına da isenbedik. Kóz benen kórgen nárseniń sırtın kórip-aq toydıq. Sırı qalay boladı dep oylamadıq, onı bilmegen kisiniń nesi ketipti dedik. Birew aqıl aytsa: «Óz bilgeniń — ózińe, óz bilgenim — ózime», «Kisi aqılı menen bay bolǵansha óz aqılıń menen jarlı bol» degen, deymiz. «Way qudayım-ay, kim-kimnen artıq?!» deymiz, artıq ekenin bilmeymiz, aytıp tursa inanbaymız, uqpaymız.

Kókirekte sáwle joq, kewilde isenim joq. Tek kóz benen kóretuǵın biziń haywan maldan nemiz artıq? Qaytama bala kúnimizde jaqsı ekenbiz. Al házir haywannan da jamanbız. Hesh nárse bilmeymiz, sonda da bilemiz dep nadanlıǵımızdı bilimlilikten artıq sanap talasqanda, ólgen-tirilgen jerimizdi bilmey gúrre tamırımızdı juldırıp alamız.

1. Abay qashan hám qay jerde tuwıldı?
2. Onıń qanday aqıl-násiyat qosıqları bar?
3. «Abaydıń qara sózleri»nde ne haqqında aytıladı?

1. «Abaydıń qara sózleri»niń mazmunın túsinip alıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# RASUL GAMZATOV

(1923—2003)



Rasul Gamzatov Dağıstandağı kishkene ğana Avar eliniń perzenti. Ol 1923-jılı tuwıladı. Qosıq jazıwdı 13—14 jasınan baslaydı hám 16 jasınan baslap óz eliniń belgili shayırı dárejesine jetedi. R. Gamzatov 18 jasınan baslap oqıtıwshı, artist hám xabarshı sıpatında hár túrli tarawlarda jumıs isleydi. Shayırdıń birinshi kitabı 1943-jılı basılıp shığadı. Onıń jazğan shığarmaları jazılıwı menen orıs tiline awdarıla basladı hám rus tili arqalı dúnyanıń barlıq tillerine awdarıldı.

R. Gamzatovtıń «Taw qosığı», «Meniń qálbim tawlarda», «Meniń Dağıstanım», «Joqarı juldızlar», «Tuwılğan kúnim», «Tawlıqtıń Watanı», «Awıldan xat» sıyaqlı birneshe qosıqlar toplamı, bir qatar poemaları basılıp shıqtı.

## Balalıqtağı umıtılmas waqıya

Bala waqtımda ákemniń bir ret qattı urğanlığı yadımda. Jegen tayağımnıń dağı álleqashan pitip ketti, biraq ne ushın tayaq jegenligim keshegidey yadımda.

Azanda úyden shığıp, mektepke baraman dep kettimdağı, bir kósheden bir kóshege qıdırıp júrip, sol kúni mektepke jete almadım, sebebi, kóshe balaları menen asıq oynağan edim. Ağam mağan kitap satıp alarsań dep pul berip edi, sol puldıń barlığın asıqqa uttırdım. Oyınğa qızığıp oqıwdı da umıtıp ketippen. Keshke qaray pulım tawsılğannan keyin endi qayaqtan tiyin tapsam eken dep oyladım.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Oyınnıń qumarına berilip ketip eń sońǵı tiyinin uttırǵan adam: «áttegene-ay, taǵı bes tiyin tabılsa, báriniń esesin qaytarıp, pullarımdı qaytadan utıp alar edim. Bálkim, basqalardı da tıp-tıypıl etip utar edim» dep oylaydı ǵoy. Maǵan da, tap usı oy keldi, azǵantay tiyindi eplep tawsam boldı, utıp ketemen, dep oyladım.

Usı maqsette birge oynap atırǵan balalardan qarızǵa tiyin soray basladım. Biraq heshkimniń de maǵan qarız bergisi kelmedi. Mınaday ırım da bar: eger oyın ústinde utılǵan adamǵa qarız berseń, óziń de utılıp qalasań.

Sonda maǵan bir oy kelip úyme-úy kirip «erteń awılǵa palwanlar keledi eken, solarǵa aqsha jıynawdı maǵan tapsırıp edi»,—dep ayta basladım.

Bosaǵadan-bosaǵaǵa telmirgen iyttiń ne kórgen kúni bolsın? Oǵan ekiniń biri ya tayaq ılaqtıradı, ya súyek ılaqtıradı. Maǵan da sol iyttiń kúni tústi—birewi berse, ekinshisi quwıp saldı, shaması, maǵan aqsha bergenler tek meniń aǵamnıń atın sıylaǵanlıqtan ǵana bergen bolıwı kerek.

Degen menen awıldı aralap bolıp, tabısımdı esaplap kórsem — oyınǵa qaytadan kirisip ketiwge bolatuǵın bir nárse jıynalıp qalıptı. Biraq hárkimniń ǵarǵap bergen aqshaları da kópke barmay tawsıldı. Onıń ústine kúni menen oyın ústinde talay ret dizerlep, talay ret eńbeklep júriwge tuwra kelgenlikten, shalbarım jırtılıp, dizemniń ózi de qızıl shaqa bolıp qalǵan eken.

Sol kúni oqıwdan qaytatuǵın waqtımda úydiń ishi meni kútip, kelmegen soń qayaqqa joq bolıp ketti eken, dep zer-zebil bolıptı. Ájaǵalarımnıń meni izlep sergizdanı shıǵıptı.

«Erteń palwanlar keledi» degen meniń xabarımdı esitken awıl adamları da sózdiń anıǵın biliw ushın biziń úyge birinen soń biri kelip tınım bermepti. Qullası, meni qulaǵımnan uslap, úyge kiyatırǵan


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

waqıttıń ózinde-aq meniń kúni menen ne islep, ne qoyǵanım úydiń ishine álleqashan ayan eken.

Solay etip, ákemniń aldında, onıń húkimin kútiwime tuwra keldi. Dúnyada meniń ushın eń qorqınıshlısı da usı ákemniń aldında ayıplı bolıp turıw edi. Ol meniń basımnan ayaǵıma deyin qarap shıqtı. Qızıl shaqa bolǵan jalańash dizemniń isigi, jaydıń sınıq áyneginiń ornına tıǵıp qoyılǵan kópshiktey, shalbarımnıń jırtıǵınan shıǵıp ketipti.

— Mınaw ne?—dedi aǵam jay paraxat túrde.

— Bul dize,—dep juwap berdim men dizemniń tesigin alaqanım menen jasırıwǵa háreket qılıp.

— Dize ekeni durıs, biraq ol nege shalbarıńdı tesip dalaǵa shıǵıp ketken. Shalbarıńdı qayaqlarda júrip jırttıń, áne usını ayt?

Men shalbarımnıń jırtılǵanın tap házir ǵana kórgendey tańlanıp qaradım. Ótirikshi menen qorqaqtıń háreketi qızıq hám túsiniksiz boladı ǵoy: úlkenlerdiń barlıǵınıń biletuǵınlıǵın bilseń de, taysalaqlawdıń paydasız ekenligin túsinseń de, rasın aytıwdan taysalaqlap ne juwap qaytarıp atırǵanıńdı óziń de bilmey, áytewir bir nárselerdi bıljırıqlay bereseń.

Aǵamnıń dawısı qattıraq esitile basladı. Xojalıq basshısınıń minezin biletuǵın úydegiler maǵan kómeklespekshi bolıp edi, biraq ákem qolın bir siltep, olardı qaytarıp tasladı da:

— Solay etip, shalbardı qalay jırtıp aldım dediń? — dedi.

— Mektepte... shege ilip ketti...

— Qalay, qalay dediń? Taǵı bir qaytar...

— Shege ilip ketti.

— Qayaqta?

— Mektepte.

— Qashan?

— Búgin.

— Aǵam shappatı menen jaǵıma aldırıp jiberdi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

—Endi ayt. Shalbarımdı qalay jırttım dep ediń?

Men juwap bermedim. Aǵam ekinshi shekeme de jáne bir aldırdı.

—Endi ayt?

Men jılap jiberdim. Aǵam:

—Toqtat!—dep jekirindi de, qamshıǵa umtıldı. Men jılawdı qoya qoydım. Aǵam qamshısın uslap:

—Eger tap házir rasıńdı aytpasań, kóreseń,—dedi maǵan.

Ushında tastan túyini bar bul qamshınıń qanday ekenligin men jaqsı biletuǵın edim. Qamshınıń qáwpi shınlıqtıń qorqınıshın basıp kettidaǵı, men azannan baslap ne bolǵanın, qayda barǵanımnıń dımın qaldırmay aytıp berdim.

Sud ayaqlandı. Úsh kúnge shekem men ózime kele almadım. Mektepte de, úyde de ózimdi bir túrli qolaysız sezdim. Kewlim alaǵada. Men aǵam menen taǵı bir ret júzlesiwime tuwra keletuǵınlıǵın sezdim. Hátte, bul gáp tezirek pite qoysa bolar edi, dep tınıshsızlana basladım. Maǵan kútá awır kóringeni aǵamnıń meniń menen sóyleskisi kelmegeni boldı.

Úshinshi kúni ǵana inim maǵan aǵamnıń shaqırıp atırǵanın ayttı. Ol meni qasına otırǵızdı da basımnan sıypalap, meniń házir qalay oqıp júrgenligimdi soradı. Sonnan keyin tosattan:

—Seni men ne ushın urǵanımdı bileseń be?—dep soradı.

—Bilemen,—dedim.

—Seninshe, ne ushın?—dedi ol.

—Aqshalı oyın oynaǵanlıǵım ushın, — dedim men.

—Yaq, ol ushın emes. Bala waqtımızda bizlerdiń barlıǵımız da aqsha tigip oynadıq ǵoy. Men de oynadım, seniń ájaǵalarıń da oynadı.

—Shalbarımdı jırtqanım ushın.

—Yaq, shalbarıń ushın da emes. Bala waqtımızda, barlıǵımız da ya shalbarımızdı, ya kóylegimizdi jırtıp kelip júrdik ǵoy. Bir jaqsısı aman keletuǵın edik.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sen bárqulla bir sızıqtan shıqpaytuǵın qız emesseń.

—Mektepke barmaǵanım ushın.

—Álbette, bul seniń úlken qáteń. Seniń sol kúngi ayıbıń da sonnan baslandı. Bunıń ushın saǵan keyip qoyıw múmkin edi, eń arı barǵanda qulaǵıńdı burar edim. Men seni, balam, ótirik aytqanlıǵıń ushın urdım. Ótirik aytıw degen—ol bir retki qáte emes, tosınnan aytılǵan dálil emes, ol minezdiń túri, minezdiń belgisi hám onıń ádetke aynalıp ketiwi de múmkin. Bir retki ótirik seniń júregińe túsken eń qáwipli merez shóp. Eger sen onı waqtında júregińnen alıp taslamasań, onda ol seniń pútkil júregińdi qaplap ketedi daǵı, hadal tuqım ósetuǵın jer qaldırmaydı. Dúnyada ótirikten jaman, onnan qáwipli nárse joq. Onı quwıp ta jibere almaysań, urıp ta jıǵa almaysań. Endigiden bılay sen hámiyshe, shınlıqtı aytatuǵın bolasań. Qıysıq náldi—qıysıq nál, qumannıń qıysıq tutqasın—qıysıq tutqa, qıysıq aǵashtı—qıysıq aǵash deytuǵın bolasań túsindiń be sonı?

—Túsindim.

—Onda bara ber,—dedi ol jaypawsıp.

Bunnan bılay ómirimde heshqashan ótirik aytpaspan, dep ishimnen ant ettim. Onıń ústine men aǵamnıń minezin jaqsı biletuǵın edim. Men sózimde turmasam, onıń sózinde turatuǵının, aytqanın islep, meni qanshama jaqsı kórse de, óltirip taslaytuǵının bildim.

?

1. Bala ne sebep ákesine ótirik ayttı?
2. Mektepke barmay jolda neler isledi?
3. Balanı ne sebep ákesi urdı?
4. Balanı urǵanı durıs pa?
5. Bala qanday juwmaqqa keldi?


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SHÍŃǴÍS AYTMATOV

(1928 — 2008)



Shıńǵıs Aytmatov 1928-jılı 12-dekabrde Qırǵızstan Respublikasında tuwıldı. Ákesi Tórequl Qırǵızstannıń belgili mámleketlik hám jámiyetlik ǵayratkerlerinen boladı.

Sh. Aytmatov jaslıǵında mektepte oqıp júrip awılda xatker, salıq jıynawshı, brigada esapshısı bolıp isleydi. 1948-jılı Jambıl veterinariya texnikumın, 1953-jılı Qırǵızstan awıl xojalıq institutın tamamlaydı. 1956 — 1958-jılları Moskvadaǵı M.Gorkiy atındaǵı jáhán ádebiyatı institutında bilim aladı.

Sh. Aytmatov texnikum hám institutta oqıp júrip prozalıq shıǵarmalar jazıw menen shuǵıllanadı. Jazıwshı 1950-jılları turmıslıq waqıyalardıń mashqalalarına baylanıslı kóplegen maqalalar, gúrrińler hám ocherkler jazdı. Ásirese, «Betpe-bet», «Jamiyla» povestleri menen dúnyaǵa tanıldı.

Sh. Aytmatovtıń qáleminen «Ana jer, ana», «Razı bol, Gúlsarı», «Aq keme», «Ásirge tatırlıq kún», «Shıńǵıs xannıń aq bultı», «Jan aǵashı», «Tawlar qulaǵanda» sıyaqlı povest hám romanlar dóredi.

## Aq keme

(*Povestten úzindi*)

Onıń eki qıylı ertegi bar edi. Birewi óziniki, bul ertekti ózinen basqa heshkim bilmeydi. Ekinshisin oǵan atası aytıp bergen edi. Sońında bul erteklerden nárse de qalmadı. Gáptiń baǵdarı mine usılar tuwralı boladı.

Sol jılı ol jetisin toltırıp, segizge qaraǵan edi. Dáslep oǵan arnap portfel satıp alındı. Qara derman-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tinnen tigilgen bul portfeldiń ashılıp jabılǵanda shırt etetuǵın jıltırawıq temirden islengen qulpı bar edi. Oǵan qosımsha mayda zatlar salatuǵın qaltası da bar. Bir sóz benen sıpatlanǵanda qádimgi mektepke alıp baratuǵın oqıwshınıń portfeli. Hámme nárse áne usınnan baslanadı.

Atası bul portfeldi kóshpeli avtolavkadan satıp alǵan edi. Tawdaǵı sharwalar ushın kerekli tawarlardı alıp júretuǵın avtolavka, San-Tash ańǵarında otırǵan bajbannıń úylerine hárdayım qayrılıp ótetuǵın edi.

Tap usı jerdegi úylerden baslap, ańǵardıń baǵdarı menen tawǵa qaray sozılıp ketetuǵın qorıq toǵay baslanadı. Ol jerde tek bolǵanı úsh xojalıq bar edi. Sonda da avtolavka anda-sanda bul úylerdiń tusında irkilip ótedi.

Úsh úydiń arasındaǵı jalǵız bala bolǵan bul avtolavkanıń kiyatırǵanın hárdayım eń dáslep kóredi de:

— Kiyatır! — dep baqıradı ol úylerdiń aynasınıń aldına haplıǵıp juwırıp kelip. Dúkan mashina kiyatır.

Íssıq kóldiń erneginen baslanatuǵın bul arba jol taslardıń arasındaǵı qazǵanaq ańǵardı boylap, dáryanı jaǵalap keletuǵın edi. Bunday joldan júriw áneyi mashaqat emes. Qarawıl tawǵa jetkennen keyin, jol janbawırdaǵı tar ótkellerdiń ultanı menen joqarı kóterilip, onnan soń kóp waqıtqa deyin aylanbalı, shóp shıqpaǵan jalańash túserlik penen bajbannıń úylerine kelip tireledi. Qarawıl tawlı úylerge júdá jaqın bolǵanlıqtan kishkene bala jaz shıǵıwdan-aq hár kúni taw betke shapqılap ketip, dúrmiyin arqalı kólge qarap otıratuǵın edi. Joldıń jaǵasındaǵı onıń otırǵan jerinen hámme nárse, meyli atlı, meyli piyada, meyli mashina bolsın bári de alaqanında turǵanday bolıp kórinedi.

Bir saparı jazdıń ıssı kúniniń birinde bala ózine arnalǵan tas qorshawdıń ishinde shomılıp atırǵanda,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

janbawırdaǵı jol menen shańǵıtıp kiyatırǵan mashinanı tap usı jerde turıp onıń kózi shalıp qaldı. Oǵan bul qorshawdı dáryanıń jaypawıtlaw jerindegi erneginen ǵana, atası tastan órip dúzetip bergen edi. Kim biledi deysiz, usı tastan órilgen qorshaw bolmaǵanda, bálki bul bala álleqashan suwǵa ketip ólgen bolar edi. Hátte, kempir apasınıń aytıwına qaraǵanda dáryanıń pátli aǵısı onıń súyegin álleqashan Íssıq kólge ıǵızıp ketip, ol jerde bunıń denesiniń balıqlar menen basqa da báleqadalarǵa jemtik bolatuǵın reti bar eken. Eger sonday bolıp qalǵan jaǵdayda, bul balanıń súyegin izlep, suwǵa túsip, heshkimniń janı ashıp qayǵırmas ta edi, sebebi, onıń heshkimge keregi joq. Házirshe onday hádiyse de bolǵan joq. Biraq bolıp qalǵan jaǵdayda múmkin mına kempirdiń onı qutqarıw ushın shınında da bası aylanbas edi. Óytkeni, bul kempir balanıń janashırı emes ǵoy, aqırı. Kempir bolsa bunı shetletip, ógeydiń atı ógey dá, qalay kóz-qulaq bolıp júrseń de bári bir ógeyligine tarta beredi. Óytkeni, ol ógey... Al, eger onıń ógey bolǵısı kelmese ne qılasań? Ne sebepten onıń kelgindi-ógey bolıwı kerek eken? Múmkin, bala emes, al kempirdiń ózi kelgindi shıǵar?

Meyli, bul jónindegi gápti keyninen aytarmız. Atasınıń oǵan shomılıw ushın islep bergen tas qorshawı tuwralı da sońınan gáp etemiz.

Sol saparı ol tawdan túsip, izinde uzın-shubay shań qaldırıp kiyatırǵan avtolavkanı kórgen edi. Sonlıqtan, ol ózine portfel satıp alınatuǵının anıq bilgendey bolıp quwanıp ketti. Ol suwdan dárhal atılıp shıqtı da, ıshtanınıń beldemesin jip-jińishke beline shala-pula ildirip aldı da, dáryanıń suwınıń suwıqlıǵınıń saldarınan kógerip turǵanına qaramastan, ústi-basınıń suwı sorǵalap, soqpaq penen úyler tárepke juwırıp ketti. Sebebi, onıń avtolavkanıń kiyatırǵanın hámmeden burın xabarlaǵısı kelgen edi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bala aldınan shıqqan gez kelgen putalardıń ústinen sekirip shıbınday ushıp otırdı. Ústinen asırılıp sekire almaytuǵın taslardan aylanıp ótti. Ol ózi jaqsı kóretuǵın biyik shóplerdiń de, taslardıń da ózi ushın ápiwayı nárseler emes ekenin bilse de, olardıń janında bir sekund irkilip turmadı. Olardıń da narazı bolıp, ayaǵına oraw bolıwı múmkin edi. Sonlıqtan bala pát penen juwırıp kiyatırıp, «Shógip atırǵan túye»niń tusına kelgende: — (ol túyeniń órkeshine usap, bir jaǵı jerge kirip ketken tarǵıl granit tastı usılay ataytuǵın edi) «Dúkan-mashina kiyatır. Men sońınan aylanıp kelemen» — dedi ishinen oǵan bir qarap. Bul saparı onıń burınǵıday bolıp túye órkeshin sıypalap, marapat berip turatuǵın waqtı joq edi. Sonlıqtan, ol atasınıń quyrıǵı gúzelip, pishtirilgen atqa onsha kewil bólmegendey etip, sen toqtap tur ele, mına jaqta ońǵıs jumıs bar degen mánide túyeniń iyesi qusap marapatlap tusınan ótip ketti. Jartısı qara, jartısı aq «Er» — dep atalatuǵın onıń taǵı bir tası bar edi. Shubar ala bolıp dónip turǵan bul tastıń ústi tap attıń erinen aynımay qalǵan, hátte, oǵan atqa mingendey bolıp gárdiyip otırıwǵa da boladı. «Qasqır» degen taǵı bir tas bar edi. Bul da tap qasqırdan aynımaydı. Ózi aqshıl, kógis súr bolıp, gújireygen jelkesi menen dúńkiygen mańlayı birotala kelisip qalǵan. Bala oǵan hárdayım jaqınlaǵanda jer bawırlap buqqı taslap, onı atıp taslaytuǵınday gózlep turatuǵın edi. Onıń eń jaqsı kóretuǵın taǵı bir tası «Tank». Jeńiliwdiń ne ekenin bilmey tankke uqsap háńkiyip turǵan bul tas dáryanıń ǵırra erneginde suwǵa tiyip tur edi. Sál-pál sabır etip qarap tursań, ol tap seniń kóz aldıńda dáryanıń erneginen gúmbir-sambır etip, aq kóbik shashıratıp suwǵa túsip ketetuǵınday aybatlı bolıp ketedi. Kinodaǵı tanklerde tap usınday boladı. Olar aldında ne turǵanın pisent etpesten, suwǵa da kiyip kete beredi. Bala kinofilmlerge siyrek baratuǵın


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolǵanlıqtan, kórgenlerin yadında bekkem saqlap, umıtpaytuǵın edi. Sebebi, atası onı tawdıń arjaǵındaǵı qońsılas shegarada jaylasqan sovxozdıń plemfermasında bolatuǵın kinoǵa hárdayım aparadı. Sonlıqtan balanıń qıyalında dáryadan julqınıp ótiwge tayar turǵan «Tank» payda bolǵan edi. Bul waqıtta quyash batısqa, kól tárepke eńkeyip batıwǵa shamalasqan edi. Átirap qońır salqın tarta basladı. Shıńlardıń kúnshıǵar tárepinde dáslepki qısqa kóleńkeler payda boldı. Endi kún eńkeygen sayın, kóleńkeler jer bawırlap uzayıp, tawlardıń bawırına qaray tırmasa beredi. Kúnniń tap usınday bolıp turǵan máhálinde Íssıq kólde qádimgi aq keme kórinetuǵın edi.

Bala dúrmiyindi eń alıstan kórinetuǵın etip baǵdarladı da, demin ishine tartıp qaldı. Áne ol! Tuwrı aldında Íssıq kóldiń kógis qoynında júzip baratırǵan aq keme kóriniwden-aq, hámme qolaysızlıqlar birden umıtılıp ketti. Júzip baratır. Qúdiretli uzın trubalarınıń sulıwın aytpaysań ba! Ol tap tep-tegis bolıp tuwrı hám bir qálipte júzip baratır. Bala dúrmiyinniń aynasın kóyleginiń etegi menen asıǵıp súrtip, okulyarın taǵı baǵdarladı. Keme súlderi burınǵıdan da anıq kórinedi. Endi onıń tolqında qalay shayqalǵanın, hátte artında sozılıp qalıp baratırǵan appaq izin de kóriw múmkin edi. Bala aq kemeden kózin ayırmay shad bolıp maqtanısh penen qaray basladı. Eger onıń erkinde bolǵanda, ol aq kemede júzip júrgen adamlardı kóriw imkaniyatına erisiw ushın onı jaqın jerden júzdirer edi. Biraq, keme balanıń bul qıyalların bilmeytuǵın edi. Ol áste aqırın hám úlken mártebe menen qaydan shıqqanı belgisiz bolǵanı sıyaqlı, qayda baratuǵını da balaǵa belgisiz bolıp júzip kete berdi.

Kemeniń qalay júzip baratırǵanlıǵı kóp waqıtqa deyin kórinip turdı. Balada óziniń qalayınsha balıqqa


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

aylanıp, dárya arqalı aq kemege qalay júzip barǵısı keletuǵını haqqında kóp waqıt oylandı.

Bir saparı ol Qarawıl tawınıń ústinen shıǵıp kógis dóngen Íssıq kólde aq kemeniń júzip baratırǵanın birinshi ret kórgende, onıń júregi gózzal kórinisten zawıqlanıp, sháwkildep Íssıq kól matrosı, yaǵnıy ákesin tap usı kemede isleydi degen sheshimge kelgen edi. Balanıń buǵan isengeniniń mánisi, ákesin oǵada kórgisi kelgen edi.

Ol ákesin de, anasın da bilmeydi. Sebebi, bala olardı heshqashan da kórgen emes. Olardıń heshbirewi balam bar eken-aw, dep bunı kelip te kórgen emes. Biraq bala ákesiniń Íssıq kóldegi kemelerdiń birinde matros bolıp isleytuǵınınan xabarı bar edi. Anası bolsa ákesi menen ayırılısıp, balasın atasına qaldırıp qalaǵa ketip qalǵan. Qalayınsha ketken bolsa solayınsha artına aylanbadı. Ketkende de alıstaǵı tawlardıń arjaǵındaǵı kólden de, arıdaǵı tawlardan da asıp ketken.

Mómin ǵarrı bir saparı sol qalaǵa kartoshka satıwǵa barıp bir háptege deyin joq bolıp ketti. Qaytıp kelgennen keyin shay iship otırǵanda, Bekey menen kempirine óziniń qızı, yaǵnıy balanıń anasın kórgenligin aytıp berdi. Ol qanday da bir úlken fabrikada mashınshı bolıp isleydi eken. Birewge basın shatıp jańadan xojalıq bolıptı. Eki qızlı bolǵan, olardı háptede bir kóretuǵın balalar baqshasına tapsırıptı. Jayınıń sırtqı turpatı úlken bolǵanı menen biraq, qızınıń xojalıǵı adam zorǵa aylanatuǵın tar ójirege ornalasqan eken. Qońsıları tap shar bazardaǵıday bir-birin tanımaytuǵın qusaydı. Sonda da, áytewir eplep kúneltip wotırǵan. Úyine kelgennen soń qapını dárhal ishten ildirip aladı eken, tap qápestegidey. Mudamı sóytip qamawda otıratuǵın kórinedi. Qızınıń kúyewi kóshelerdegi adamlardı avtobusqa mindirip aydaytuǵın shofyor eken. Azangı saat tórtte ketip, túnde qaytıp


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

keledi. Ańsat jumıs emes qusaydı. Qızı biyshara kem kewillenip jılap ákesinen qayta-qayta keshirim soraptı. Jańadan kvartira alıwınıń reti kelip turǵan eken, biraq qashan alatuǵını námálim. Eger mına kúyewi qabaǵın shıtpaytuǵın bolsa, jańa kvartiralı bolǵannan keyin balasın óz qolına alatuǵın niyetin aytıptı. Sonlıqtan ol ákesi Móminge bala úyinde bola tursın dep ótinish etipti.

Mómin ǵarrı oǵan: «Bul jóninen ǵam jeme, bárinen de beter mına kúyewiń menen urısıp-qaǵıspay ońısıq etseń basqasınıń ilajı bolar depti. Meyli, bala qańǵırmay-aq qoysın. Ózim tiri júrsem balanı heshkimge bermeymen. Jazatayım is bolıp ólip ketkendey bolsam, aldın alla ashsın, tiri bende óziniń jolın tabar» — dep qızınıń kewlin alıptı. Ǵarrınıń bul gápin esitip otırǵanda, Bekey apay menen kempir suwıq demlerin alıp, hátte birge qamsıǵıp kózlerine jas aldı.

Tap sol saparı shay iship otırǵanda, olar balanıń ákesi tuwralı da gáp qozǵaǵan edi. Ǵarrınıń birewlerden esitiwine qaraǵanda, burınǵı kúyew balası, yaǵnıy balanıń ákesi qanday da bir kemede ele matros bolıp islep júrgen qusaydı. Ol da qaytadan xojalıq bolıp, eki me úsh pe balalı bolıptı, úyi jaǵısqa jaqın deydi. Araq ishkendi de qoyıptı. Jańadan alǵan hayalı hárdayım balaların izine ertip onı kútip alıw ushın jaǵısta turadı eken. Olardıń kútip júrgeni qádimgi usı keme dep oyladı bala ishinen.

Al, keme bolsa áste-aqırın jıljıp alıslay basladı. Ózi aq hám uzın keme tur Basınan tútin buwdaqlatıp, kógis tartqan kól betinde sızılıp baratırǵanday, biraq balıqqa aylanıp ózine júzip keletuǵın bul balanı bilmey kete berdi.

Bala qalayınsha balıqqa aylanıp ketsem eken dep qıyal etti. Onıń pikirinshe, hámme tulǵası balıq bolıwı kerek: denesi, quyrıǵı qalashı, qabırshaǵı da.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tek ǵana tikireygen qulaǵı menen qırshılǵan murnı hám bası jińishke moynına ilinip, óziniń ornında qalsa boldı. Kózi de qanday bolsa sol qálpinde tursa. Álbette, tap házirgidey emes biraq balıqtıń qaraǵanınday bolsa. Balanıń kirpikleri, tap baspaqtıń kirpiklerindey up-uzın edi. Sonlıqtan ba, geyde olar ilinisip qaladı. Al Gúljamal bolsa, áne seniń usı kirpikleriń meniń qızımda bolǵanda gózzal bolıp erjeter edi dey beredi. Oǵan gózzal qız bolıwdıń yamasa balaǵa sulıw jigit bolıwdıń ne keregi bar? Bul oǵada kerekli! Bala óziniń kózleriniń sulıw ekenin elestirgeni menen biraq, oǵan suwdıń astında júrgende qaraytuǵın qolaylı kóz kerek.

?

1. Sh.Aytmatov qaysı shıǵarmaları arqalı dúnyaǵa tanıldı?
2. Bala ne ushın aq kemeniń keliwin intizarlıq penen kúter edi?
3. Mómin ǵarrı Bekeyge anası haqqında qanday xabar ákeldi?

1. Povestti oqıp, mazmunın sóylep berin.
2. Shıǵarma mazmunı boyınsha súwret salıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ZULFIYA

## (1915— 1996)



Zulfiya Israilova házirgi zaman ózbek ádebiyatınıń eń iri wákilleriniń biri. Shayıranıń dóretiwshiligi oǵada keń hám kórkemlik jaqtan jetilisken, yoshlı shıǵarmalardan ibarat. Onıń qosıqları lirikalıq tuyǵılarǵa, ráńbáreń súwretlewlerge, ájayıp obrazlarǵa bay bolıp dóretiledi.

Zulfiya 1915-jılı 1-martta Tashkent qalasında ónerment xojalıǵında dúnyaǵa keledi.

Mektepti hám joqarı oqıw ornın pitkergennen keyin A. S. Pushkin atındaǵı til hám ádebiyat institutında aspiranturada oqıydı. Keyin «Ózbekistan» mámleketlik baspasında, Ózbekistan Jazıwshılar awqamında, gazeta, jurnallarda isledi. Ol uzaq jıllar dawamında «Saodat» jurnalınıń bas redaktorı bolıp xızmet etti.

Zulfiya jámiyetlik isker sıpatında respublikalıq mádeniyat isine de belsene qatnastı. Sonlıqtan da oǵan burınǵı awqamnıń birqansha mámleketlik sıylıqları berildi.

Ózbekistan xalıq shayırası degen eń joqarı ataqqa da iye boldı. Zulfiya on úsh — on tórt jaslarınan baslap qosıq jaza baslaǵan. Onıń qosıqları 1930-jıldan baslap basılıp shıǵa baslaydı.

1932-jılı jas shayıranıń «Hayot varaqlari» degen atamada birinshi kitabı basılıp shıǵadı.

Sońınan shayıranıń hár qıylı jıllarda «Hulkar», «Men tańdı jırlayman», «Doslar menen sáwbeti», «Lirika», «Júregime jaqın adamlar», «Gúllerim», «Dástanlar», «Kamalak» sıyaqlı onlaǵan kitapları baspadan shıqtı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Zulfiya qosıq janrı menen birge ocherk hám publicistikalıq shıǵarmalar da jazdı. Tuwısqan xalıqlardıń shıǵarmaların ózbek tiline awdardı.

## Ulım, sirá urıs bolmaydı

Báhár keldi. Jadırap kún,
Qarlıǵashlar qalqıp ushtı.
Uyqılap atırǵan ulımnıń,
Lábi ústine saya tústi.

Álle nege tınıshsızlanıp,
Qaray berdim men balama...
Ómirdi ol eplep tanıp,
Eseymekte jańa ǵana.

Boyǵa házir mennen asar,
Kóksine bas qoya alaman.
Ákesiniń ornın basar,
Jigerbentim, bolǵay aman.

Súyikli yar salǵan jayda
Óser onıń jádigeri.
Quwanar edi-aw, balam, ol da.
Kórse házir ákeń seni.

Zalım urıs! Atıń óshsin!
Sen sebepli kewil jara.
Kóp úylerde sen sebepli,
«Áke» sózin bilmes bala.

«Áke» sózin julıp aldıń,
Nárosteniń tilinen sen.
Ele de jaqsı, watanı bar.
Onı jetimsiretpegen.

Ana bolıp asırap men,
Áke bolıp jolǵa saldım,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mine, elge ul ósirgen,
Bir dáwletli bolıp qaldım.

Tógilgenim qayta tolıp,
Kemis kewlim pitti jáne.
Súyenerge tawım bolıp,
Ósip atır ulım, mine.

Men anaman, meniń janım,
Perzent demi menen jasar.
Urıs dese, suwıp qanım,
Geyde kózden uyqı qashar.

Joq! Urıstıń óshkey atı,
Bala dárkar ómir ushın.
Bala-baxtımnıń qanatı,
Bolar ma qanatsız ushıp?

Qarlıǵashtıń qanatınıń
Sayasınan basqa saya,
Uyqıdaǵı nárésteniń
Ústine túspegey sirá.

Jeter endi, analardıń,
Kewlin daǵlap, qorqıtıwlar!
Tilegi sol xalıqlardıń,
Urıs dese, denem juwlar.

Kókirek súti, miynet penen,
Biz turmısqa beremiz jan,
Shıqsa analar ǵázep penen,
Urıs bolmaydı, ulım, haslan!

?

1. Zulfiya shayıranıń ómiri hám atqarǵan xızmetleri haqqında nelerdi bilesiz? Shayır «Ulım, sirá urıs bolmaydı» qosıǵında nelerdi aytqan?
2. «Zulfiya» atındaǵı sıylıq hám onıń laureatları haqqında ózlerińiz maǵlıwmat jıynań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MUHAMMED YUSUP

## (1954 — 2001)



Ózbekistan xalıq shayırı Muhammed Yusup 1954-jılı Ándijan wálatı Marhamat rayonındaǵı Qawınshı awılında tuwılǵan. Ol Tashkenttegi Rus tili hám ádebiyatı institutında bilim alǵan.

Muhammed Yusup jámiyetshilikke talantlı lirik shayır sıpatında tanıldı. Ol tań qalarlıq obrazlarǵa tolı poemalardıń avtorı edi. Shayır óziniń dóretiwshilik miynet jolında birqansha poeziyalıq toplamların shıǵardı. Atap aytqanda «Tanıs terekler» (1985), «Búlbilge bir gápim bar» (1989), «Íshqı kemesi» (1981), «Aspanıma alıp ketemen», «Ózińnen kúymesin xalqım» poeziyalıq kitapları, 2001 — 2002-jılları «Tańlamalı shıǵarmaları» jıynaǵı basılıp shıqtı.

Muhammed Yusup ózbek ádebiyatın rawajlandırıwdaǵı miynetleri ushın 1996-jılı «Doslıq» ordeni, 1998-jılı Ózbekistan xalıq shayırı húrmetli ataǵı menen sıylıqlandı.

## Watanım

Men dúnyanı ne qıldım,
Óziń jarıq jáhánim.
Ózim hákim,
Ózim sultan,
Sen taxtı Sulaymanım,
Jalǵızım, jekkem deyin be,
Sıyınǵan káramatım,
Ullılardıń ullısı,
Biyigimseń, Watanım...


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shadlıǵımsań, ǵumsha jarıp,
Urqan atqan izimde,
Qapalansam, jubatıp,
Júzińdi basıp júzime.
Qarındasım deyin be,
Anam deyin be,
Sherik dártlesim deyin be,
Áptaptan da mehriń ıssı
Jılıwımsań, Watanım.

Sen Máshrepseń,
Tumar bolǵan xalıqta,
Darǵa asılǵan Balxta,
Nawayısań shax janında,
Kámbaǵaldı qollaǵan,
Yassawiyseń «meniki» dep
Jurt talasıp, dawa qılǵan,
Mıń da bir sırı ashılmaǵan,
Meniń sırlı jáhánim,
Qorıǵımsań, Watanım.

Sen Xojentseń,
Shıńǵıs xanǵa,
Dárwazasın ashpaǵan,
Temur Málik izi menen
Sırdáryadan atlaǵan,
Muqannasań qarashıǵı
Jalınlarǵa shashıraǵan,
Shıraqlardı kórgen shopan
Shólligimseń, Watanım.

Kim Qashqardı áylep makán,
Kim Enisey tamanda,
Jalalatdiyin — Kurdistanda,
Baburıń — Hindstanda,
«Bul qanday shermendelik» dep,


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jatarlar zimistanda,
Tarqap ketken toqsan atlı
Tuqımımsań, Watanım...

Ulım deyseń aspanǵa,
Ǵıyrat bolıp usharman,
Jat jurtlarda Alpamısqa,
Nóker bolıp bararman,
Qorǵap nákas perzentten
Ulıǵbekti qusharman.
Ǵarsh-ǵarsh etken tisimdegi
Suwlıǵımsań, Watanım...

«Ótken kúniń — ótken kún,
Óz basıńa jetken kún»,
Qádiriydi bergen jer,
Qádiriydi satqan kún.
Qolın baylap,
Júregin daǵlap,
Jeteklesip ketken kún,
Wah, balam! — dep aytalmaǵan
Tutlıqpamsań, Watanım.

Qaptalıńda qan jılaǵan,
Shayırıńa qarasesh,
Qoqand betke jolıń tússe,
Detdomlardan sorasesh!
Hesh bolmasa Usman topıraǵınan,
Ákelmekke jarasesh?
Alıslarda qurǵap qalǵan,
Qudıǵımsań, Watanım...

Shaqaları aspanǵa
Tiyip turǵan shınarım,
Ata desem,
Ulım — dep bas


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Iyip turǵan shınarım,
Kókiregimde maqtanıshım,
Moynımdaǵı tumarım,
Meniń ushın ullılardıń
Ullısısań, Watanım!

1.«Watanım» qosıǵında tuwılǵan jerge, watanǵa súyispenshilik, qalay berilgen?
2. Shayır óziniń ishki sezimlerin qosıqta qalay súwretlegen?

1. Qosıqtı tásirli oqıp, óz sózlerińiz benen mazmunın sóylep beriń.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNÍ

Kirisiw ........ 5

## Xalıq awızeki dóretpeleri

Xalıq awızeki dóretpeleri haqqında túsinik ........ 6
Salt-dástúr jırları haqqında túsinik ........ 8
Bádik ........ 11
Gúlapsan ........ 12
Yaramazan ........ 12
Joqlaw ........ 13
Háwjar ........ 13
Sıńsıw ........ 14
Toy baslaw ........ 15
Bet ashar ........ 15
Besik jırı ........ 18

## Qaraqalpaq xalıq qosıqları

Aǵları ........ 19
Qızlar úyge kir ........ 20
Qaraqalpaq ........ 20
Xalıq ráwiyatları ........ 21
Maman biy ........ 23
Erejep biy ........ 24
Turım biy ........ 26
Dástanlar haqqında túsinik ........ 28
«Alpamıs» dástanı ........ 29
Alpamıs ........ 32
«Sháryar» dástanı ........ 62
Sháryar ........ 65

## Ádebiyat teoriyasınan maǵlıwmat

Qaharmanlıq dástanlar haqqında ........ 96
Giperbola hám litota haqqında túsinik ........ 96

## Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı

Asan qayǵı ........ 98
Xalıq qáytip kún kórer ........ 100
El qádirin ne bilsin ........ 100



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### XVIII ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı

Jiyen Amanlıq ulı ........ 102
Xosh bolıń doslar ........ 104
Áy jigitler, jigitler ........ 107

### XIX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı

Ájiniyaz Qosıbay ulı ........ 110
Ellerim bardı ........ 110
Bozataw ........ 112
Berdaq Ǵarǵabay ulı ........ 114
Salıq ........ 116
Amangeldi (*tariyxıy dástan*) ........ 118

### XX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı

Seyfulǵabit Májitov ........ 122
Oqıǵan bala ........ 123
Kúlmegeysiz ǵarrıǵa ........ 124
Abbaz Dabılov ........ 125
Námárt jigit nege dárkar? ........ 125
Báhár ........ 126
Sadıq Nurımbetov ........ 128
Ana ........ 128
Perzentim ........ 129
Miywe hám japıraq ........ 130
Balon hám kirpi ........ 131

### Ádebiyat teoriyası

Kórkem shıǵarmanıń teması ........ 131
Kórkem shıǵarmanıń tili ........ 133
Nájim Dáwqaraev ........ 134
Internatta ........ 134
Izbasar Fazılov ........ 147
Qara qoy ........ 148
Men súyemen watan seni ........ 150
Mırzaǵaliy Dáribaev ........ 151
Mıńlardıń biri ........ 151
Tilewbergen Jumamuratov ........ 156
Qásiyetli gáwhar tas hám aqıllı shopan haqqında
ertek (*úzindi*) ........ 156



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ádebiyat teoriyası. Jazba ádebiyattaǵı ertek .......... 179
Ótegen Ayjanov .......... 180
Aral qushaǵında .......... 180
Ibrayım Yusupov .......... 188
Ana tilime .......... 188
Kúnshıǵıs jolawshısına .......... 190
Poshsha torǵayǵa .......... 191
Shógirme .......... 192
Tólepbergen Qayıpbergenov .......... 193
Qaraqalpaqnama .......... 194
Ádenbay Tájimuratov .......... 196
Sen sulıw .......... 196
Shaǵala .......... 197
Uzaqbay Pirjanov .......... 198
Qaraqalpaqpan .......... 199
Men tuwılǵan jerde .......... 200
Qarlıǵash .......... 201
Shawdırbay Seytov .......... 202
Qaytarıp ber meniń Ámiwdáryamdı .......... 202
Tolıbay Qabulov .......... 204
Álem ibrat alar hayal-qızlardan .......... 204
Qanday jaqsı .......... 206

## Kúnshıǵıs gáziynesinen

Zahiriddin Muxammed Babur .......... 207
Baburnama .......... 208

## Tuwısqan xalıqlar ádebiyatınan

Maqtımqulı .......... 210
Bolarsań .......... 210
Dáwran tabılmas .......... 211
Abay Qunanbaev .......... 212
Abaydıń qara sózleri .......... 212
Rasul Gamzatov .......... 216
Balalıqtaǵı umıtılmas waqıya .......... 216
Shıńǵıs Aytmatov .......... 221
Aq keme .......... 221
Zulfiya .......... 229
Ulım, sirá urıs bolmaydı .......... 230
Muhammed Yusup .......... 232
Watanım .......... 232


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**K. Palımbetov, P. Allashov**

# ÁDEBIYAT

6-klass ushın

*(sabaqlıq-xrestomatiya)*

«BILIM» baspası

Nókis—2017

Redaktorı *U. Yusupova*
Kórk.redaktorı *I. Serjanov*
Tex.redaktorı *Z. Allamuratov*
Operatorı *A. Ataǵullaeva*

**Licenziya: Al № 108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.**

Basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 19.06.2017-j. Formatı 60x90 1/16. «Times KRKP» garniturası. Ofset baspa usılında basıldı. Kegl 12. Kólemi 15,0 baspa tabaq. 15,9 esap baspa tabaq. Nusqası 12406 dana. Buyırtpa .

«Bilim» baspası, 230100. Nókis qalası. Qaraqalpaqstan kóshesi,9.

«O'zbekiston» baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyı.
Tashkent, Nawayı kóshesi, 30.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetetuǵın keste

| № | Oqıwshınıń atı ákesiniń atı | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı

| | |
|---|---|
| Jańa | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı |
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar. Jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaat-landırarlı | Muqaba jelingen, bir qansha sızılıp, shetleri qayrılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betleri qayta jelimlengen, ayırım betlerine sızılǵan. |
| Qanaat-lanarsız | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklew múmkin emes. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE